1) Сувæллæнттæ цудæнцæ къласмæ дугæйттæй æма бадгæ дæр кодтонцæ дугæйттæй. 2) Скъоладзаутæ исаразтонцæ фæйнæ дууæ гъудиади. 3) Дада сувæллæнттæн равардта фæйнæ фæткъуй. 4) Гадзо араех садæй æма-еу кустмæ æртигай, æвдгай бонтæ нæ рацудæй. 5) Гардан æма мин Хадо фæйнæ фондз соми равардтонцæ.

☝**Необходимо знать:** если разделительные числительные с суффиксом ***-гай*** можно употребить в самых различных ситуациях, то функционирование числительного ***фæйнæ*** ограничено.

Так, если можно сказать: ***Гардан æма мин Хадо фæйнæ фондз соми равардтонцæ.*** ‘*Гардан и Хадо дали мне по пять рублей (каждый)*’, то нельзя сказать: ***Гардан мин фæйнæ фондз соми равардта.*** Букв.: ‘*Гардан мне дал по пять рублей (каждый)*’. В данном случае правильнее будет сказать: ***Гардан мин фæндзгай сомтæй равардта.*** ‘*Гардан*

мне дал по пять рублей (т.е. пятирублевками)’ или ***Гардан нин фæйнæ фондз соми равардта.*** ‘*Гардан нам дал по пять рублей (каждому)*’.

8. Переведите следующие предложения на русский язык:

1) Нæ куй еу цалдæр боней фæсте æрбацудæй хæдзарæмæ. 2) Артур Маратмæ еуцæйбæрцæдæр фенгъæлмæ кастæй тургъи. 3) Зæронд лæг еуминкъий рабадуй, уæдта бабæй косунмæ бавналуй. 4) Еу минкъий мæмæ уæддæр фæлæуудтайсæ. 5) Сабати уæмæ изæрæй еу авд сахаттебæл зиндзæнæн.

УРОК 32

УЧИМСЯ ВЕСТИ БЕСЕДУ

Фæндагбæл / *По дороге*

– Нæ байрæги кæндзинан?

– Куд нæ! Сахат лæууæн, маршруткæ ба нæ ма ес.

– Ма тухсетæ, нæ байрæги кæндзинан. Рæстæг ма нин еу сахати ’рдæг ес.

– Æма сахати ’рдæгмæ центрæй горæти кæронмæ бахъæртдзинан?

– Сахати ’рдæгмæ Дигорамæ дæр ма нихъхъæртдзинан.

– Е маршруткæ афонадæбæл ку ’рбацæуа, уæд.

– Хæдæгай, уæртæ нæ маршруткæ дæр æрбацæуй.

Фæскуст / *После работы*

– Кумæ цæуис?

– Хæдзарæмæ. Ду ба?

– Нæ зонун, исон сабат æй, æма, зæгъун, ескумæ бал ракæсæн.

– Хуарз гъуди æй е. Æма дæ кумæ фæндуй?

– Цæуæн, паркмæ бал цæуæн, еу минкъий рауозер кæнæн Терки билæбæл.

– Цæуæн.

Словарь к текстам

байрæги кæнун – опоздать
афойнадæбæл – вовремя
тухсун – беспокоиться
бахъæртдзинан – доберемся
ескумæ – куда-нибудь
хæдæгай – кстати
рауозер кæнун – прогуляться
хуарз гъуди – хорошая мысль

СОЮЗЫ

По своей структуре союзы бывают простыми и сложными (составными):

– **простые союзы:** ***æма*** ‘*и*’, ***æви*** ‘*или*’, ***дæр*** ‘*также*’, ***кенæ*** ‘*или*’, ***цæмæй*** ‘*чтобы*’, ***фал*** ‘*но*’;

– **сложные или составные союзы:** ***кæд – уæд*** ‘*если – то*’, ***ке – уой*** ‘*что – то*’, ***уой – æма*** ‘*то – что*’, ***ку – уæд*** ‘*если бы – то*’, ***кæд – уæддæр*** ‘*хотя – но*’, ***куддæр – уотæ*** ‘*как только – то*’, ***уой туххæй – æма*** ‘*потому – что*’, ***кæд – уæд*** ‘*если – тогда*’ и др.

К составным примыкают также союзы, образованные повтором простых союзов: ***дæр – дæр*** ‘*и – и*’, ***кенæ – кенæ*** ‘*либо – либо*’, ***нæдæр – нæдæр*** ‘*ни – ни*’, ***уæд – уæд*** ‘*то – то*’ и т.д.

Простые союзы

-фал-

Противительный союз ***фал*** ‘*но’* служит для противопоставления синтаксически равноправных членов предложения:

1) ***Æз дин раги загътон, фал мæмæ нæ байгъустай.*** ‘*Я тебе давно сказал, но (ты) меня не послушался*’.

2) ***Хæдзарæ исдаста, фал ин дуар искæнун ба феронх кодт***а (*поговорка*). ‘*Построил дом, но дверь же для него забыл сделать*’.

-æви-

Разделительный союз ***æви*** соответствует русскому ‘*или’*:

1) ***Адæймаг дæ æви сайтан***? ‘(*Ты*) *человек или черт*?’

2) ***Ами дæ ниуадзон æви дæ мæ хæццæ хонон?*** ‘*Здесь тебя оставить или тебя с собой отвести*?’

3) ***Автобуси æви машини ’рцудтæ?*** ‘*На автобусе или на машине приехал*?’

-кенæ-

Разделительный союз ***кенæ*** соответствует русскому ‘*или*’. Он может быть одиночным или повторным:

1) ***Æрбауайæ, кенæ дзоргæ уæддæр æрбакæнæ.*** ‘*Приходи, или хотя бы позвони*’.

2) ***Уæдмæ кенæ паддзах мæлдзæй, кенæ – хæрæг.*** ‘*К этому времени царь помрет, или ишак (подохнет)*’.

3) ***Дæ уроктæ исахур кæнæ, кенæ дин ахургæнæг дуукæ исивæрдзæй.*** ‘*Выучи свои уроки, или учитель поставит тебе двойку*’.

4) ***Æз уæмæ кенæ сабати, кенæ хуцаубони æрбацæудзæнæн.*** ‘*Я к вам или в субботу, или в воскресенье приду*’.

-е-

Разделительный союз ***е*** соответствует русскому ‘*или’*. Он может быть одиночным или повторяющимся:

1) ***Еу гъæр, е еу сибиртт некæцæй игъустæй.*** ‘*Ни одного крика или шума не слышно было ниоткуда*’.

2) ***Е ацибон, е исон – уæддæр æй ардæмæ гъæудзæй.*** ‘*Или сегодня, или – все равно ему надо будет сюда*’.

-кæддæра-

Противительный союз ***кæддæра*** соответствует русскому ‘***или***’, ‘***ли’***, ‘***а ну-ка***’, ‘***посмотрим’***:

1) ***Фæндуй мæ базонун, кæддæра халæнттæ æцæгæй æртæсæдæгай анзи цæрунцæ*** ‘(*Я*) *хочу узнать, действительно ли вороны живут по триста лет*’.

2) ***Гъæр имæ бакæнæ, кæддæра дæ нæ фегъосдзæнæй.*** ‘*Крикни ему, не услышит ли (он) тебя (посмотрим, не услышит ли он тебя)*’.

-гъома-

Союз ***гъома*** [***ɦома***] соответствует русскому ‘*то есть*’:

1) ***Нæ размæ рацудæй сæ зæронд уосæ, гъома кизгæн æ мадæ.*** ‘*Навстречу нам вышла их старушка, то есть мать девушки*’.

2) ***Ду ин ци зонис, гъома æнахургонд дæ.*** ‘*Что ты об этом знаешь, то есть неграмотный ты*’.

Примечание. Гъома употребляется и как частица в значении ‘*дескать’*, ‘*мол’*: ***Кизгæ нæ рацудæй нæ хæццæ, гъома, дан, мæхебæл ци скæнон, е мин нæййес.*** ‘*Девушка не пошла с нами, дескать, мне нечего надеть* (букв.: ‘*У меня нет, что на себя надеть*’)’.

-кенæдта-

Производный союз ***кенæдта*** соответствует русскому ‘*а не то*’:

1) ***Цъæх фæткъутæ ма хуæрæ, кенæдта дæ губун фæрресдзæнæй.*** ‘*Не ешь зеленые яблоки, а не то у тебя живот заболит*’.

2) ***Хуарз æй исаразæ, кенæдта мæ дæ куст æгириддæр нæ гъæуй.*** ‘*Сделай его хорошо, а не то мне твоя работа вообще не нужна*’.

Примечание. Вместо ***кенæдта*** часто используют форму ***кенæ ба***, в том же значении. Они взаимозаменяемы.

-уæддæр-

Союз ***уæддæр*** имеет значение ‘*и то*’, ‘*всё равно*’, ‘*всё же*’:

1) ***Æзинæ дин цæйбæрцæ фæдздзурдтон, уæддæр дæ уроктæ не ’сæнхæст кодтай.*** ‘*Сколько я тебе говорил вчера, всё же (ты) не выполнил свои уроки*’.

2) ***Мæ хæццæ бабадæ, уæддæр ку некумæ тагъд кæнис***. ‘*Посиди со мной, всё равно же (ты) никуда не торопишься*’.

-цæмæй-

Союз ***цæмæй*** соответствует русскому ‘*чтобы’*:

1) ***Æгас фадуæттæ дæр нæмæ ес, цæмæй завод ма ’рлæууа.*** ‘*Есть у нас все возможности, чтобы завод не остановился*’.

2) ***Скъоламæ уой туххæй цæунцæ, цæмæй есть базононцæ.*** ‘*В школу для того ходят, чтобы что-нибудь узнать*’.

-уотæ-

Союз ***уотæ*** имеет значение ‘*как’*, ‘*когда’*. Он может употребляться и как союз, и как наречие:

1) ***Хор нæма скастæй, уотæ сувæллон æ хуссæнæй рагæпп кодта.*** ‘*Солнце еще не взошло, как ребенок соскочил со своей кровати*’.

2) ***Нæма æрбадтæн мæ уроктæбæл, уотæ мæмæ ме ’мбæлттæ æрбадзурдтонцæ.*** ‘(*Я*) *еще не сел за свои уроки, как меня позвали друзья* (*товарищи*)’.

-цума-

Союз ***цума*** соответствует русскому ‘*будто’*:

1) ***Æхе никъкъуру кодта, цума мæ не ’гъуста.*** ‘*Прикинулся глухим* (букв.: *сделал себя глухим*), *будто (он) меня не слышит*’.

2) ***Æхе уотæ дардта, цума рагæй зонгæ адтан.*** ‘(*Он*) *себя держал так, будто (мы) давно знакомы*’.

Составные союзы

-уомæн æма-

Союз ***уомæн æма*** соответствует русскому ‘*потому что*’:

1) **Æз æ хæццæ нæбал косун, уомæн æма е хъæбæр лæгъуз косуй.** ‘*Я с ним больше не работаю, потому что он очень плохо работает*’.

2) ***Гардани дуккаг анз ниуагътонцæ еци еу къласи, уомæн æма хъæбæр лæгъуз ахур кодта.*** ‘*Габо оставили на второй год в одном и том же классе, потому что он очень плохо учился*’.

-уой туххæй æма-

Союз ***уой туххæй æма*** имеет значение ‘*так как*’, ‘*потому что*’, ‘*из-за того что*’:

1) ***Абисали еугур синхæнттæ дæр берæ уарзунцæ, уой туххæй æма е хъæбæр зæрдæхæлар адæймаг æй.*** ‘*Абисала все соседи очень любят, так как (потому что) он очень доброжелательный человек*’.

2) ***Хетæгæй некæд неке неци фæккоруй, уой туххæй æма ’й алкедæр зонуй, къинди ке ’й, уой.*** ‘*У Хетага никто никогда ничего не просит, так как (потому что) все знают, что он очень скупой*’.

Повторяющиеся союзы

-ку... ку-

Повторяющийся союз ***ку... ку*** соответствует русскому ‘*то... то*’:

1) ***Къæбис æ къæдзелæ телгæ ку еуемæ фæууайуй, ку иннемæ.*** ‘*Щенок, виляя хвостом, то к одному подбежит, то к другому*’.

2) ***Зæронд лæг ку æндæмæ рахезуй, ку медæмæ бацæуй***. ‘*Старик то на улицу выходит, то в дом заходит*’.

-уа... уа-

Повторяющийся союз ***уа***... ***уа*** соответствует русскому ‘*и... и*’:

1) ***Махмæ ес аллихузæн фонс дæр – фустæ уа, сæгътæ уа, гъоцитæ уа, бæхтæ уа.*** ‘*У нас есть всякий скот – и овцы, и козы, и коровы, и лошади*’.

2) ***Созур аллибон дæр косгæ кæнуй – сабат уа, хуцаубон уа.*** ‘*Созур каждый день работает – и в субботу, и в воскресенье* (букв.: *будь суббота, будь воскресенье*)’.

-фæнди... фæнди-

Повторяющийся союз ***фæнди... фæнди*** имеет значение ‘*хоть... хоть*’:

1) ***Фæнди ин дзорæ, фæнди ин ма дзорæ, – уæддæр дæмæ нæ байгъосдзæй.*** ‘*Хоть говори ему, хоть не говори, – все равно (он) не послушает тебя*’.

2) ***Фæнди горæти цæрæ, фæнди гъæуи, – алли рауæн дæр косун гъæуй.*** ‘*Хоть в городе живи, хоть в селе, – везде работать нужно*’.

Двойные союзы

-ку... уæд-

Двойной (парный) союз ***ку... уæд*** имеет значение ‘*если... то*’, ‘*когда... то*’:

1) ***Сæумæй ку нæ райгъал уон, уæд мæ дæхуæдæг райгъал кæндзæнæ.*** ‘*Если (я) утром не проснусь, то ты сам меня разбудишь*’.

2) ***Къæвда ку райдайа, уæд дæр уæ куст ма ниууадзетæ.*** ‘*Если начнется дождь, и то (все же) не бросайте* (букв.: *не оставляйте*) *вашу (свою) работу*’.

-кæд... уæд-

Союз ***кæд... уæд*** имеет значение ‘*если... то*’:

1) ***Кæд хор ракæса, уæд райдайдзинан косун***. ‘*Если выглянет солнце, то начнем работать*’.

2) ***Кæд дæмæ æхца нæййес, уæд дин æз ратдзæнæн.*** ‘*Если у тебя нет денег, то я дам тебе*’.

-кæд... уæддæр-

Союз ***кæд... уæддæр*** имеет значение ‘*хотя и... однако*’:

1) ***Зæронд Габе кæд ахургонд нæ адтæй, уæддæр берæ таурæхътæ зудта.*** ‘*Старый Габе хотя и не был образованным, однако (он) много легенд знал*’.

2) ***Кæд дæ рагæй нæбал фæууидтон, уæддæр дæ базудтон.*** ‘*Хотя и давно тебя (я) не видел, однако (я) тебя узнал*’.

-кæми... уоми-

Союз ***кæми... уоми*** имеет значение ‘*так как... то*’, ‘*раз... то*’, ‘*где... там’*:

1) ***Кæми мæ нæбал уадзис, уоми дин зæгъдзæнæн мæ фæндон.*** ‘*Раз (ты) не оставляешь меня (в покое), то скажу тебе свое мнение*’.

2) ***Кæми мæ исхорх кодтай, уоми дæ барæ дæхе фæууæд.*** ‘*Так как ты меня достал, то пусть будет по-твоему*’.

Примечание. Союз ***кæми... уоми*** при самостоятельном употреблении выступает не как двойной союз, а как наречие ***кæми*** ‘*где’*, ***уоми*** ‘*там’*.

-цалинмæ... уалинмæ-

Союз ***цалинмæ***... ***уалинмæ*** имеет значение ‘*пока... до тех пор*’:

1) ***Цалинмæ арси рамарай, уалинмæ æ царæй нифс макæмæн байвæрæ*** (*пословица*). ‘*Пока не убьешь медведя, до тех пор никому не обещай его шкуру*’.

2) ***Цалинмæ æрбацæуон, уалинмæ æнгъæлмæ кæсетæ.*** ‘*Пока (я) не приду, до тех пор ждите (меня)*’.

Примечание. В разговорной речи этот союз иногда выступает в виде составных частей: ‘*цалдæн... уалдæн*’, ‘*цалæн... уалæн*’ с тем же значением.

-куд... уотæ-

Союз ***куд... уотæ*** имеет значение ‘*как... так*’:

1) ***Куд æрбацудтæ, уотæ цæугæ дæр фæккæндзæнæ.*** ‘*Как пришел, так и уйдешь*’.

2) ***Арв куд гъæр кæнуй, уотæ нæ цæвуй*** (*поговорка*). ‘*Как гром гремит* (букв.: *как небо кричит*), *так не бьет*’.

-куддæр... уотæ-

Союз ***куддæр... уотæ*** имеет значение ‘*как только... так*’:

1) ***Нана сæумæй, бон куддæр фæррохс уй, уотæ æ къæхтæбæл фæууй.*** ‘*Бабушка утром, как только рассветает, так (уже) на ногах бывает*’.

2) ***Куддæр дæмæ бадзорон, уотæ рауайæ.*** ‘*Как только позвоню тебе (позову тебя), так (сразу) выходи*’.

-уотæ... æма-

Союз ***уотæ... æма*** имеет значение ‘*так... что*’:

1) ***Еци дон дæ зæрдæмæ уотæ хъæбæр фæццæудзæнæй, æмæ æндæр донмæ кæсгæ дæр нæбал бакæндзæнæ.*** ‘*Эта вода тебе так сильно понравится, что на другие воды ты уже и не посмотришь*’.

2) ***Уотæ хъæбæр тагъд кодта, æма æ надбæл уингæ дæр неке кодта.*** ‘(*Он*) *так сильно спешил, что даже никого не замечал на своем пути*’.

-бæргæ... фал-

Союз ***бæргæ... фал*** имеет значение ‘*хотя и... но*’:

1) ***Над бæргæ зудта, фал æндеугæ нæ кодта.*** ‘*Дорогу хотя и знал, но (он) не отваживался*’.

2) ***Дæу мæ бæргæ фæндуй кустмæ райсун, фал нæмæ бунат нæййес.*** ‘*Хотя и хочу тебя взять на работу, но у нас нет мест*’.

-еугæр... уæд-

Союз ***еугæр... уæд*** означает ‘*раз... то*’:

1) ***Еугæр дзурд равардтай, уæд æй æнхæст кæнун гъæуй.*** ‘*Раз дал слово, то надо его выполнять*’.

2) ***Еугæр мæмæ æрбацудтæ, уæд, табуафси, медæмæ*** ‘*Раз (коль) пришел ко мне, то, пожалуйста, заходи*’.

-цацæг... уацæ-

Союз ***цацæг... уацæг*** имеет значение ‘*поскольку... постольку*’:

1) ***Цацæг раст дзорун, уацæг нарти Ацамонгæ мæ фидæ Хæмицмæ бацæуæд.*** ‘*Поскольку я говорю правду, постольку пусть Ацамонга нартов подойдет к моему отцу Хамыцу*’.

2) ***Цацæг рæститæ дзорис, уацæг дæ Хуцау фæрæстмæ кæнæд.*** ‘*Поскольку говоришь правду (истину), постольку пусть тебя Бог направит по пути истины*’.

Новые слова

æнгъæлмæ кæсун – ждать, ожидать
гъудиадæ – предложение
таурæхъ – легенда, сказание
уотемæй – так, таким образом
лæмбунæг – внимательный
катай – беспокойство, отчаяние
катай кæнун – беспокоиться
æндеун – осмеливаться, отваживаться
сосæг кæнун – утаивать
телун – трясти

уæрдун – телега, арба
хъæрæу – слепой
къуру – глухой
губун – живот, брюхо
тагъд кæнун – спешить
къинди – скупой
хизин – сумка

УПРАЖНЕНИЯ

1. Переведите следующие предложения:

1) Ке уæрдуни бадай, уой зар кæнæ (*поговорка*). 2) Адæм ке базоной, уой мабал сосæг кæнæ. 3) Уроктæ кæд фæцæнцæ, уæд хæдзарæмæ цо. 4) Кæд дин зин æй, уæддæр æй кæнун гъæуй. 5) Ахур кæнун гъæуй, цæмæй дууитæ ма есай. 6) Берæ ку кæсай, уæд зонгæ дæр берæ кæндзæнæ. 7) Æз куддæр æрбацæун скъолайæй, уотæ мæ уроктæбæл сбадун.

2. ♪ Прочитайте предложения. Найдите союзы и определите, в каких предложениях они соответствуют русскому ‘*и*’:

1) Ду дæр рацо ардæмæ. 2) Ме ’нсувæр дæр, æз дæр еу скъолай ахур кæнæн. 3) Ацибон æма исон бæрæгбæнттæ ‘нцæ. 4) Мæ кæстæр хуæрæ дæр ма фулдæр зонуй. 5) Сосо уотæ лæмбунæг кастæй телевизормæ, æма мæн дæр ма нæ уидта æ фарсмæ.

3. ♪ Прочитайте предложения и найдите в них союзы. Определите, какими союзами можно было бы их заменить:

1) Хестæртæй æма кæстæртæй, зæрæндтæй æма æригæнттæй байдзаг æй дигорон театри зал. 2) Е дæр, ду дæр еу муггагæй айтæ. 3) Асланæн дæр, Цæрайæн дæр зæгъун гъæуй. 4) Кенæ сабати, кенæ хуцаубони фæццæуæн хонхмæ. 5) Кустæй тагъд æрбацудтæн, уомæн æма хæдзари неке адтæй. 6) Ацибон кустмæ байрæги кодтон, уой туххæй æма автобус нæ адтæй.

4. Объясните по-русски значения следующих союзов:

ке... уой, кæд... уæд, ку... ку, кæддæра, цума, цæмæй, æви, науæд.

5. Придумайте предложения со следующими союзами:

æма, æви, дæр, уомæн æма.

6. Переведите следующие предложения на дигорский язык:

1) Я хорошо понимаю по-дигорски, и мне не нужен переводчик. 2) Извините, что вы сказали, я вас плохо понял? 3) Нет, я вас плохо понимаю. 4) Да, я хорошо понимаю все, что говорите. 5) Я хочу выучить дигорский язык. 6) Я уже умею разговаривать по-дигорски. 7) Я могу разговаривать по-дигорски, но писать и читать не умею. 8) Да, я тебя очень хорошо понимаю по-дигорски.

7. Переведите вопросы и ответьте на них на дигорском языке.

1) Вы хорошо понимаете по-дигорски? 2) Вы меня хорошо поняли? 3) Вы хотите научиться разговаривать на дигорском языке? 4) Как вы меня поняли?

Слова к тексту

хорошо – хуарз
понимать – лæдæрун
уметь – арæхсун
очень – хъæбæр
читать – кæсун, аргъаун
по-дигорски – дигоронау
переводчик – тæлмацгæнæг
извините – хатир бакæнтæ
выучить – исахур кæнун
научиться – исахур кæнун
разговаривать – дзубанди кæнун
плохо – лæгъуз
говорить – дзорун
писать – финсун
хотеть – фæндун
понять – балæдæрун

УРОК 33

ФРАЗЕОЛОГИЗМЫ

Так говорят по-русски	*Так говорят по-осетински*
Всего-навсего. Я прервал его речь вопросом: сколько у меня всего-навсего денег? (*А. Пушкин*)	**Дæлæмæдæр æма уæлæмææр**. Æ дзубанди ин раскъудтон фарстайæй: дæлæмæдæр æма уæлæмæдæр мæмæ цæйбæрæ æхца ес, зæгъгæ?
Выбиться (выбиваться) из сил. Сколько бедных птиц выбивается из сил и погибает в пути! (*Д. Мамин-Сибиряк*)	**Мæрдвæллад бакодта.** **Æ уодæй уод кæнуй.** Цæйбæрцæ мæгур тæхгæцъеутæн сæ бон нæбал фæууй, æма надбæл фесæфунцæ!
В ус не дует. Как ни смеялись над ним по поводу его преждевременной старости, но он и в ус не дул. (*А.П. Чехов*)	**Æ фæсонæрхи дæр нæ ’й**. Куд ибæл нæ худтæнцæ, рагафон ке базæронд æй, уой тухxæй, фал уомæн æ фæсонæрхи дæр нæ цудæй.

ГРАММАТИКА

Словообразование. Суффиксы

Суффиксальное словообразование в дигорском языке является чрезвычайно распространенным и продуктивным. При помощи суффиксов образуются новые имена как от самих существительных, так и от других частей речи.

Например:
бон ‘*день*’ – **бонгин** ‘*богатый*’
хæдзарæ ‘*дом*’ – **хæдзаргонд** ‘*домишко*’
хонх ‘*гора*’ – **хуæнхаг** ‘*горец*’
косун ‘*работать*’ – **косæг** ‘*рабочий*, *работник*’
цæрун ‘*жить*’ – **цæрæг** ‘*житель*’

-аг-

Суффикс ***-аг-*** образует как отыменные, так и отглагольные существительные.

Функции суффикса ***-аг*** многообразны:

1. Указывает на происхождение, принадлежность, отношение:

хонх ‘*гора*’ – хуæнхаг ‘*горец*’
гъæдæ ‘*лес*’ – гьæддаг ‘*дикий*, *лесной*’
сæр ‘*голова*’ – сæйраг ‘*главный*’
урус ‘*русские*’ – уруссаг ‘*русский*’
лескейнаг ‘*лескенец* (*житель с. Лескен*), *лескенский*’
дон ‘*вода*’ – дойнаг ‘*речной*’
уæлæ ‘*наверху*’ – уæллаг ‘*верхний*’
дæлæ ‘*внизу*’ – дæллаг ‘*нижний*’
кæрон ‘*конец*’ – кæройнаг ‘*крайний*’
сæр ‘*голова*’ – сæйраг ‘*главный*’
адгин ‘*сладкий*’ – адгийнаг ‘*сладость*’
хъазахъ ‘*казаки*’ – хъазахъаг ‘*казак*, *казаческий*’
гъæу ‘*село*’ – хъæуккаг ‘*сельский*, *сельчанин*’
синх ‘*квартал*, *соседи*’ – синхаг ‘*сосед*, *соседский*’

2. Указывает на предназначение:

мойнæ ‘*муж*’ – мойнаг ‘*жених*, *будущий муж*’
уосæ ‘*жена*’ – уосаг ‘*невеста*, *будущая жена*’
фæндаг ‘*дорога*’ – фæндаггаг ‘*дорожная провизия*’
цохъа ‘*черкеска*’ – цохъайаг ‘*материал на черкеску*’
бæндæн ‘*веревка*’ – бæндæйнаг ‘*материал для веревки*’

3. Образует некоторые порядковые числительные:

еу – фиццаг ‘*первый*’

дууæ – дуккаг ‘*второй*’

æртæ – æртиккаг ‘*третий*’

4. От инфинитива образует причастия будущего времени, при этом перед *н* появляется *й*:

ходун ‘*смеяться*’ – ходуйнаг ‘*позор*’

цумун ‘*пить*’ – цумуйнаг ‘*похлебка, первое блюдо*’

хуæрун ‘*есть*’ – хуæруйнаг ‘*пища*’

5. Иногда *-аг* присоединяется к основе прошедшего времени:

гъæун ‘*быть нужным*’ – **гъуд** – гъуддаг ‘*дело*’

дзорун ‘*говорить*’ – **дзурд** – дзурддаг ‘*спорный*’

косун ‘*работать*’ – **куст** – кустаг ‘*работа, которую необходимо сделать*’

Примеры:

1) ***Мах ахур кæнæн уруссаг æвзагбæл.*** ‘*Мы учимся на русском языке*’ (сравните: ***Мах ахур кæнæн уруси æвзагбæл.*** ‘*Мы учимся на языке русских*’).

2) ***Æз некæд фæууидтон гъæддаг сирдтæ.*** ‘*Я никогда не видел диких зверей*’ (сравните: ***Æз некæд фæууидтон гъæди сирдтæ.*** ‘*Я никогда не видел лесных зверей*’).

-агæ-

*Суффикс **-агæ-** в отглагольных образованиях*

1. От основы настоящего времени образуются причастия со значением постоянного свойства или склонности:

дзорун ‘*говорить*’ – дзорагæ ‘*говорун, разговорчивый*’

косун ‘*работать*’ – косагæ ‘*работящий*’

кафун ‘*танцевать*’ – кафагæ ‘*плясун*’

2. Причастия настоящего времени на *-агæ* выражают постоянное свойство или склонность лица к какому-либо действию.

Например:

1) ***Гъазагæ лæги адæм берæ уарзунцæ*** (*поговорка*). ‘*Умеющего шутить человека люди очень любят (балагура люди очень любят)*’.

2) ***Тæрсагæ лæг гъæдæмæ нæ цæуй*** (*поговорка*). ‘*Боязливый человек в лес не ходит*’.

3) ***Мæ кæстæр æнсувæр киунугутæ кæсагæ æй.*** ‘*Мой младший брат часто читает* (букв.: *читающий*) *книги*’.

-æг-

Отглагольные образования

1. От основы настоящего времени ***-æг*** образуются причастия. Причастие настоящего времени на ***-æг*** означает лицо, находящееся в состоянии действия:

косун – кос – косæг ‘*работающий*’;

кæсун – кæс – кæсæг ‘*читающий*’;

тæхун – тæх – тæхæг ‘*летящий*’.

Причастие на ***-æг*** в предложении может выполнять функции:

– **подлежащего: *Косæг æ кустмæ рандæ ’й*** ‘*Рабочий (работающий) ушел на свою работу*’;

– **дополнения: *Ке барветон корæг?*** ‘*Кого заслать просителем (сватом)*?’;

– **определения: *Уайсадæг киндзау ци ’рлæудтæ мæ цори*** ‘*Что ты встал возле меня как молчаливая невестка*’;

– **именной части сказуемого: *Адæмæн зæнхæ ’й сæ дарæг*** ‘*Земля является кормилицей народа (для людей)*’.

2. Иногда ***-æг*** присоединяется к основе прошедшего времени:

цæрун – цард – цæрдæг ‘*живой, проворный*’;

хонун – хунд – хундæг ‘*приглашение*’.

3. В некоторых случаях суффикс ***-æг*** присоединяется к инфинитиву:

тædзун ‘*капать*’ – тædзунæг ‘*протекание с крыши*’;

сælфун ‘*моросить*’ – сælфунæг ‘*морось, моросящий дождь*’.

Отыменные образования

Отыменных образований имен существительных на ***-æг*** в дигорском языке мало:

мæгур ‘*бедняк, бедный*’ – мæгурæг ‘*бедняга*’;

галеу ‘*левый*’ – галеуæг ‘*левша*’;

æхсæрæ ‘*орех* (лесной)’ – æхсæрæг ‘*белка*’;

къæпп ‘*щелчок*’ – къæппæг ‘*капкан*’;

æхсир ‘*молоко*’ – æхсирæг ‘*молочай* (растение)’.

Примеры:

1) ***Ælхæнæг бацудæй туканмæ дзол ælхæнунмæ.*** ‘*Покупатель зашел в магазин купить хлеба*’.

2) ***Кæсæг бадуй кæсæндони æмæ киунгæ кæсуй.*** Ч*итатель сидит в читальном зале и читает книгу*’.

3) ***Тæхæг мæхуй устур хуæдтæхæгбæл.*** ‘*Летчик летает на большом самолете*’.

4) ***Бадæг бадуй бадæнбæл.*** ‘*Сидящий сидит на скамейке*’.

5) ***Мæгурæг, ци мæгур æй и зæронд лæг*** ‘*Бедняга, какой же бедный, тот старик*’.

-æн-

Отглагольное образование

1. Указывает на орудие:

къахун ‘*копать*’ – къахæн ‘*кирка* (то, чем копают)’;

гъазун ‘*играть*’ – гъазæн ‘*игрушка*’;

уасун ‘*свистеть*’ – уасæн ‘*свисток*’;
кæрдун ‘*резать, кроить*’ – кæрдæн ‘*ножницы*’;
ниуазун ‘*пить*’ – ниуазæн ‘*бокал* (*то, чем пьют*)’.

2. Указывает на место:
хезун ‘*пасти*’ – хезæн ‘*пастбище*’;
бадун ‘*сидеть*’ – бадæн ‘*сидение* (то, на чем сидят)’;
хуссун ‘*спать*’ – хуссæн ‘*ложе*’.

3. Указывает на время:
бон ивайун (райдæдта) ‘*день (начал) бледнеть*’ – бонивайæн ‘*рассвет*’;
хуасæ кæрдун ‘*сено косить*’ – хуасгæрдæн ‘*сенокос* (время сенокоса)’;
хумæ кæнун ‘*жать*’ – хумгæрдæн ‘*жатва* (время жатвы)’.

4. Указывает на способность к чему-либо:
тасун ‘*гнуться*’ – тасæн ‘*гибкий*’;
ирæзун ‘*расти*’ – ирæзæн ‘*возможность вырасти*’;
фæдун ‘*раскалываться*’ – фæдæн ‘*легко раскалывающийся*’.

5. Указывает на возможность чего-либо:
рацæун ‘*пройти*’ – рацæуæн ‘*проход, возможность пройти*’;
хуæцун ‘*держать*’ – хуæцæн ‘*ручка, возможность держаться*’;
хуæцун ‘*сражаться*’ – хуæцæн ‘*возможность сражаться*’.

6. Указывает на действие или результат действия:
кæрдун ‘*резать, кроить*’ – кæрдæнтæ ‘*отходы, остающиеся после кройки*’ – кæрдæнтæ кæнун ‘*делать отходы, резать на куски*’;
тъунсун ‘*совать*’ – тъунсæнтæ ‘*место, где прячут*’ – тъунсæнтæ кæнун ‘*прятать по разным местам*’.

Отыменные образования

Отыменных образований на ***-æн*** немного:
рагъ ‘*гребень*’ – рагъæн ‘*вешалка*’;
листæ ‘*мелко*’ – листæн ‘*подстилка*’;
сæр ‘*голова*’ – сæрæн ‘*энергичный, способный*’;
пурхæ ‘*разбросанный*’ – пурхæн(тæ) ‘*брызг(и)*’.

Примеры:

1) ***Сувæллон гъазæн райста æмæ гъазун райдæдта.*** ‘*Ребенок взял игрушку и начал играть*’.

2) **Сувæллон уасæнæй уасуй.** ‘*Ребенок свистит в свисток*’.

3) ***Æ ниуазæн нæма баниуазта.*** ‘(*Он*) *свой бокал еще не выпил*’.

4) ***Сувæллонмæ хуссун æрцудæй æма æ хуссæни нихкустæй.*** ‘*Ребенку захотелось спать, и (он) лег спать (заснул) на своей кровати (постели)*’.

5) ***Гъæунгæ адæмæй байдзаг æй, æма рацæуæн нæбал адтæй.*** ‘*Улица заполнилась народом, и не было возможности пройти*’.

6) ***Зæрдæй зæрдæмæ ку уайдæ никкæсæн!*** ‘*Если бы можно было заглянуть* (букв.: *возможность заглянуть*) *из сердца в сердце!*’

-он-

Отглагольные образования

уарзун ‘*любить*’ – уарзон ‘*любимый*’
фæндун ‘*хотеть, желать*’ – фæндон ‘*желание*’
кæнун ‘*делать*’ – кæнон ‘*поведение*’
бæззун ‘*годиться*’ – бæззон ‘*годный*’
нæ цæрун ‘*не жить*’ – нæдзæрон ‘*неуживчивый*’

Отыменные образования

Имена существительные отыменного образования с суффиксом ***-он*** имеют несколько значений:

1. Указывает на национальность или же на местность, откуда происходит лицо:

кæсгон – ‘*кабардинец, кабардинский*’;

дигорон – ‘*дигорец, дигорский*’;

хонх ‘*гора*’ – хуæнхон ‘*горный, горский*’ (наряду с ‘хуæнхаг’).

2. Указывает на девичью фамилию замужней женщины:

Æгъузарон (*из фамилии Агузаровых*);

Хæмицон (*из фамилии Хамицаевых*);

Абисалон (*из фамилии Абисаловых*).

3. Обозначает действующее лицо:

фæдес ‘*тревога*’ – фæдесон ‘*тот, кто выходит по тревоге*’;

цауæн ‘*охота*’ – цауæйнон ‘*охотник*’;

тугъд ‘*война*’ – тугъдон ‘*воин*’.

4. Указывает на отношения разнообразного характера и принадлежность к организации, учреждению и т.д.:

парти ‘*партия*’ – партион ‘*партиец*’;

къæлхоз ‘*колхоз*’ – къæлхозон ‘*колхозник*’;

зæнхæ ‘*земля*’ – зæнхон ‘*земной*’;

гъæу ‘*село*’ – гъæууон ‘*сельский*’;

фæд ‘*след*’ – фæдон ‘*последователь*’.

Примечание. Имена существительные и прилагательные, образованные с помощью суффикса ***-он***, нельзя выделить, так как одно и то же словообразование на ***-он*** может обозначать одновременно и существительное, и прилагательное: **дигорон** – ‘*дигорец, дигорский*’, **хæдзарон** – ‘*домо-*

чадец, домашний’, **тугъдон** – ‘*воин, военный*’, **къæлхозон** – ‘*колхозник, колхозный*’.

Точно так же образованные от глаголов с помощью суффикса ***-он*** прилагательные одновременно могут обозначать и существительные: **фæразун** ‘*мочь*’ – **фæразон** ‘*тот, кто терпит; терпеливый*’.

Примеры:

1) ***Дзодзо адæми ’хсæн нæдзæрон æй.*** ‘*Дзодзо неуживчив среди людей*’. 2) ***Дæу фæндон ку адтайдæ, уæд скъоламæ æгириддæр нæ фæцудайсæ.*** ‘*Если бы была твоя воля (желание), то ты бы вообще не пошел в школу*’. 3) ***Цауæйнон цауæни фæццæуй.*** ‘*Охотник пошел на охоту*’. 4) ***Алли гъуддаги дæр гъæуама алке фæсте дæр фæдон байзайа.*** ‘*Во всяком деле после каждого должен остаться последователь*’. 5) ***Берæгъ æ кæнон некæд уадзуй.*** ‘*Волк никогда не оставляет свою привычку*’. 6) ***Еу минкъий ку фæййевдæлон уай, уæд мæмæ æрбауайай.*** ‘*Как только немножко освободишься (станешь незанятым), тогда зайди-ка ко мне*’.

-дзæг-

1. От глаголов с помощью суффикса *-дзæг* образуется всего несколько слов:

къахун ‘*копать*’ – къахиндзæг ‘*провокатор, провоцирующий*’;

уарун ‘*дождь, идти (об осадках)*’ – уарундзæг ‘*дождик*’;

кæун ‘*плакать*’ – кæундзæг ‘*ком в горле (от слез)*’.

2. Отыменные образования. Отыменные образования редки. Чаще всего они являются синонимами имен, от которых образованы:

айкæ ‘*яйцо*’ – æйкдзæг ‘*яичник*’;

игъал ‘*бодрствующий*’ – игъæлдзæг ‘*веселый*’.

-ц- (-дз-)

Суффикс ***-ц-*** (***-дз-***) употребляется с окончанием именительного падежа ***-æ***.

1. Отглагольные образования. Отглагольные имена имеют обычно отвлеченные значения:

нимайун ‘*считать*’ – нимæдзæ ‘*число*’;
игурун ‘*рождаться*’ – игурцæ ‘*рождение’*, ‘*зародыш*’;
барун ‘*мерить*, *взвешивать*’ – бæрцæ ‘*мера*’.

2. Отыменные образования. Отыменные образования редки. Чаще всего они являются синонимами имен, от которых образованы:

уæрхæ ‘*ширина*’ – уæрхцæ ‘*ширина*’;
дæргъæ ‘*длина*’ – дæргьцæ ‘*длина*’.

Суффиксы отглагольного употребления

-ун-

Суффикс ***-ун*** образует инфинитив:
финсун – ‘*писать*’;
кæсун – ‘*читать, смотреть*’;
содзун – ‘*гореть, жечь*’;
бадун – ‘*сидеть*’.

Примеры:

1) ***Зæлинæ раги исахур æй кæдзос финсун.*** ‘*Залина давно научилась чисто писать*’.

2) ***Нæ тикис къæразæй кæсун берæ уарзуй.*** ‘*Наша кошка очень любит смотреть из окна*’.

3) ***Берæ бадун пайда неци ’рх æ сдзæнæй.*** ‘*Долгое сиденье не принесет никакой пользы*’.

-т- (-д-)

Образует причастия прошедшего времени:
косун ‘*работать*’ – куст ‘*работа*’;
финсун ‘*писать*’ – финст ‘*надпись, написанный*’;
марун ‘*убивать*’ – мард ‘*мертвый, убитый*’;
кафун ‘*танцевать, плясать*’ – кафт ‘*танец, пляска*’.

-ийнæ- (-инæ-)

æм ‘*со-’* + цæрун ‘*жить*’ – æмдзæрийнæ ‘*сожитель*’
æм + *бадун* ‘*сидеть*’ – æмбадийнæ ‘*совместное сидение*’
фæс ‘*позади*’ + цæун ‘*идти*’ – фæсдзæуийнæ ‘*слуга*’

Суффиксы, имеющие отыменное употребление

-адæ-

Суффикс ***-адæ*** образует отвлеченные понятия:
паддзах ‘*государь*’ – паддзахадæ ‘*государство*’;
ахур ‘*учеба*’ – ахурадæ ‘*учение, образование*’;
от дæсни ‘*искусный*’ – дæсниадæ ‘*мастерство*’.

-дзийнадæ-

Суффикс ***-дзийнадæ*** образует отвлеченные понятия, по значению близок к суффиксу ***-адæ***:
æнсувæр ‘*брат*’ – æнсувæрдзийнадæ ‘*братство*’;
раст ‘*правдивый*’ – рæстдзийнадæ ‘*правда*’;
уарзон ‘*любимый*’ – уарзондзийнадæ ‘*любовь*’.
Часто ***-адæ*** и ***-дзийнадæ*** могут взаимозаменяться:
рæстадæ – рæстдзийнадæ;
æмбайладæ – æмбалдзийнадæ.

-ин-

Суффикс ***-ин*** образует чаще всего прилагательные, обозначающие материал, из которого сделан предмет:

дор ‘*камень*’ – дорин ‘*каменный*’;

авгæ ‘*стекло*’ – авгин ‘*стеклянный*’;

гьæдæ ‘*дерево*’ – гъæдин ‘*деревянный*’.

-гун-

Образует прилагательные (отдельные из которых субстантивировались), указывающие на содержание чего-либо или обладание чем-либо:

цæнхæ ‘*соль*’ – цæхгун ‘*соленый*’;

гъун ‘*шерсть*’ – гьунгун ‘*волосатый*’;

маст ‘*гнев*’ – мæстгун ‘*сердитый*’;

фид ‘*мясо*’ – фидгун ‘*пирог с начинкой из мяса*’;

картоф ‘*картофель*’ – картофгун ‘*пирог с картофельной начинкой*’.

-гин-

Суффикс ***-гин*** образует обычно прилагательные, указывающие на обладание какими-либо свойствами:

бæздæ ‘*толщина*’ – бæзгин ‘*густой, толстый*’;

бон ‘*день*’ – бонгин ‘*богатый, богач*’;

фуд ‘*вина*’ – фудгин ‘*виновный, виноватый*’.

-уг-

Образует прилагательные, обозначающие наделенность чем-либо:

дудзæлхуг ‘*двухколесный*’ (*от* дууæ ‘*два*’ + цалх ‘*колесо*’);

бознуг ‘*благодарный*’ (*от* бознæ ‘*благодарность*’);

æгомуг ‘*немой*’ (от отрицательной частицы ‘æ’ + ком ‘*рот*’).

-ой-

Суффикс ***-ой*** указывает на большую степень какого-либо признака или отсутствие чего-либо, а также порядковые числительные:

сætой ‘*слюнтяй*’ (от сætæ ‘*слюна*’);
цонгой ‘*безрукий*’ (от цонг ‘*рука*’);
гъосой ‘*безухий*’ (от гъос ‘*ухо*’);
дугой ‘*двойка*’ (от дууæ ‘*два*’);
æртигой ‘*тройка*’ (от сертæ ‘*три*’);
æвдой ‘*семерка*’ (от авд ‘*семь*’).

-ойнæ-

Суффикс ***-ойнæ*** образует существительные:
буройнæ ‘*труха*’;
кьæдзойнæ ‘*запятая*’;
инсойнæ ‘*точило*’;
зæнгойнæ ‘*ноговица*’.

-гомау-

Суффикс ***-гомау*** образует прилагательные и наречия, указывающие на умеренную степень какого-либо качества. Часто ***-гомау*** соответствует русскому ***-оват-***, ***-еват-***, ***-еньк-***:

æнкъард ‘*грусть*’ – æнкъардгомау ‘*грустновато*’;
тагъд ‘*быстро*’ – тагъдгомау ‘*быстренько*’;
гъæр ‘*громко, крик*’ – гъæргомау ‘*громковато*’;
гъæла ‘*глупый, дурак*’ – гьæлагомау ‘*глуповатый*’;
сабур ‘*тихий*’ – сабургомау ‘*тихо, тихонько*’.

ФОНЕТИКА

Звуковые явления в производных словах

1. В некоторых случаях при словообразовании с помощью суффикса ***-аг*** происходит ослабление гласных основы ***а*** и ***о*** в ***æ***:

фарс ‘*сторона*’ – фæрсаг ‘*сторонний*’;

раст ‘*прямой, правдивый*’ – рæстаг ‘*правый*, *справедливый*’;

гъаст ‘*жалоба*’ – гъæстаг ‘*предмет жалобы*’;

фондз ‘*пять*’ – фæндзæймаг ‘*седьмой*’.

2. Иногда при наращении суффиксов ***-аг***, ***-он***, ***-ау*** происходит удвоение конечного согласного основы:

тас ‘*страх*’ – тæссаг ‘*страшный*’;

уæл ‘*над*’ – уæллаг ‘*верхний*’;

гьæдæ ‘*лес*’ – гьæддаг ‘*лесной*, *дикий*’;

гъæдæ ‘*лес*’ – гъæддон ‘*лесной*, *дикий*’;

сæрдæ ‘*лето*’ – сæрддон ‘*летний*’;

уæзæ ‘*тяжесть*’ – уæззау ‘*тяжелый*’.

3. Обычно при наращении суффиксов ***-аг***, ***-он*** перед конечным сонорным основы появляется ***-й-***:

сæр ‘*голова*’ – сæйраг ‘*главный*’;

хуæрун ‘*кушать*’ – хуæруйнаг ‘*пища*’;

косун ‘*работать*’ – косуйнаг ‘*собирающийся работать*’;

хумæ ‘*пашня*’ – хуймон ‘*пахарь*’;

бун ‘*низ*’ – буйнаг ‘*войлок*’.

4. При наращении суффикса ***-адæ*** перед конечным сонантом появляется ***-й-***:

æнсувæр ‘*брат*’ – æнсувæйрадæ ‘*братство*’;

барун ‘*взвешивать, мерить, измерять*’ – баруйнадæ ‘*сравнение, измерение*’;

кæстæр ‘*младший*’ – кæстæйрадæ ‘*младшенство*’;

хестæр ‘*старший’* – хестæйрадæ ‘*старшинство*’.

ЛЕКСИЧЕСКИЕ УПРАЖНЕНИЯ

1. Образуйте от следующих слов существительные с помощью суффикса *-аг*:

хонх, кæрон, дзорун, бадун, ходун, хуæрун, нæмун, аразун, кæсун, фæрсун, къахун, фæндаг, бæндæн.

2. С помощью суффикса *-аг* **образуйте от следующих слов прилагательные и переведите их:**

дон, сæр, уæлæ, кæрон, гъæдæ, адгин, Урус, Цæцæн, Чикола.

3. С помощью суффикса ***-æг*** **образуйте от следующих слов существительные и причастия:**

косун, дзорун, аразун, кæсун, финсун, архайун, кæдзос кæнун, цийнæ кæнун, дес кæнун, ахур кæнун, гъæр кæнун, цæрун, молун, зарун, корун, хæссун.

4. Переведите на дигорский язык глаголы и образованные от глаголов с помощью суффикса ***-æн*** **существительные:**

Образец: сидеть – сиденье – *бадун – бадæн*

играть – игрушка
указывать – указательный
свистеть – свисток
строить – строительный
пить – бокал
стоять – стоянка
нести – носимый
смотреть – зеркало
скручивать – скрутка

5. Переведите на дигорский язык следующие предложения:

1) В клубе собрались работники завода. 2) В клубе собрались работающие люди. 3) Играющие в футбол собра-

лись на стадионе. 4) Сегодня к нам приехали шахматные игроки. 5) Я являюсь читателем газеты ‘Дигора’. 6) Читающий газету ‘Дигора’ сидел на скамейке.

6. ♪ Прочитайте следующие предложения. Сравните между собой однокорневые слова. Выпишите их отдельно, выделив корни и словообразующие элементы. Переведите их.

Образец: гъазун ‘*играть*’, гъазæнтæ ‘*игрушки*’, гъазæг ‘*играющий*, *игрок*’

1) Гъазæг æ гъазæнтæ райста æма гъазуй тургъи. 2) Ниуазæг æ ниуазæн байдзаг кодта æма ’й баниуазта. 3) Цæрæг æ цæрæн исаразта æма си амондгунæй цæруй. 4) Къахæг æ къахæн райста æма райдæдта къахун. 5) Кæрдæг æ кæрдæн феронх кодта хæдзари æма цæмæй ракæрда, е нæбал ес. 6) Арфæгæнæг арфитæ еруй. 7) Нæмæн ку уайдæ, уæд, фиццагидæр, нæмун нæмæги гъæуй.

УЧИМСЯ ВЫДЕЛЯТЬ ОСНОВУ СЛОВА

1. ☼ Вспомните приставки, падежные окончания, личные окончания и суффиксы. Разберите слова по образцу, выделив основу слова:

Образец: ба-кос-уйнаг, ни-ссалдт-æн.

Бакосуйнаг, ниссалдтæн, бауорамдзæнæн, æрхастайуонцæ, дзурддаг, исаразуйнаг, ниффинстон, æрæрвистон.

2. ♪ Прочитайте и переведите приведенные слова. К каждому слову прибавьте приставки, суффиксы, падежные окончания или личные окончания глаголов и переведите их.

Образец: **ælхæнун** ‘*покупать’* – **ба**лхæн**дзæнæн** ‘*куплю’*, **ба**лхæн**уйнаг** ‘*товар; то, что необходимо купить*’.

Ælхænун, лædæун,ævналун, цæун, фæрсн, цæрун, аразун, лæуун, æмбælун,ævдесун, гъазун, фицун, дæттун.

Добейтесь того, чтобы вы легко разбирали слова по составу, так как это поможет вам легко узнавать слово в предложении и даст возможность правильно определить значение этого слова.

3. Переведите текст.

ДИГОРÆ

Æз цæрун Дигори райони. Дигори райони сæйраг горæт æй Дигора. Дигорай цæрй дууадæс мин адæймагемæй фулдæр. Горæти рæзти уайуй цæугæдон Уорсдон. Æз дæр цæрун Уорсдони билæбæл. Æхсæвæ мæмæ арæх фегъусуй дони гъæр. Горæтмæ хæстæг лæууницæ Кавкази хуæнхтæ. Етæ æнцæ хъæбæр рæсугъд. Горæтмæ хæстæг ес цалдæр гъæуи. Æз дæр си арæх фæуун.

Мæ фидифидæ æма фидимадæ ба цæрунцæ Чиколай. Æз дæр уоми арæх фæуун. Уонæн сæ хæдзари цори ес дзæхæра. Дзæхæрай ба ниссадзунцæ картоф, хъæдорæ, хуæргæнæстæ, æпхитæ æма аллихузæн кæрдæгутæ. Ес сæмæ рæзбун дæр. Зайуй си аллихузæн рæзæ бæлæстæ.

Незнакомые слова

сæйраг – главный
цæугæдон – река
бæлæбæл – на берегу
фегъусуй – слышится
фидифидæ – дед (по отцу)
фидимадæ – бабушка (по отцу)
рæзбун – фруктовый сад
хъæдорæ – фасоль
æхсаргин – смелый, отважный
хуæргæнасæ – огурец
дзæхæра – огород, сад
æпхæ – морковка

УРОК 34

УЧИМСЯ ВЕСТИ БЕСЕДУ

***Хæдзари** / Дома*

– Биццеу, æстонг нæ ма дæ?
– Нæ, æна, фæстæдæр бахуæрдзæнæн.
– Уæртæ ма, дæ хуарзæнхæй, бугътæ ракалæ.
– Хуарз. Ести ма гъæуй рагæлдзун?
– Бознæ, нецибал.
– Кæд телевизормæ неке кæсуй, уæд æй райеу кæнон?
– Нæ, нуртæккæ си хуарз равдист уодзæнæй.
– Баба ба нæма ’рбацудæй?
– Нæ, е изæрæй æрбацæудзæнæй.
– Æна, æндæмæ рауайун æнгъезуй?
– Мæнæ бал хуæргæ бакæнæ.
– Ку бахуæрон, уæдта цæуон?
– Гъо, фал идард макумæ рандæ уо, тургъи гъаздзæнæ.
– Хуарз, æна.

***Тургъи** / Во дворе*

– Дæ бон хуарз, мæ синхон!
– Ке бон æй, уой хуарзæнхæ дæ уæд, Бола!
– Куд дæ, куд æнцæ дæ бийнонтæ?
– Бознæ, неци нин æй. Уæхуæдæг куд айтæ?
– Бознæ, махæн дæр неци ’й.
– Кустæй æрбацудтæ, Бола?
– Гъо, фал мæ фæстæмæ цæун гъæуй. Ами ма кæд уодзæнæ, уæд ма, дæ хуарзæнхæй, мæнæ мæ машинæмæ дæ цæстæ фæддарæ, æз нуртæккæ рауайдзæнæн.
– Табуафси, ами уодзæнæн æз.

Пояснения к текстам беседы

æстонг – голодный
бахуæрдзæнæн – поем
бугътæ – мусор
ракалун – выбросить
рагæлдзун – выбросить
райеу кæнун – выключить
равдист – передача
æна – мама
тургъæ – двор
фæстæмæ – обратно (назад)
цæстæ фæддарун – присмотреть
нуртæккæ – сейчас

ГРАММАТИКА

Словообразование. Словосложение

Различные значения из одних и тех же слов в дигорском языке можно получить не только с помощью приставок, суффиксов и окончаний, но и с помощью словосложения.

Словосложение является в дигорском языке весьма употребительным способом образования новых слов-понятий.

Сложные слова состоят обычно из двух, редко из трех компонентов. Вначале мы рассмотрим образование новых слов-понятий с помощью различных частиц, местоимений, наречий, предлогов и пр.

-æ-, -æнæ-

Частицы ***æ-*** и ***æнæ-*** являются кратким и полным видом одной и той же частицы, которая соответствует русскому

без- или ***не-*** (например, в таких словах, как *бездомный* или *неготовый*). Частицы ***æ-*** и ***æнæ-*** всегда стоят в первой части сложного слова:

æгадæ ‘*бесславный*’ – из ***æ*** + ***кад*** ‘*слава*’;

æгуст ‘*безработный*’ – из ***æ*** + ***куст*** ‘*работа*’;

æдзæттæ ‘*неготовый*’ – из ***æ*** + ***цæттæ*** ‘*готовый*’;

æнамонд ‘*несчастный*’ – из ***æнæ*** + ***амонд*** ‘*счастье*’;

æнæнцой ‘*лишенный покоя, без покоя*’ – из ***æнæ*** + ***æнцой*** ‘*покой*’;

æнæгъдау ‘*непристойный*’ – из ***æнæ*** + ***æгъдау*** ‘*обычай*’.

Примеры:

1) ***Æгадæ цардæй мæлæт хуæздæр æй*** (*поговорка*). ‘*Смерть лучше бесславной жизни*’. 2) ***Хадо бадтæй æ хæдзари æгустæй.*** ‘*Хадо сидел дома без работы*’. 3) ***Æнæгъдау адæймаг еудадзугдæр æгъдаугин адæймагæн федис кæнуй.*** ‘*Непорядочный человек обычно (постоянно) порицает (поносит) порядочного человека*’.

-æд-

Значение предложной частицы ***æд-***, присоединяющейся к первой части слова, в русском языке обычно выражается предлогом ‘с’:

æдгæрзтæ ‘*вооруженный* (букв.: *с оружием*)’ – от **æд** + **гæрзтæ** ‘*оружие*’;

æддзаума ‘*с вещами*’ – от **æд** + **дзаума** ‘*вещь*’;

æдбæх ‘*с лошадью*’ – от **æд** + **бæх** ‘*лошадь*’.

Слово же **æдгъун-æдгъес** означает ‘*целиком*’ (букв.: ‘*с шерстью, со щетиной*’).

Примеры:

1) ***Æдгæрзтæ исистадæ*** – ‘*вооруженное восстание*’.

2) ***Бæласи цори лæудтæй æдсаргъ бæх.*** ‘*Возле дерева стоял оседланный (с седлом) конь*’.

3) ***Æдзунд адæймагæн тæссаг нæй фесæфунæй.*** ‘*Рассудительный* (букв.: *с умом*) *человек не пропадет* (букв.: *нет опасности, что пропадет*)’.

-æм-, -æн-

Частица ***æм***-, ***-æн*** в сложных словах выражает совместность, соответствие и пр. (выражает русское ***со***-):

æмкосæг ‘*сотрудник, сослуживец*’ – от **æм** + **косæг** ‘*работник*’;

æмбæстаг ‘*земляк*’ – от **æм** + **бæстаг** ‘*принадлежащий стране*’;

æмдзæрæн ‘*общежитие*’ – от **æм** + **цæрæн** ‘*место жительства*’;

æмгарæ ‘*ровесник*’ – от **æм** + **карæ** ‘*возраст*’;

æнгæрон ‘*близко, рядом*’ – от **æн** + **кæрон** ‘*край*’;

æнфуд ‘*одинаково виновный*’ – от **æн** + **фуд** ‘*вина*’.

Примеры:

1) ***Ме ’мкосгути хæццæ ацибон æмбурди адтæн*** ‘*(Я) сегодня был со своими **сослуживцами** на собрании*’.

2) ***Батраз æма Тотраз æмгæрттæ æнцæ.*** ‘*Батраз и Тотраз являются ровесниками*’.

3) ***Ме ’мгæрон дæ куд нæбал фæу-уинон.*** ‘*Чтобы (я) тебя больше не видел возле себя*’.

-уæл-, -дæл-

Частица ***уæл***- выражает русское ‘***над***’, а частица ***дæл***- выражает русское ‘***под***’:

уæлзæнхæ ‘*надземный*’ – **дæлзæнхæ** ‘*подземный*’;

уæлвæндаг ‘*над дорогой*’ – **дæлвæндаг** ‘*под дорогой (ниже дороги)*’;

уæлхæдзарæ ‘*крыша (дома), над домом*’ – **дæлхæдзарæ** ‘*ниже дома*’.

Примеры:

1) ***Знагæн нæбал адтæй баримæхсæн уæлзæнхæ дæр, дæлзæнхæ дæр.*** ‘*Врагу невозможно было (более) спрятаться ни над землей, ни под землей*’. 2) ***Уорс барæг цудæй уæлвæндаг, сау барæг ба – дæлвæндаг.*** ‘*Белый всадник ехал над дорогой, а черный всадник – под дорогой*’. 3) ***Нæ уæлхæдзарæ – цæхæри кæфойнæ*** (*загадка про звёзды*). *На нашей крыше (над домом) – совок искр*’.

раз-, -фæс-

Первая часть сложного слова ***раз-*** имеет значение '***перед***', а ***фæс-*** –значение '***позади***':

развæндаг '*впереди лежащая дорога*' – **фæсвæндаг** '*в стороне от дороги*'

раздзурд '*предисловие*' – **фæсдзурд** '*послесловие*'

разуæзæ '*с перевесом вперед*' – **фæстæуæзæ** '*с перевесом назад*'

раздзæуæг '*лидер, предводитель, впереди идущий*' – **фæсдзæуæг** '*последователь, следующий сзади*'

Примеры:

1) ***Æрталингæ 'й, æма мæ развæндаг дæр нæбал уидтон.*** '*Стемнело, и я не мог больше видеть даже впереди лежащую дорогу*'.

2) ***Фæскьæвда цъимаратæй байдзаг æй фæсвæндаг.*** '*После дождя в стороне от дороги (на обочине) образовались лужи*'.

3) ***Раздзæуæг кæми нæ фæууй, уоми фæсдзæуæг дæр нæ фæууй.*** '*Там, где не бывает лидера (предводителя), не бывает и последователя*'.

-мед-

Частица ***мед-*** в сложных словах имеет значение '***внутри***':

меддуйне '*внутренний мир*' – от **мед** + **дуйне** '*мир*';

медхæдзарæ '*внутри дома*' – от **мед** +**хæдзарæ** '*дом*';

медæфстау '*внутренний заем*' – от **мед** + **æфстау** '*заем*';

медбæстаг '*внутренний*' – от **мед** + **бæстаг** '*принадлежащий стране*';

медбунати '*на месте*' – от **мед** + **бунат** '*место*'.

Примеры:

1) ***Куд хуæздæр ахур кæнай, уотæ меддуйне дæр гъæздугдæр кæнуй.*** '*Чем лучше учишься, тем и внутренний мир тоже становится богаче*'.

2) ***Мæ медбунати нæбал лæудтæн.*** '(*Я*) *не мог больше стоять на одном месте*'.

-хуæд-

Местоимение ***хуæд*** в первой части сложного слова имеет значение ‘***сам***’ (например, как в слове ‘***самокат***’):

хуæдтолгæ ‘*самокат*’ – от **хуæд** + **толгæ** ‘*катясь*’;

хуæдтæхæг ‘*самолет*’ – от **хуæд** + **тæхæг** ‘*летящий*’;

хуæдархайд ‘*самодеятельный*’ – от **хуæд** + **архайд** ‘*действие*’.

Примеры:

1) ***Хуæдтолгæ уæрдуни рабадтæ.*** ‘*(Я) сел в самокатящуюся телегу*’. 2) ***Хуæдтæхæг тæхуй цъеутæй бæрзонддæр.*** ‘*Самолет летит выше птиц*’. 3) ***Агундæ разамунд дæттуй хуæдархайдон къуарæн.*** ‘*Агунда руководит самодеятельной труппой*’.

-хе-

В первой части слова местоимение ***хе*** имеет значение ‘себя’:

хеуарзон ‘*себялюбивый*’ – от **хе** +**уарзун** ‘*любить*’;

хебарæ ‘*предоставленный себе*’ – от **хе** + **барæ** ‘*воля*’;

хевæндæ ‘*своевольный, упрямый*’ – от **хе** + **фæндæ** ‘*желание*’.

Примеры:

1) ***Хеуарзон адæймаг еске некæд бауарздзæнæй.*** ‘*Себялюбивый человек никогда другого не полюбит*’. 2) ***Урузмæги хебарæ ниууагътонцæ.*** ‘*Урузмага оставили одного (т.е. предоставив его самому себе)*’. 3) ***Хевæндæ сувæллон мадæн сæри нез æй.*** ‘*Своевольный (упрямый) ребенок является головной болью для матери*’.

-хуæрз-, -фуд-

Словосложение с помощью ***хуæрз-*** и ***фуд-*** имеет значение ‘***хороший***’ и ‘***дурной***’:

уагæ ‘*нрав*’: **хуæрзуагæ** ‘*добронравный*’ – **фудуагæ** ‘*злонравный, балованый*’;

хузæ ‘*вид*’: **хуæрзхуз** ‘*упитанный*’ – **фудхуз** ‘*изможденный, худой*’;

конд ‘*строение, сделанный*’: **хуæрзконд** ‘*стройный, видный, хорошо сложенный*’ – **фудконд** ‘*некрасивый, дурно сложенный*’;

уиндæ ‘*внешний вид*’: **хуæрзуиндæ** ‘*хорошего вида*’ – **фудуиндæ** ‘*безобразный, дурного вида*’.

Примеры:

1) ***Хуæрзуагæ адæймаг адæмæн уарзон æй, фудуагæй ба идардмæ ледзунцæ.*** ‘*Добронравный человек является для людей любимцем (т.е. добронравного человека все любят), а от злонравного далеко бегут (т.е. стороной обходят)*’.

2) ***Хуæрзхуз бæх косагæ ’й, фудхуз бæх ба æхуæдæг ласуйнаг æй.*** ‘*Упитанный конь работящ (т.е. много работает), а худого (истощенного) коня самого нужно тащить*’.

3) ***Фудконд æма фудуиндæ кæрæдзебæл худтæнцæ***. ‘*Некрасивый и безобразный друг над другом смеялись*’.

ФОНЕТИКА

Озвончение согласных

При словосложении с помощью частиц ***æ-***, ***æм-*** глухие согласные заменяются звонкими:

к–г: конд – æ + конд = æгонд
кадæ – æ + кад = æгадæ
куст – æм + куст = æмгуст
косæг – æм + косæг = æмгосæг

ц–дз: цар – æ + цар = æдзар
цæрæг – æ + цæрæг = æдзæрæг
цæрæн – æм + цæрæн = æмдзæрæн
цо – æм + цо = æмдзо

т–д: тас – æ + тас = æдас
тænæг – æм + тænæг = æмдænæг
тухæ – æ + тухæ = æдухæ
тухæ – æм + тухæ = æмдухæ

ф–в: ф̲æд – æ + ф̲æд = æв̲æд
ф̲æндæ – æм + ф̲æндæ = æмв̲æндæ
ф̲уд – æ + ф̲уд = æв̲уд

Примеры:

1) ***К̲адæбæл ка нæ косуй, е æг̲адæмæ цæуй.*** ‘*Кто не работает над своей славой (честью), тот приходит (идет) в бесславие (бесчестие)*’.

2) ***Ц̲æрæг ци хæдзари нæ фæууй, е æдз̲æрæгæй тагъд æркæлуй.*** ‘*Необитаемый дом, где нет жителей, быстро разрушается*’.

3) ***Æд̲ухæ адæймаг æ т̲ухæ æвдесун уарзуй***. ‘*Бессильный (у которого нет сил) человек любит показывать (демонстрировать) свою силу*’.

4) ***Æв̲удæй ф̲уд иссирдта.*** ‘*Безвинно нашел (себе) неприятность (т.е. оказался без вины виноватым)*’.

СЛОВОСЛОЖЕНИЕ

Как складывать или переводить сложные слова

Сложные слова могут быть образованы из уже известных вам слов. Для того чтобы вы могли распознавать такие слова, вам необходимо иметь представление об образовании сложных слов. Вы уже знакомы с образованием сложных слов с помощью частиц и местоимений. Этот тип словосложения не представляет трудностей в восприятии словообразований, так как они имеют соответствия в русском языке. Но, кроме того, существуют и другие типы словосложения. Некоторые могут легко переводиться.

Например: **сауæрфуг** ‘*чернобровый*’ – из **сау** + **æрфуг**; **саугъæдæ** ‘*чернолесье*’ – из **сау** + **гъæдæ**; **уорсцъарæ** ‘*белокожий*’ – из **уорс** + **цъарæ**; **сурхуадолæ** ‘*краснощекий*’ – из **сурх** + **уадолæ**.

В первой части такого типа словосложения указывается название цвета. Этот тип характерен, как видно по переводам, и для русского языка. Поэтому, зная названия цвета, можно самому складывать новые слова-понятия.

УПРАЖНЕНИЯ

1. ♪ Прочитайте слова в двух столбиках. Выберите из каждой группы по одному слову и, сложив их, образуйте новое слово-понятие и переведите их на русский язык.

Образец: уорс – закъæ: уорсзакъæ ‘*белобородый’.*

уорс	сæр
сау	хелæ
сурх	закъæ
бор	зæрдæ
цъæх	гъæдæ
тар	цæстæ

2. ♪ Прочитайте следующие слова’ Найдите среди них сложные слова и разделите их на части.

Образец: *уорсбауæр:* уорс + бауæр.

уорсбауæр, саудалингæ, уорсой, саусæр, уорсаг, борхелæ, цъæхцæстæ, цъæх-цъæхид, саунæмуг, сурх-сурхид, сурхгомау, сурхцæстæ.

Словосложение с помощью прилагательных

Часто в первой части сложного слова употребляются различные прилагательные, причем в усеченной форме, и выполняют как бы функцию определения существительных, находящихся во второй части слова:

бæзцъарæ ‘*толстокожий*’ – от **бæзгин** ‘толстый’ + **цъарæ** ‘*кожа*’;

тæнцъарæ ‘*тонкокожий*’ – от **тæнæг** ‘тонкий’ + **цъарæ** ‘*кожа*’;

рæувад ‘*быстрый*, *легконогий*’ – от **рæуæг** ‘*легкий’* + **фад** ‘*нога, стопа*’;

рæузæрдæ ‘*легковерный*, *добросердечный*’ – от **рæуæг** ‘*мягкий’* + **зæрдæ** ‘*сердце*’.

Примеры:

1) ***Цидæр бæзцъарæ фæткъу мæмæ æрбахаудтæй.*** ‘*Какое-то толстокожее яблоко мне попалось*’. 2) ***Циргъзунд биццеу разиндтæй.*** ‘(*Он*) *оказался остроумным мальчиком*’. 3) ***Мæ мадæ арæх фæккæнуй тæнцъарæ картофгунтæ.*** ‘*Моя мать часто готовит тонкокожие пироги (с картофельной начинкой)*’.

Если в первой части находится имя существительное, то оно выполняет функцию определения ко второй:

дор ‘*камень*’ + **æвзалу** ‘*уголь*’ – **дорæвзалу** ‘*каменный уголь*’

æфсæн ‘*железо*’ + **дуар** ‘*дверь*’ – **æфсæндуар** ‘*железная дверь*’

гъос ‘*ухо*’ + **цæг** ‘*кольцо*’ – **гъосицæг** ‘*серьга* (букв.: *кольцо для уха*)’

мæйæ ‘*луна*’ + **рохс** ‘*свет*’ – **мæйрохс** ‘*лунный свет*’

къах ‘*нога*’ + **над** ‘*дорога*’ – **къахнад** ‘*тропа*, *тропинка*’

Примеры:

1. Напишите следующие слова по-дигорски:

хлеб, ухо, работай, около, сухо, крик, конь, читай, когда, слава, работа.

2. ☼ Вспомните образование множественного числа. Образуйте от следующих слов множественное число, вспомнив при этом переход *а* и *о* в *æ*:

кард, æвзаг, цалх, хонх, дон, ком, зæронд, бæрзонд, дуар, бон, сахат, къела, кæрон.

3. Образуйте от следующих глаголов в инфинитиве основу прошедшего времени, учитывая при этом чередование гласных:

а–æ: ихалун – ихæлд, æвналун, аразун, исафун;
а–у: æвзарун – æвзурст, æфтаун, ардаун, æстаун;
æ–а: кæсун – каст, хæссун, цæрун, кæлун;
е–и: æхседун – æхсист, ælвесун, резун, æвзедун;
о–у: сорун – сурд, молун, дзорун, корун.

4. ☼ Вспомните правила стяжения и выпадения гласных. Продолжите дальше:

ænæ + æ: ænæ + æвнæлд – ænæвнæлд; æхгæд, æфсес, æмбæлгæ;

ænæ + а: ænæ + амонд – ænамонд; амад, арæзт, аййепп;

приставка (ра-, ба-, ærба-, ни-) + æ: (раæ-, баæ-, ærбаæ-, ниæ-) + æййафун – раййафун, баййафун, ærбаййафун, ниййафун; æхгæнун, æфтаун, ævдесун;

фæ + æ = е: фæ + æмбæлун – фембæлун; ærветун, ærттевун, æхсун.

Слова, которые у вас получились таким способом, переведите на русский язык.

Вы должны помнить, что при образовании основы прошедшего времени глагола от инфитива происходило чередование согласных.

5. Образуйте от следующих глаголов в инфинитиве основу прошедшего времени, учитывая при этом чередование согласных:

дз–гъ: содзун – сугъд; уадзун, садзун, ледзун;

ц–гъ: хинцун – хигъд; доцун.

6. Для выполнения этого упражнения вам необходимо вспомнить правило перехода глухого согласного в звонкий в начале слова после присоединения к ним некоторых приставок.

Образуйте с помощью следующих приставок новые слова и переведите их на русский язык:

æ: æ + цæнхæ – æдзæнхæ; тухæ, кадæ, фæд, куст;

æм, æн: æм + тухæ – æмдухæ; цæрæн, карæ, косæг, фæтæн;

уæл: уæл + куст – уæлгуст; фæндаг, фæд, коммæ;

дæл: дæл + фæндаг – дæлвæндаг, фæзæ, коммæ, фад;

фæс: фæс + фæндаг – фæсвæндаг; фæд, цæгат, цæгъдæн;

раз: раз + фæндаг – развæндаг; фæд, цæуæг.

ЛЕКСИЧЕСКИЕ УПРАЖНЕНИЯ

1. Образуйте от следующих глаголов в инфинитиве основу прошедшего времени:

Образец: косун – куст, …

косун, дзорун, финсун, аразун, амонун, кæнун, дарун, зарун, лух кæнун, дзорун, ахур кæнун, арфæ кæнун, лæвар кæнун, дес кæнун, зæгъун.

2. Переведите следующие слова на русский язык:

ælхæнун, сæрфун, цæун, цæрун, кæнун, молун, цалцæг кæнун, буцæу кæнун, дес кæнун, æнхус кæнун, ниуазун, цумун, дзорун, зæгъун, хæссун, фæрсун, игъал кæнун.

3. Переведите на дигорский и произнесите следующие слова:

понимать, говорить, кричать, показывать, читать, играть, жить, петь, танцевать, забывать, учить, дарить, спорить, покупать, бежать, просить, стоять, сидеть, посылать.

4. Образуйте от следующих слов с помощью вспомогательных глаголов *кæнун*, *ун* **составные глаголы и переведите их:**

ахур, еу, гъæр, иронх, накæ, дес, тæф, цъæх, уорс, сурх, изæр, парахат, пайда, цирагъ, аргъ, кæдзос, æгъдау.

ГРАММАТИЧЕСКИЕ УПРАЖНЕНИЯ

1. Проспрягайте следующие глаголы:

лæдæрун, ахур кæнун, косун, цæун.

2. Замените инфинитив личной формой глагола:

Образец: Исон мах скъоламæ цæуæн.

1) Исон мах скъоламæ (цæуæн). 2) Сувæллæнттæ къозойæй (гъазун) гъæунги. 3) Адæм (æрæмбрд ун) фæзи. 4) Ду ба исон кумæ (цæун)? 5) Æз ахургæнæг (ун), е ба инженер (ун). 6) Е махмæ (гъæр кæнун). 7) Æзинæ сумах ести (бакосун)?

3. Переведите на дигорский язык:

1) Я иду домой. 2) Ты идешь с Зариной. 3) Он идет в кино. 4) Мы идем в университет. 5) Они идут в магазин. 6) Вы идете на работу. 7) Я делаю уроки. 8) Он делает уроки. 9) Мы делаем уроки. 10) Я рабочий. 11) Ты рабочий. 12) Он рабочий. 13) Мы рабочие. 14) Вы рабочие. 15) Они рабочие.

4. Просклоняйте личные местоимения *æз, ду, е, мах, сумах, етæ*.

5. Переведите на дигорский язык:

1) Я работаю на заводе. 2) Меня не приняли на работу. 3) Мне принесли интересную книгу. 4) Ко мне пришел друг. 5) У меня нет такой книги. 6) От меня сбежала собака. 7) Обо мне написали в газете. 8) Подобно мне никто не учится в нашем классе.

6. Замените полные формы личных местоимений краткими формами:

Образец: мæн киунугæ – *мæ киунугæ, …*

мæн киунугæ, дæу киунугæ, уой киунугæ, мах киунугутæ, сумах киунугутæ, уони киунугутæ.

7. Переведите на русский язык:

1) Ду мæ нæ зонис? 2) Ци мин загътай? 3) Нæ мæмæ ес уæхæн киунугæ. 4) Е мæ нæ фæууидта. 5) Е дæ æрбахудта? 6) Æз си неци дæмун. 7) Æзиниккон газзети мæбæл финстонцæ. 8) Ду нæ ку ’рбахудтай ардæмæ. 9) Æз уин радзордзæнæн аргъау. 10) Уæхæн киунугутæ сæмæ нæ адтæй. 11) Цæмæн сæ нæ уадзетæ косун? 12) Мах сæбæл æмдзæвгæ ниффинстан.

8. Переведите на дигорский язык:

1) Сегодня я не учусь. 2) Его не было дома. 3) Ты ничего не делаешь. 4) Он пока не пришел. 5) Мы не были на уроке. 6) Я тебе ничего не должен. 7) Лучше бы ты не опоздал. 8) Так никогда больше не поступай. 9) Ты не сиди здесь. 10) Не разговаривай громко.

9. Переведите на дигорский язык:

1) Эта книга моя. 2) Мне никто ничего не сказал. 3) Ко мне зашел мой товарищ. 4) От меня ничего не услышишь. 5) Я с тобой разговариваю. 6) Они вам ничего не сказали? 7) Подобно мне никто не работает. 8) Со мной не пропадешь. 9) Я слушаю урок. 10) После урока мы пошли домой.

10. Переведите на дигорский язык:

1) Я работаю. 2) Я буду работать. 3) Я работал. 4) Я бы работал (сейчас). 5) Я бы работал (раньше, давно). 6) Я бы работал (потом, в будущем).

РАБОТА С ТЕКСТАМИ

Как правильно переводить текст

Чтобы сделать правильный перевод, надо, прежде всего, правильно понять текст. Для этого необходимо выполнить три основных требования к переводу:

1) разбор текста;

2) его перевод;

3) стилистическую обработку перевода.

Под разбором текста понимается не грамматический анализ предложения, а установление точного значения всех элементов переводимого текста. Не следует начинать перевод текста с первого предложения. Лучше прочтите весь текст внимательно с начала до конца, чтобы уяснить его основное содержание. Отметьте трудные места. Потом перечитайте еще раз первый отрезок (абзац) и проанализируйте внимательно каждое предложение.

Следите, прежде всего, за смыслом высказывания, старайтесь передать его как можно точнее. Не переводите слово за словом: прочтите предложение, уясните себе смысл и передайте его на русском языке согласно правилам русского языка.

Например: **æ сæр батилдта** нельзя переводить как ‘*он покачал свою голову*’, так как покачать чужой головой нельзя и по-русски такое уточнение излишне, хотя в дигорском языке употребление ‘*свою*’ обязательно. Обращайте на такие моменты внимание, так как это даст вам возможность не только правильно перевести предложение, но и лучше понять структуру построения дигорского предложения.

ТЕКСТ

ЗУСТ МÆМÆ МА ДЗОРÆ

Зуст мæмæ ма дзорæ, æнæуой дæр зæрдæсаст дæн. Мæ катаййи гъæр дæумæ нæ фегъусдзæнæй: æз минкъий адæймаг дæн. Тæвдæ рæстæг мæ хораууон баргъон далис нæ бацæудзæнæй æ фæллад исуадзунмæ.

Дæу хораууон фусти дзогæ дæр бацæудзæнæй. Уæд мæн хæццæ цæмæн ерис кæнис? Цæмæн мæ тохæнæй марис?

(*Гадати Лазæр*)

Словарь к тексту

зуст – гневно, сердито
æнæуой – просто, так себе
зæрдæсаст – подавленный
хораууон – в тени
баргъон – подросший
далис – годовалый барашек
фæллад исуадзун – отдохнуть
фус – овца
тæвдæ – жаркий
дзогæ – стадо
ерис кæнун – соревноваться
тохæнæй марун – мучить, терзать

КÆСАЛГÆ АХÆССУН

Æз берæ уарзун кæсалгæ ахæссун. Алли сабати æма хуцаубони дæр рараст ун Ирæфи билæмæ. Рагацау æрцæттæ кæнун, кæсалгæ ахæссунæн цидæриддæр гъæуй, уони. Барæвдзæ кæнун æнгуртæ, æркъахун золкъитæ. Ирæфи билæбæл мин ес зонгæ бунæттæ. Уоми кæсалгæ хуæздæр фæхуæцуй æнгурæбæл. Æнгурæбæл бакæнун золкъæ, багæл-

дзун æй донмæ, æма мæхуæдæг ба къотæри бун æрбадун. Кæсалгæ ку фæххуæцуй, уæд базмæлуй ме ’нгурæ. Фал æз мæ бунатæй нæ фезмæлун. Æнгурæ æнцад ниууадзун æма æнгъæлмæ фæккæсун. Æнгурбос еуварс ку рацæуй, уæдта рæуæг фентъохун æнгури гъелæ. Алли бон дæр æрахæссун еу инсæй кæсалги.

Словарь к тексту

барæвдзæ кæнун – приготавливаю
цидæриддæр гъæуй – все необходимое
зонгæ бунæттæ – знакомые места
æнцад ниууадзун – оставить в покое
æнгъæлмæ кæсун – ждать
кæсалгæ – рыба
ахæссун – ловить
æнгурæ – удочка
æркъахун – выкапываю
золкъæ – червь
рараст ун – отправляюсь
билæ – *здесь* берег (губа)
фæххуæцуй – клюет
багæлдзун – бросаю
къотæр – куст
рагацау – заранее
æрбадун – сажусь
базмæлуй – шевельнулся
фезмæлун – двигаться
æнгурбос – леска
еуварс – в сторону
рæуæг – плавно, мягко
фентъохун – бросаю
æнгури гъелæ – древко удочки
еу инсæй – около двадцати

УРОК 38

УЧИТЕСЬ ВЕСТИ ДИАЛОГ

1. ♪ Выучите слова и выражения к диалогу:

дæ бон хуарз – добрый день
нуртæккæ – сейчас
нур – уже, сейчас
сæйраг – главный
рагæй – давно
фæндараст – до свидания
фæндаг дарун – держать путь
артагдарæн – бензозаправка
рæствæндаг кæнæ – счастливого пути
æхцæуæн мин адтæй – мне было приятно

☺ Дæ бон хуарз, Темур!
☻ Ке бон æй, уой хуарзæнхæ дæ уæд, Кермен!
☺ Куд дæ?
☻ Познæ, неци мин æй. Дæхуæдæг куд дæ?
☺ Познæ, мæнæн дæр неци ’й. Дæ фæндаг кумæ дарис?
☻ Кустмæ цæун. Ду ба кумæ цæуис?
☺ Æз дæр кустмæ цæун.
☻ Кæми косис нуртæккæ?
☺ Скъолай косун, ахургæнæгæй.
☻ Кæци скъолай косис?
☺ Горæти 36-аг скъолай.
☻ Æма уе скъола ба кæци рауæн æй?
☺ Мæскуйаг гъæунгæбæл.
☻ Берæ скъоладзаутæ уæмæ ес?
☺ Гъо, еу 600 скъоладзауемæй фулдæр.
☻ Ацибон дæр косгæ кæнис?
☺ Гъо, алли бон дæр мæмæ уроктæ фæууй.

☻ Мадта цæуæн еумæ, æз дæр сумах æрдигæй косун.
☺ Ци рауæн косис?
☻ Артагдарæни.
☺ Рагæй косис уоми?
☻ Гъо, нур еу фондз анзи.
☺ Артагдарæни ба цæмæй косис?
☻ Нур еу анз администраторæй косун.
☺ Гъæйдæ, Темур, æз ærбахъærттæн. Фæндараст кæнæ! Дæ фæууиндæ мин æхцæуæн адтæй!
☻ Гъæйдæ, Кермен, ду дæр хуарздзийнæдтæбæл æмбæлæ! Мæнæн дæр æхцæуæн адтæй дæ фæууиндæ!

Переведите и выучите диалог. Если у вас нет партнера, запишите слова из одного столбика на диктофон. Диктофон заменит вам собеседника.

2. ♪ Восстановите недостающие предложения в двух вариантах диалога.

1.
☺ Дæ бон хуарз!
☻ _____!
☺ Куд дæ?
☻ _____.

2.
☺ Ке бон æй, уой хуарзæнхæ дæ уæд!
☻ _____ ?
☺ Бознæ, хуарз.
☻ _____ ?

3. С помощью диалога переведите на дигорский язык следующие предложения:

1) Добрый день, Кермен! 2) Как поживаешь? 3) Куда ты идешь? 4) Куда путь держишь? 5) Давно работаешь в школе? 6) До свидания! 7) Счастливого пути!8) Я работаю администратором. 9) А ты где работаешь?

4. Ответьте на следующие приветствия:
– Уæ бон хуарз! –
– Байрайæ! –
– Дæ сæумæ хуарз! –
– Хуæрзбонтæ кæнетæ! –
– Фарнæ уæ хæдзари! –
– Де'зæртæ хуарз! –
– Æнæнезтæ кæнæ! –

☼ **Чтобы выполнить данное задание, вспомните раздел «Формулы приветствий» урока 28.**

☼ **Вспомните, как будет по-дигорски:**

спасибо	на здоровье
будь добр	пожалуйста
благодарствую	извините

5. Выучите слова и выражения к тексту:

зæнхæ – земля
дæрддзæг – расстояние
цæйбæрцæ – сколько
афæйæмбес – полгода
къуæремæ – за неделю
æхсæн – между
хуæдтæхæг – самолет
уой туххæй – для этого
стæхидæ – долетел бы
Хормæ исхъæртун – дойти до Солнца
æнæ 'рлæугæй – без остановки
тундзæг – набирающий (скорость)
багъæудзæнæй – понадобится
стæхидæ – взлетел бы
исхъæртунæн – для достижения
багъæуидæ – понадобилось бы
тæхæг – летящий; летчик
æмдзогæнæг – спутник

ТЕКСТ

КЕ ЦÆЙБÆРЦÆ БАГЪÆУДЗÆНÆЙ

Туристи, Бонæ 30 километри кæци турист цæуй, уой Зæнхæй Мæйи æхсæн дæрддзæг æнæ æрлæугæй фæццæунæн багъæуидæ 40 анзи. Сахатмæ 100 километри тундзæг автомобили ба еци дæрддзæг рацæунæн багъæуидæ афæйæмбес.

Хуæдтæхæг ТУ-104, сахатмæ 900 километры тæхгæй, Мæйæмæ стæхидæ еу-æртæ къуæремæ. Сахатмæ 30 000 километри тæхæг Зæнхи æмдзогæнæг ратæхидæ еци дæрддзæг 15 сахаттемæ.

Мæйæмæ дæрддзæгæй Хори уæнгæ дæрддзæг æй 400 хатти идарддæр. Зæнхæй Хормæ исхъæртунæн туристи багъæуидæ 15 000 анзи, автомобили – 20 анзи, хуæдтæхæг ТУ-104-и – 20 анзи, Зæнхи æмдзогæнæги – 7 мæйи.

(*Гаппуати Х*ъ.)

Работа над текстом

а) ♪ Прочитайте текст выразительно и переведите его.

б) Выпишите отдельно числительные цифрами. После каждого числительного напишите буквами его значение по-дигорски. Для этого вам придется вспомнить числительные из уроков 19 и 29.

в) ♪ Потренируйтесь в чтении отдельных слов:

дæрддзæг
тундзæг
исхъæртун
багъæуидæ
хуæдтæхæг
æмдзогæнæг

6. Ратæлмац кæнетæ дигорон æвзагмæ лæвæрд нимæдзонтæ:

первый, тысяча, сто одиннадцать, девятый, одиннадцатый, триста двадцать восемь, четвертый, тысяча тридцать шесть.

7. ♪ Ратæлмац кæнетæ уруссаг æвзагмæ лæвæрд гъудиæдтæ:

– Дууæ мади, дууæ кизги æма нана æ бæдоли кизги хæццæ æдеугурæй æнцæ æртæ.

– Æртæ? Нæ, æхсæз!

– Нæ, æртæ ’нцæ.

– Нæ, æхсæз æнцæ!

– Сумах, мадта, базонайтæ, цал æнцæ æдеугурæй?

8. ♪ Раттетæ дзуапп фарстатæн, текстæй спайда кæнгæй:

1) Бонæ æртин километри ка цæуй?

2) Цал анзи багъæуидæ туристи Зæнхæй Мæйи æхсæн дæрддзæг рацæунæн?

3) Автомобил сахатмæ цал километри тундзуй?

4) Цæйбæрцæ рæстæгмæ стæхидæ Мæйæмæ хуæдтæхæг ТУ-104?

5) Сахатмæ цал километри тæхуй Зæнхи æмдзогæнæг?

6) Цал хатти идарддæр æй Зæнхæй Хори уæнгæ дæрддзæг Мæйæмæ дæрддзæгæй?

9. С помощью текста дополните пропуски в предложениях:

1) Турист цæуй бонæ _____ километри. 2) Сахатмæ сæдæ километри тундзуй _____. 3) Хуæдтæхæг Мæйæмæ стæхидæ еу _____ къуæремæ. 4) Зæнхи æмдзогæнæг тæхуй еци дæрддзæг сахати. 5) Мæйæмæ дæрддзæгæй Хормæ дæрддзæг æй _____ хатти идарддæр.

ЛЕКСИЧЕСКАЯ РАБОТА

Научитесь пользоваться синонимами

⇨ Запомните значения слов ‘*все*’, ‘*всёе*’ по-дигорски:

алци
алцидæр
еугур
еугурæйдæр
æгасæйдæр
æгасейдæр
æнккæт
æнккæтейдæр
æнкъæт

⇨ Обратите внимание на употребление близких по значению слов:

– Алци зонун хуарз æй. ‘*Всё знать – хорошо*’;

– Алцидæр мæн къохи ’й. ‘*Всё в моих руках*’;

– Æнккæт æмдзæвгæ дæр радзорæ зæрдивæрæй. ‘*Расскажи всё стихотворение наизусть*’;

– «Æнккæтейдæр балхæндзæнæн», – загъта сугъзæрийнæ, – «Æгасейдæр байсдзæнæн», – загъта болат кард. ‘*Всё куплю*’, – *сказало злато*, ‘*всё возьму*’, – *сказал булатный нож*’.

10. Læвæрд гъудиædтæ уруссаг æвзагмæ ратæлмац кæнетæ:

1) Алци берæгъæн дæр нæ тайуй. 2) Хуарз ка ахур кæнуй, е алцидæр зонуй. 3) Æнккæт гъуддæгтæ дæр исаразта. 4) Еугуремæн дæр сæ къохтæ райста.

11. Переведите следующие предложения на дигорский язык:

1) Я знаю всё. 2) Мне надо знать всё. 3) Я рассказал тебе всё. 4) Будешь работать – будешь иметь всё.

12. Переведите следующие предложения на русский язык.

1) Еугур гъуддæгтæ дæумæ нæ хаунцæ. 2) Еугуремæй дæр ацибон хуарз бакустонцæ. 3) Æнккæти фиццаг дæумæ фæдздзордзæнæн. 4) Не ’гасемæй дæр нана хъæбæр фæббоз æй. 5) Уæ еугуремæн дæр фегъосун кодтон.

⇨ **Запомните!** В некоторых случаях слово ‘*всё*’ переводится:

всё равно	*игъаугидæр нæй*
всё-таки	*уæддæр*
всё же	*уæддæр*
всё больше	*фулдæрæй-фулдæр*
всё выше и выше	*бæрзондæй-бæрзонддæр*
всё это	*атæ*

Мне всё равно. ‘*Игъаугидæр мин нæй*’.

Он всё-таки поступил в институт. ‘*Е уæддæр институтмæ бацудæй*’.

Всё же тебе не следовало уходить. ‘*Уæддæр дæ нæ гъудæй рандæ ун*’.

С каждым днем я узнаю всё больше. ‘*Бонæй-бонмæ фулдæрæй-фулдæр базонун*’.

Дерево подрастало всё выше и выше. ‘*Бæласæ бæрзондæй-бæрзонддæр ирæзтæй*’.

Всё это мне ни к чему. ‘*Атæ мæн нецæмæн гъæунцæ*’.

13. Лæвæрд гъудиæдтæ уруссагау ратæлмац кæнетæ:

1) Берæ ин фæдздзурдтон, фал мæмæ е уæддæр нæ байгъуста. 2) Дууæ анзи фæсте Зæринæ уæддæр бацудæй медицинон академимæ. 3) Уæлдай ин нæ адтæй, кæци факультетмæ бацудайдæ, е. 4) Тагъддæрæй тагъддæр уадæй машинæ.

14. Лæвæрд гъудиæдтæ дигоронау ратæлмац кæне-тæ:

1) Всё это надо взять с собой. 2) Ты стал пропускать уроки всё чаще. 3) Ты всё же научилась печь дигорские пироги.

ТЕКСТ

ЗОНУНДЗИЙНÆДТИ ПАЙДА

Адæймаг алци зонунмæ бæллуй. Алци зонун еунæг адæймагæн дæр нæма бантæстæй, фал уомæ ка нæ турнуй, уомæн æгириддæр неци бантæсуй æ царди медæгæ.

Зæронд адæм уотæ фæззæгъиуонцæ, æма, дан, алцидæр Хуцауи къохи æй, фал адæймаг æхуæдæг ку неци архайа, уæд ин Хуцау дæр неци фæййангъос кæндзæнæй. Е, æнæмæнгæ, раст æй. Дзæгъæли нæ фæззæгъунцæ: æнæ бакосгæй кæсал-гæ дæр нæ ниййахæсдзæнæ.

Магоса еудадзуг алли гъуддаги дæр æфсæнттæ агорунцæ. Минкъий æфсон æй ку фæууй, уæд цийфæнди гъуддаг дæр фæууадзуй. Е бонæй бонмæ æ цардæй бонтæ давуй, уомæн æма цард зонундзийнæдти фæрци размæ цæуй. Зонундзийнæдтæ иссеræн ба нæййес æнæ кустæй. Зундгин адæймаг уотæ фæззæгъуй, æма, дан, бонæ нæуæг есть ку нæ базонун, уæд бон фæдздзæгъæли уй, æма мæ цардæй рахауй.

Адæймаг куд фулдæр зонуй, уотæ фулдæр цæруй.

Работа над текстом

а) ♪ Прочитайте текст внимательно и переведите его.

б) ♪ Текст читайте до тех пор, пока не начнете читать его бегло. Желательно на время.

в) ♪ Потренируйтесь в чтении отдельных слов:

æгириддæр
æппундæр
фæззæгъунцæ
дзæгъæли
бахъиамæтгæнгæй
зонундзийнæдтæ

15. ♪ Раттетæ дзуапп фарстатæн, текстæй спайда кæнгæй:

1) Цæмæ бæллуй адæймаг? 2) Зæронд адæм куд фæззæгъунцæ? 3) Кутемæй нæ нийяхæсдзæнæ кæсалгæ? 4) Магоса еудадзуг ци агоруй? 5) Еунæг адæймагæн дæр ци нæ ма бантæстæй? 6) Зундгин адæймаг куд фæззæгъуй?

16. С помощью текста дополните пропуски в предложениях:

1) Адæймаг _____ ку неци архайа, уæд ин неке _____ кæндзæнæй. 2) Зæронд _____ уотæ фæззæгъунцæ. 3) Хуцау дæр _____ нæ фæййангъос кæндзæнæй. 4) Зундгин _____ уотæ фæззæгъуй.

Слова для использования: *æгириддæр, фæййангъос, адæм, магосайæн, лæг.*

17. Лæвæрд гъудиædтæ ратæлмац кæнетæ дигорон æвзагмæ.

1) Человек стремится к знаниям. 2) Кто не стремится к знаниям, тот крадет время у своей жизни. 3) Без труда нельзя приобрести знания.

⇨ Запомните слова:

стремиться турнун, бæллун
знания зонундзийнæдтæ
причинаræуонæ, æфсон
бесспорно æнæмæнгæ
повод æфсон,ræуонæ
приобрести райсун
удасться бантæсун
зря дзæгъæли
красть давун
время рæстæг

18. Переведите текст на дигорский язык.

ЗНАНИЯ – ДВИГАТЕЛЬ ПРОГРЕССА

Стремиться к знаниям – не прихоть человека. Без знаний человек до сих пор находился бы в диком, животном состоянии. Знания к человеку не приходят сами по себе.

Они ему достаются тяжелым трудом. Человек за свою жизнь может построить дом или несколько домов, но знания, с помощью которых он может построить этот дом, копятся многими поколениями.

Нет такой работы, где не нужны знания. Поэтому человек уже не может обходиться без них. Он старается получить хоть какие-то знания. Только тогда он может принести пользу не только себе, но и обществу.

Если бы не было знаний, не было бы в наши дни ни телевизора, ни машин, ни других вещей, без которых мы сегодня не мыслим свою жизнь.

Пояснения к тексту

прихоть – дзæгъæл фæндæ
до сих пор – нури уæнгæ дæр
находился бы – адтайдæ
может – æ бон æй
сами по себе – сæхуæдæг
приходят – æрбацæунцæ
достаются – æрхаунцæ
тяжелым – уæззау
трудом – фæллойни фæрци
обществу – æхсæнадæн
построить – исаразун
с помощью которых – ке фæрци
копятся – æмбурдгонд цæунцæ
в животном состоянии – фонси уавæри
многими – берæ
поколениями – фæлтæрти
не может обходиться – æ бон нæбал æй
старается – архайуй
за свою жизнь – æ цæрæнбонти

Слова и выражения к тексту

уже не может обходиться – æ бон нæбал æй
прогресс – прогресс, размæцуд
хоть какие-то – уæддæр еу ести
не мыслим – *здесь*: не ’нкъарæн
только тогда – æрмæст уæд
двигатель – агайæг
стремиться – турнун, бæллун
состояние – уавæр

19. Лæвæрд дзурдтæ уруссагау ратæлмац кæнетæ.

зунд	зонундзийнадæ	зундгин
зонун	сагъæс	сагъæс кæнун
гъуди	гъудигæнæг	гъуди кæнун

20. Задайте вопросы к следующим предложениям.

Образец: – Адæймаг зонундзийнæдтæмæ турнуй.
– *Цæмæ турнуй адæймаг*?

– Æнæ зонундзийнæдтæй адæймаг сирдти æма фонси хузæн адтайдæ.

– Зонундзийнæдтæ адæймагмæ сæхуæдæг не ’рцæунцæ.

– Берæ зонунæн берæ косун гъæуй.

– Æ цæрæнбонти адæймаг берæ хæдзæрттæ исаразуй.

– Зонундзийнæдтæ берæ фæлтæртæ фембурд кодтонцæ.

– Зонундзийнæдтæ алли кусти дæр гъæунцæ.

– Æнæ зонундзийнæдтæй адæймаги бон нæбал æй цæрун.

– Адæймаг архайуй уæддæр ести зонундзийнæдтæ райсунбæл.

– Адæймагмæ ести зонундзийнадæ ку нæ уа, уæд æхсæнадæн дæр неци пайда æй.

– Зонундзийнæдтæ ку нæ адтайуонцæ, уæд нæ адтайуонцæ телевизортæ дæр æма машинттæ дæр.

УРОК 39

УЧИТЕСЬ ВЕСТИ ДИАЛОГ

☺ Байрайæ, Гаге!

☻ Хуарзæй байрайæ, Бетæ!

☺ Кæми фесафтæ, ку некæцæйбал зиннис?

☻ Ами нæ адтæн, Гаге, еу-æртæ къуæрей.

☺ Æма косгæ нæ кодтай?

☻ Нæ, æнцойуагъди адтæн.

☺ Дæ фæллад ескæми уагътай?

☻ Гъо, денгизи билæбæл адтæн.

☺ Æма си дæ зæрдæмæ фæццудæй?

☻ Гъо, хъæбæр хуарз си адтæй, мæ зæрдæмæ си фæццудæй.

☺ Мадта е æхсидзгон хабар æй, Гаге.

☻ Познæ, Бетæ. Æма дæхуæдæг ба некæми адтæ?

☺ Нæ, косгæ кæнун. Мæнæн ме ’нцойуагъд зумæги уодзæй.

☻ Зумæг дæр хуарз рæстæг æй фæллад исуадзунæн. Æма ескумæ цæуйнаг дæ?

☺ Гъо, æз ба нæхе Дигоргоммæ цæудзæнæн.

☻ Уо, е хуарз бунат æй зумæги фæллад уадзунæн.

☺ Зонун æй, алли анз дæр уордæмæ фæццæун.

☻ Æз дæр, æвæдзи, иннæ анз уордæмæ рандæ уодзæнæн.

☺ Гъæйдæ, Гаге, дзæбæх бал уо нур ба!

☻ Гъæйдæ, Бетæ, дæ салан бераæ!

Пояснения к диалогу

фесафтæ – пропал
къуæре – неделя
æвæдзи – наверное

ænцойуагъд – отпуск
фæллад уадзун – отдыхать
уордæмæ – туда
дзæбæх уо – будь здоров
денгизи билæбæл – на берегу моря
æхсидзгон хабар – приятная новость
зæрдæмæ фæццудæй – понравилось
дæ салан берæ – спасибо, благодарю
уордæмæ фæццæун – (я) туда езжу

1. Задайте к следующим выражениям вопросы:
1) Ами нæ фæуун.
2) Мæ фæллад денгизи билæбæл уагътон.
3) Мæ зæрдæмæ си фæццудæй.
4) Косгæ кæнун.
5) Косгæ нæ ма кæнун.
6) Зумæг дæр хуарз рæстæг æй.

2. Ответьте на вопросы:
1) Кæми адтæ?
2) Косгæ ма кæнис?
3) Дæ фæллад кæми уагътай?
4) Уордæмæ фæццæуис алли анз дæр?
5) Ду ба кумæ цæудзæнæ иннæ анз?

Методические указания

Вы уже овладели материалом основного курса в достаточной мере. Вам необходимо совершенствовать приобретенные навыки и умения. В этом вам поможет использование материалов для устной речи и чтения, с которыми вы будете сталкиваться в дальнейшем на каждом уроке. В них представлены наиболее употребительные разговорные фразы, которые подаются небольшими блоками по ситуациям в разделе **«Разговорник»**. К ним примыкают упражнения для более четкого представления использования тех или иных фраз в разговорной речи, а также закрепления материала.

Изучать материал разговорника необходимо по методу обратного перевода – устного и письменного, с записью на магнитофон или в тетрадь.

Некоторые фразы вам уже хорошо известны по материалам прошлых уроков. Вам необходимо будет их вспомнить. Сочетание повторения пройденного материала с изучением нового поможет глубже понять особенности дигорского языка.

Кроме переводов следует также выполнять упражнения, прилагаемые к разговорнику, даже в том случае, когда вам кажется, что вы владеете данным материалом.

Не забывайте время от времени возвращаться к пройденному материалу для систематического повторения.

Нихасуат	**Разговорник**
Салантæ	***Приветствия***
Дæ бон хуарз!	Добрый день! (Здравствуй!)
Де ’зæртæ хуарз!	Добрый вечер!
Байрайæ!	Здравствуй!
Салам!	Привет!
Салам дæ уæд!	Приветствую тебя!
Берæ косæ!	Здравствуй! Бог в помощь!
Фарнæ уæ хæдзари!	Мир вашему дому!
Фарнæ уæ бадти!	Обилия вашему столу!

☼ **Вспомните: ответы на приветствия в дигорском языке всегда отличаются в зависимости от ситуации.**

3. ♪ Как будут звучать по-русски следующие приветствия и ответы?

1) Дæ бон хуарз, ме ’рдхуард! – Ке бон æй, уой хуарзæнхæ дæ уæд, мæ хæлар! 2) Берæ косæ, Сослан! – Берæ хуæрзтæ дæ уæд, Батраз! 3) Байрайæ, Дадо! Кæцæй фæддæ, кæцæй? – Хуарзæй байрайæ, Ацæмæз, дæу фенунмæ æруадтæн горæтæй. 4) Фарнæ уæ хæдзари, мæ синхонтæ. – Фæрнæйдзаг уо, Бетроз, медæмæ нæмæ рахезæ!

4. Скажите следующие приветствия по-дигорски:

1) Здравствуй, друг мой! – Здравствуй, любезный друг мой! 2) Добрый день, Зарина! – Здравствуй, Сергей! 3) Передай дома всем привет от меня, Борис! 4) Здравствуйте, дети! – Здравствуйте!

5. Восстановите недостающие предложения в двух вариантах диалога.

1.	2.
☺ Дæ бон хуарз!	☺ _____!
☻ _____!	☻ Æгас нæмæ цотæ!?
☺ Байрайетæ!	☺ _____!
☻ _____!	☻ Хуарзæй байрайетæ!
☺ Бераæ косетæ!	☺ _____!
☻ _____!	☻ Бераæ хуæрзтæ уæ уæд!

ТЕКСТ

СИНХОНТÆ

Дигорон адæнмæ уотæ фæззæгъунцæ: «Идард æрвадæй хæстæг синхон хуæздæр æй». Æмæ е, æнæмæнгæ, хъæбæр раст æмбесонд æй. Багъæуаги рæстæг фиццагидæр синхон фæззиннуй. Уогæ, дуйнетæбæл æрвадæ кенæ еу хæстæг дæр кæмæн нæййес, уæхæнттæ бераæ, фал æнæ синхон адæймаг ба нæййес. Уомæ гæсгæ ма дигорон адæнмæ фæззæгъунцæ уотæ дæр: «Хорискастæй лæг æ синхонбæл тагъддæр исæмбæлуй».

Бетан дæр æ синхæнтти хæццæ хъæбæр хуарз цæруй. Уотæ фæззæгъуй еудадзугдæр:

– Хуарз синхонæй, хуарз хæстæгæй уæлдай нæййес.

Уæхæн бон нæ адтæй, Бетан æ синхæнтти кæд нæ рабæрæг кодта. Ацибон дæр бабæй син сæ дуар бахуаста.

– Медæмæ! – Райгъустæй хæдзари хецауи гъæлæс.

Бетан бахизтæй медæмæ. Синхæнтти бийнонтæ бадтæнцæ фингæбæл æма æхсæвæр кодтонцæ.

– Уе ’зæртæ хуарз æма фарнæ уæ бадти!

– Ке изæр æй, уой хуарзæнхæ дæ уæд, æма фæрнæйдзаг уо, Бетан! Медæмæ, рабадæ нæ хæццæ! – дзуапп ин равардта хæдзари хецау.

– Бознæ, Инал, ка бабада, уомæн хæлар уæд, фал мæ бадунмæ нæ евдæлуй. Уой бæсти фæстæдæр æрбауайдзæнæн.

Слова и выражения к тексту

æнæмæнгæ – действительно
æмбесонд – поговорка, пословица
фиццагидæр – в первую очередь
хорискастæй – восход солнца
уæлдай нæй – нет разницы
багъæуаги – в нужде
уогæ – хотя
нæ евдæлуй – некогда
уой бæсти – лучше
еудадзугдæр – постоянно

Работа над текстом

а) ♪ Прочитайте текст внимательно и переведите его.

б) ⇨ Обратите внимание на употребление вводных слов, частиц и приветствий.

в) ⇨ Вам необходимо помнить:

– Когда человек заходит в дом, кабинет и пр., прежде постучавшись, на стук ему отвечают: «**Заходите**» (по-дигорски: «**Медæмæ**!»).

– Когда человек заходит в гости, он приветствует хозяев в зависимости от ситуации. Если они работают, то звучит

приветствие: **«Бераæ косетæ!»** (букв.: ‘*Работайте много*’), что соответствует русскому ‘*Удачи вам!*’, или ‘*Здравствуйте!*’. Если застал их за трапезой, он говорит: **«Фарнæ уæ бадти!»** (букв.: ‘*Обилия на вашем сидении*’)’, что соответствует русскому ‘*Обилия вашему столу!*’ или ‘*Приятного аппетита!*’

– Когда человек заходит в дом первый раз, он произносит: **«Фарнæ уæ хæдзари!»** (букв.: ‘*Счастья вашему дому*’), что соответствует русскому ‘*Счастья вашему дому*!’ или ‘*Мир вашему дому*!’.

6. Læвæрд гъудиæдтæ ратæлмац кæнетæ дигорон æвзагмæ.

1) Дигорцы говорят: близкий сосед лучше далекого рцодича. 2) Это, наверное, бесспорное выражение. 3) Дигорцы еще говорят: утром соседа можно увидеть раньше солнца. 4) Мы со своими соседями живем хорошо. 5) Часто дигорцы говорят, что между хорошим соседом и хорошим родственником нет никакой разницы.

7. Используя текст, продолжите диалог:

☺ Дигорон адæнмæ куд фæззæгъунцæ?

☻ _____.

☺ Бетан куд цæруй æ синхæнтти хæццæ?

☻ _____.

☺ Бетан еудадзугдæр куд фæззæгъуй?

☻ _____.

☺ Уе ’зæртæ хуарз æма фарнæ уæ бадти!

☻ _____.

☺ Медæмæ, Бетан, рабадæ нæ хæццæ!

☻ _____.

8. Задайте к следующим предложениям вопросы:

1. Дигорон адæнмæ уотæ фæззæгъунцæ. – *Куд фæззæгъунцæ дигорон адæнмæ?*

2. Дуйнетæбæл æнæ синхон адæймаг нæййес. – ……?

3. Хорискастæй лæг æ синхонбæл тагъддæр исæмбæлуй. – ……..?

4. Бетан уотæ фæззæгъуй. – ……..?

5. Бетан бахизтæй медæмæ. – ……...?

6. Ка бабада, уомæн хæлар. – ……...?

9. Вместо пропусков вставьте слова из скобок и переведите их на русский язык.

1) Бетан мæ _____ æй. 2) Инал _____ некæд рагъаст кодта. 3) Изæрæй мæ _____ хæццæ арæх фæгъгъазæн шахмæттæй. 4) Мæ машинæ æзинæ мæ _____ равардтон.

(*синхон, синхони, синхонмæ, синхонæй*)

⇨ Запомните, как можно перевести следующие слова:

родич – хæстæг	**еще** – никки дæр ма
наверное – æвæдзи	**часто** – арæх
выражение – нихас	**нет разницы** – уæлдай нæй
утром – сæумæй	**бесспорное** – æнæмæнгæ

ЛЕКСИЧЕСКАЯ РАБОТА

Многозначные слова

Как перевести слово ‘*идти*’ на дигорский язык:

а) *цæун, æрцæун, фæццæун:*

– Сегодня тебе никуда не надо идти? ‘*Абони дæ некумæ цæун гъæуй*?’

– Весна идет. ‘*Уалдзæг æрцæуй*’.

– Два путника лесной тропой идут под утреннею мглой (*Ю. Лермонтов*). ‘*Дуусæ бæлццони гъæди кьахнадбæл фæццæунцæ сæумон фæлми*’.

б) (*проходить*) *цæун, уайун:*

– Идут годы. ‘*Æнзтæ цæунцæ*’.

– Дни идут. ‘*Бæнттæ уайунцæ*’.

в) (*об осадках*) *уарун:*

– Снег идет. ‘*Мет уаруй*’.

– Дождь идет. ‘*Къæвда уаруй*’.

г) (*быть к лицу*) *федаун:*

– Ее новое платье ей очень идет. ‘*Æ нæуæг пъолци ибæл хуарз федауй*’.

– Ему идет, как ишаку седло. ‘*Хæрæгбæл саргъ куд федауй, уотæ ибæл федауй*’.

д) (*расходоваться*) *гъæун, цæун:*

– На костюм идет три метра ткани. ‘*Къæстюмæн æртæ метри гъæуй хъумац*’.

– Из этого отреза ткани получится две рубашки. ‘*Аци хъумаци тунæй рацæудзæнæй дуусæ хæдони*’.

УПРАЖНЕНИЯ

10. Гъудиædтæ ратæлмац кæнетæ уруссаг æвзагмæ.

1) Исон мæ кустмæ цæун гъæуй. 2) Ацибон ци кодтай, ци дæбæл æрцудæй? 3) Ме ’мбæлттæ кустмæ фæццæунцæ, æма мæ уони баййафун гъæуй. 4) Изæрæй кустæй ку исуæгъдæ уай, уæд махбæл рацæудзæнæ. 5) Иннæбон мæ гъæумæ ниууайун гъæуй. 6) Æхсæвæй бонмæ æнæрæнцайгæй мет фæууардта. 7) Дæ туфлитæ дæбæл хуарз федаунцæ.

11. Гъудиædтæ ратæлмац кæнетæ дигорон æвзагмæ.

1) Тебе уже пора идти в школу. 2) Вечером ко мне придут мои друзья. 3) Автобус уходит с вокзала в три часа. 4) Мне сегодня надо зайти в библиотеку. 5) На исправление ошибок у меня уйдет около двух часов. 6) Тебе не к лицу вести такие разговоры. 7) Боль пошла на убыль.

12. ♪ Как будут звучать по-дигорски слова:

утром	вчера	в этом году
вечером	завтра	в прошлом году
ночью	послезавтра	в будущем году
сегодня	позавчера	ежегодно

13. Текст ратæлмац кæнетæ дигоронау.

В этом году шестилетний Ацамаз пойдет в школу. Родители купили ему книги, тетради, ручки, карандаши и красивый портфель. На базаре мама купила ему новый костюм. Костюм ему очень идет. Утром Ацамаз со старшей сестрой идет в магазин покупать альбом. А послезавтра он пойдет в школу.

Школа находится недалеко от дома Ацамаза. Он часто бывал во дворе школы со своим старшим братом. Теперь он сам начнет там учиться.

Слова и выражения к тексту

шестилетний – æхсæзанздзуд
ему очень идет – хуарз ибæл федауй
со старшей сестрой – хестæр хуæри хæццæ
карандаши – къариндæстæ
часто бывал – арæх-еу адтæй
книги – киунугутæ
портфель – пъартвел
родители – нийергутæ
недалеко – ænвахс
послезавтра – иннæбон

УРОК 40

РАЗГОВОРНИК / НИХАСУАТ

Благодарность	***Арфæ***
Спасибо!	Бознæ!
Большое спасибо!	Устур бознæ!
Благодарю Вас!	Арфæ дин кæнун!
Благодарю!	Арфæгонд уо!
Долгих лет жизни тебе!	Дæ цæрæнбон бер æ!
Сердечное вам спасибо!	Зæрдиаг арфæ дин!
Я вам очень благодарен!	Арфиаг ди дæн!
Ответы на благодарность	***Арфæн дзуапп***
Пожалуйста!	Табуафси!
Не за что!	Арфиаг уо!
Извинение	***Хатир***
Извини!	Хатир!
Извините!	Бахатир кæнæ!
Простите, пожалуйста!	Хатир бакæнæ, дæ хуарзæнхæй!
Ради Бога!	Хуцауи хатирæй!
Не обессудьте!	Гулæг дин ма уæд!
Не обижайтесь на меня!	Ма мæмæ фæххæран уо!
Не сердитесь на меня!	Ма мæмæ гъигæ кæнæ!
Ответы на извинение	***Хатирæн дзуапп***
Пожалуйста!	Табуафси!
Ничего!	Неци кæнуй!
Пусть Бог тебя простит!	Хуцау дин ниххатир кæнæд!
Не переживайте об этом!	Уобæл ма тухсæ!

♪ Выучите вежливые обращения в разных ситуациях:

– ***Бафæрсун аййепп ма уæд, хуарз лæхъуæн, базармæ куд цæугæ ’й, уой мин нæ зæгъдзæнæ?***

Не сочтите мой вопрос за дерзость (простите), уважаемый (букв.*: хороший*) *юноша, не скажете, как пройти на базар?*

– ***Хатир бакæнæ, нæ фидихай, тукан æхгæнгæ кæнуй.***

Извините, уважаемый (букв.*: наш отец*), *магазин (уже) закрывается*.

– ***Хатир бакæнæ, дæ хуарзæнхæй, ке райрæги кодтон.***

Извините меня, пожалуйста (букв.*: твое благодеяние*), *что опоздал*.

– ***Хатир бакæнæ, кæд æмбæлуй, уæд ма мин уæртæ еци киунгæ февæрæ.***

Извините, если можно (пожалуйста), дайте мне вон ту книгу.

– ***Гъулæг дæмæ ма фæккæсæд, фал мæ ацибон нæ евдæлуй.***

Не обессудь (букв.: *пусть тебе не покажется обидным*), *но сегодня мне некогда*.

– Табуафси, Гадæр, фингæмæ æрбахæстæг кæнæ!

Пожалуйста, Гадар, садитесь (букв.: *приблизьтесь к столу*) *за стол*!

⇨ Обратите внимание на несоответствие дигорских текстов русским переводам. Это устойчивые выражения, поэтому вы должны их запомнить. Они употребляются в самых разных ситуациях.

ТЕКСТ

ИУАЗÆГУАТИ

Азæмæт исфæндæ кодта иуазæгуати фæццæун Хæзнидони гъæумæ. Æ фидинсувæр уоми цæруй æ бийнонти хæццæ. Фал æ хæстæгутæмæ куд цæугæ ’й, уой нæ зудта. Гъæуи рамбæлдæй еу зæронд уосæбæл æма уой бафарста.

– Хатир бакæнæ, нæ мадихай, бафæрсун аййепп ма уæд, фал Тубетæ кæми цæрунцæ, уой нæ зонис?

– Зонун, мæ хор, зонун.

– Кæд æмбæлуй, уæд ма мин над байамонай, дæ хуарзæнхæй.

Зæронд уосæ ин над байамудта, æма Азæмæт тагъд рæстæги æ хæстæгути дуар бахуаста.

– Медæмæ, – райгъустæй æ фидинсувæри гъæлæс.

Азæмæт бакъахдзæф кодта медæмæ æма сдзурдта: «Æнгъезуй уæмæ? Уе ’зæртæ хуарз æма фарнæ уæ хæдзари!»

– Медæмæ, Азæмæт, иуазæг – Хуцауи иуазæг æй!

Бийнонтæ бацийнæ кодтонцæ Азæмæтбæл, бахудтонцæ ’й медæмæ æма ’й исбадун кодтонцæ иуазæгдони кадгин бунати. Фæфæрститæ ’й кодтонцæ æ бийнонтæй, горæти хабæрттæй.

Пояснения к тексту

иуазæгуати – в гости, в гостях

иуазæгуати фæццæун – отправиться в гости

фидинсувæр – дядя по отцовской линии, брат отца

рамбалдæй – встретил

нæ мадихай – мать, почтительное обращение к пожилой женщине (букв.: часть, доля нашей матери)

бакъахдзæф кодта – шагнул

медæмæ! – (букв.: внутрь) заходите!

иуазæгдони – в гостиной, кунацкой

Работа над текстом

а) Научитесь читать текст выразительно.

б) Переведите текст.

в) Ответьте на вопросы:

– Ци ’сфæндæ кодта Азæмæт?

– Ци нæ зудта Азæмæт?

– Куд бафарста зæронд уоси?

– Ци цæстæнгасæй ракастæнцæ бийнонтæ Азæмæтмæ?

1. С помощью текста переведите следующие предложения на дигорский язык:

1) Азамат решил проведать своего дядю. 2) Он поехал в селение Хазнидон. 3) Он не знал, где живут его родственники. 4) В селе он встретил одну старушку. 5) Простите, вы не знаете, где проживают Тубеевы? 6) Знаю, милый, знаю. 7) Старушка показала Азамату дорогу. 8) Вскоре он постучался в дом своего дяди. 9) Семья дяди очень обрадовалась ему. 10) Они пригласили его в гостиную.

2. С помощью текста переведите диалог.

☻ Простите, пожалуйста, вы не знаете, где Тубеевы живут?

☺ Знаю, мой мальчик, знаю.

☻ Покажите, пожалуйста, мне дорогу, если можно.

☺ Пожалуйста.

☻ Можно к вам?

☺ Заходите, пожалуйста.

☻ Добрый вечер!

☺ Добрый вечер!

☻ Счастья вашему дому!

☺ Спасибо!

☻ Как вы поживаете?

☺ Спасибо, хорошо.

☼ **Вспомните, как надо отвечать на приветствия и пожелания.**

ЛЕКСИЧЕСКАЯ РАБОТА

Многозначные слова

Как переводить слово ‘*как’* **на дигорский язык:**

а) как вопросительное наречие *куд*:

– **Как тебя звать**? *Дæ ном куд хуннуй*?;

б) как восклицательное наречие *куд, цихузæн*:

– **Как я рад**! *Куд æхцæуæн мин æй*!

– **Как ты похудел**! *Цихузæн фудхуз исдæ*!;

в) как относительное наречие *куд*:

– **Я сделал, как ты мне сказал** *Куд мин загътай, уотæ бакодтон*;

г) как сравнительный союз *куд*, *хузæн*; **передается также уподобительным падежом на** *-ау*:

– **Как мимолетное виденье** (*Пушкин*) *Куд æвеппайди цæстæбæл уайæн*.

– **Он побледнел, как полотно** *Рафæлорс æй кæттаги хузæн*.

– **То как зверь она завоет, то заплачет как дитя** (*Пушкин*) *Ку ниннеуй сирдау, ку сувæллонау никкæуй;*

д) как союз *ку, куд, куддæр*:

– **Как соберешься в село, позвони мне** *Гъæумæ ку исцæуйнаг уай, уæд ма мæмæ æрбадзорай*.

– **Как приближался к собаке, его охватывал страх** *Куд хæстæг кодта куймæ, уотæ си тас бацудæй*.

Как приедешь в город, зайди к моей матери *Куддæр схъæртай горæтмæ, уотæ мин мæ мадæмæ бауайай*.

УПРАЖНЕНИЯ

3. Гъудиædтæ ратæлмац кæнетæ уруссагау.

1) *Æз* дæ куд балædæрдтæн, уотемæй ду ахурмæ цæуйнаг нæ дæ? 2) *Æ* хæдзарæмæ куст ка куд исæнхæст кодта, уой ма мин фæууинун кæнетæ. 3) Ци хъæбæр цъумур никкодтай дæ хæдонæ! 4) Дæ фæууиндæ мин куд æхцæуæн

адтæй, уой ку зонисæ! 5) Экзаменттæ куддæр фæууонцæ, уотæ хонхмæ цæудзæнæн. 6) Хатир бакæнæ, аци автобус кумæ цæуй?

4. Гъудиædтæ ратæлмац кæнетæ дигоронау.

1) Как закончатся уроки, пойдем на стадион. 2) Как лучше сделать эту работу? 3) Как только закончишь работу, садись за уроки. 4) Он подпрыгнул на месте, как кенгуру. 5) Я бежал за ним как лошадь.

5. Переведите вопросы и ответьте на них:

– Как ты поживаешь?
– Как твои дела?
– Как пройти на улицу Московская?
– Как сказать по-дигорски «спасибо»?
– Как вы меня поняли?

6. Вместо пропусков вставьте нужные слова из скобок:

1) Хуарз кæнун _____ зонун, уотæ лæгъуз кæнун дæр зонун. 2) Дæ куст _____ не ’сæнхæст кодтай, уæд кумæ цæуис? 3) Рæстæг _____ фæууазал уй, уотæ тæхгæцъеутæ фæттæхунцæ гъар бæститæмæ. 4) Ду _____ зæгъай, уотæ бакæндзæнæн.

(*куддæр, куддæриддæр, куд, ку*)

ТЕКСТ

МЕСТО МОЕЙ РАБОТЫ

Я работаю на заводе «Электроцинк». Нашему заводу больше 100 лет. Завод наш выпускает много различных изделий из цветных металлов. Сырье для нашего завода привозят из Садонских рудников.

У нас работает много народу. В моей бригаде работает 20 человек. Все работают очень хорошо. Никто из них ни-

когда не опаздывает на работу. Все поручения дирекции наша бригада выполняет вовремя.

Место моей работы в литейном цеху. Там бывает жарко даже зимой. Но мне нравится, как плавится металл. Я люблю свою профессию литейщика. На моем рабочем месте всегда бывает чисто, никогда не бывает мусора.

Пояснения к тексту

место работы – косæн бунат
выпускает – *здесь*: уадзуй
различные – аллихузæн
изделия – *здесь*: дзаумæуттæ
цветные металлы – хузгун æзгъæртæ
рудник – æрзæткъахæн
не опаздывает – неке ирæги кæнуй
выполняет – æнхæст кæнуй
мусор – бугътæ
литейщик – æзгъæруадзæг
профессия – професси
литейный цех – æзгъæртайæн цех
жарко – тæвдæ
сырье – хомаг
поручения – байхæсгæндтæ
вовремя – рæстæгбæл

Работа над текстом

а) ♪ Прочитайте внимательно текст. Сделайте дословный перевод, затем составьте предложения по смыслу.

б) Сравните дословный перевод со смысловым.

7. <u>ТЕСТ 1</u>. Из двух вариантов выберите правильный перевод:

1) Я работаю на заводе «Электроцинк».

а) Æз косун заводи «Электроцинк».

б) Æз косун «Электроцинк» заводи.

2) Завод наш выпускает много различных изделий из цветных металлов.

а) Мах завод уадзуй берæ аллихузон дзаумæуттæ хузгун æзгъæртæй.

б) Нæ завод уадзуй берæ аллихузон хузгун æзгъæр дзаумæуттæ.

3) Сырье для нашего завода привозят из Садонских рудников.

а) Хомаг мах заводæн æрбаласунцæ Садойнаг æрзæткъахæнтæй.

б) Нæ заводмæ хомаг æрбаласунцæ Садони æрзæткъахæнтæй.

4) Никто из них никогда не опаздывает на работу.

а) Уонæй кустмæ некæд неке байрæги кæнуй.

б) Неке уонæй некæд нæ байрæги кæнуй кустмæ.

8. С помощью текста ответьте на вопросы:

– Кæми косун æз? – æз косун «Электроцинк» заводи.
– Цал анзи цæуй нæ заводбæл? –
– Нæ заводмæ хомаг кæцæй ласунцæ? –
– Мæ бригади цал адæймаги косуй? –
– Уонæй кустмæ еске байрæги кæнуй? –
– Мæ косæн бунат кæцирауæн æй? –
– Мæ косæн бунат кæдзос фæууй? –

Самодиктант

Лæг кустæй лæг æй. Лæги дарæг куст æй.
Ка нæ косуй, е нæ цæруй. Цард кустæй æй.

Методические указания

Самодиктант имеет огромное значение для более эффективного усвоения языка:

– усиливает внимание к тексту, что позволяет наглядно продемонстрировать правильное написание в результате правильного произношения;

– в процессе письма слова запоминаются не в отдельности, а во фразах, что облегчает задачу усвоения порядка слов в предложениях;

– легче усваивается структура дигорской речи.

Самодиктант не следует сводить к простому переписыванию. Необходимо, детально проработав, перевести текст, учесть все разъяснения и правила. К самодиктанту приступайте только тогда, когда будете понимать все слова и фразы.

Для этого:

– ♪ прочитайте одну фразу не менее 2–3 раз вслух;

– постарайтесь понять точный смысл слов и фразы;

– разобравшись в структуре фразы, напишите ее по памяти, не справляясь в книге;

– если фраза длинная и вам сложно ее запомнить, разделите ее на смысловые части;

– после написания диктанта проверьте его сами, не заглядывая в книгу;

– закончив самостоятельную проверку, сверьте текст с книжным.

Исправив допущенные ошибки, если таковые имелись, повторно напишите те же фразы по той же системе.

Все фразы переписывайте столько раз, сколько понадобится для безошибочного написания.

Развитие речи

9. ♪ Прочитайте скороговорку выразительно на время:

Тала, тала, Туртундек,
Соггæнæ Къæлæбек,

Гадзи халон – Милазон,
Уой дугъуна – къумæлгъос,
Атæ мæмæ æрбайгъосæ:
Мæ еу лæппо – Хаду,
Ме ’ннæ лæппо – Хадæмускъæ.

Слова в скороговорках часто не имеют смысла, поэтому ее не надо переводить. Для вас главное – привыкнуть к произношению определенных сочетаний гласных и согласных звуков в словах.

10. Выучите отрывок стихотворения наизусть. Повторяйте его вслух до тех пор, пока не начнете все слова стихотворения произносить свободно, без напряжения.

ФЕДОГ

Рохсмæ, фæсевæд, тундзетæ,
Рохсмæ цæуетæ æнгом,
Нифс, лæгдзийнадæ уарзетæ,
Скæнтæ муггагмæ стур ном.

Арвмæ мæсуг амайетæ,
Хормæ скæнетæ фæндаг,
Гъæйт, зæрдиуагæй уайетæ,
Догъи ма уотæ фæстаг!

Тари цæфсæд сæребарæ,
Мегъи сорæд æ тунтæй,
Цард мабал уæд гъезæмарæ,
Зæнхæ райзол уæд рунтæй.

Рохсмæ, фæсевæд, тундзетæ,
Рохсмæ цæуетæ æнгом,
Нифс, лæгдзийнадæ уарзетæ,
Скæнтæ муггагмæ стур ном.

(*Геуæрги Малити*)

Попробуйте сделать подстрочный перевод стихотворения, затем сравните дигорский текст с профессиональным переводом.

Пояснения к стихотворению

фæсевæд – молодежь
тундзун – стремиться
æнгом – сплоченно
нифс – отвага
лæгдзийнадæ – *здесь:* честь
муггагмæ – *здесь*: потомкам
гъæйт – *межд.* ну-ка, ну-же
зæрдиуагæй – от души
уайун – *здесь*: устремляться
сорун – *здесь*: рассеивать
гъезæмарæ – страдание
райзол уæд – удалится
рохсмæ – к свету
уарзун – любить
арв – небо
мæсуг – башня
амайун – строить
догъ – скачки
тари – во тьме
цæфсун – гореть
сæребарæ – свобода
мегъæ – туман
тунтæ – лучи
рунтæ – болезни

11. Текст ратæлмац кæнетæ уруссагау.

Рахæссæ дæ цæстæнгас Ираффбæл, Ираффи билтæбæл. Дууердигæй дæр æхгæд æй алли гъæддаг рæзæ бæлæстæй, кæцити буни æрхуссун æввонг лæууй ниллæг, фал бæзгин æма фæлмæн кæрдæг. Бунæй, арф коми, мæстгун сæр-сæргæнгæ ледзуй къæдзтæ-мæдзтæй, хормæ тæмæнтæ калгæй, Ираф (*Д. Мамсурати*).

Пояснения к тексту

дууердигæй – с двух сторон
тæмæнтæ калгæй – искрясь
кæцити буни – под которыми
æрхуссун – прилечь, уснуть
къæдзтæ-мæдзтæй – извиваясь
билтæбæл – по берегам
рахæссæ – окинь
цæстæнгас – взор
рæзæ – плодовый
æввонг – готовый
мæстгун – сердито
сæр-сæргæнгæ – шумя

УРОК 41

РАЗГОВОРНИК / НИХАСУАТ

Цæрæн бунат	***Место жительства***
Кæми цæрис?	Где ты живешь?
Кæми цæретæ?	Где вы живете?
Кæцæй рацæугæ дæ?	Откуда ты родом?
Ду ба кæми цæрис?	А ты где живешь?
Дæхуæдæг ба кæцæй дæ?	А сам ты откуда родом?
Кæци гъæуæй дæ?	Из какого ты села?
Ци гъæуккаг дæ?	Из какого ты села?
Горæти цæрис?	Ты в городе живешь?
Горæтæй дæ?	Ты из города?
Горæттаг дæ?	Ты горожанин?
Горæти ба кæми цæрис?	А в городе где живешь?
Кæци гъæунгæбæл цæрис?	На какой улице живешь?
Дæ нийергути хæццæ цæрис?	Ты живешь со своими родителями?
Нæ, хецæнæй цæрун.	Нет, я живу отдельно.
Фатери цæрис?	Ты живешь в квартире?
Уæ хæдзари цал уæладзуги ес?	Сколько этажей в вашем доме?
Цал уати ес уæ фатери?	Сколько комнат в вашей квартире?
Хецæн хæдзари цæрæн.	Мы живем в частном доме.
Кæцæй æрбаледзгæ дæ?	Откуда ты переехал (сюда)?
Рагæй цæрис горæти?	Давно живешь в городе?
Гъо, еу инсæй анзи.	Да, около двадцати лет.

УПРАЖНЕНИЯ

1. Переведите предложения. С помощью разговорника задайте к ним вопросы.

Образец: Берити Авдиййи бийнонтæ цæрунцæ Дзæуæгигъæуи. – *Кæми цæруници Берити Авдиййи бийнонтæ*?

1) Берити Авдиййи бийнонтæ цæрунцæ Дзæуæгигъæуи. 2) Мæ фидтæлтæ Хонхи Лезгорæй раледзгæ ’нцæ. 3) Мæ фидæ райгурдæй Лескени гъæуи, мæ мадæ ба – Чиколай. 4) Мæ ниййергутæ горæтмæ ислигъдæнцæ еу æртин анзей размæ. 5) Артур рагæй нæбал цæруй æ ниййергути хæццæ. 6) Еу дууæ анзей размæ Дзодзати бийнонтæ райстонцæ нæуæг æртæуатон фатер фарастуæладзугон хæдзари. 7) Арсæг дæр аци анз гъæуама райса нæуæг фатер.

2. С помощью разговорника переведите предложения на дигорский язык:

1) Я не знаю, откуда переехали в город мои родители. 2) Недавно мы получили двухкомнатную квартиру со всеми удобствами. 3) Наша квартира находится на пятом этаже девятиэтажного дома. 4) Мои соседи родом из Дигорского ущелья. 5) Скоро мы переедем в частный дом.

3. Переведите вопросы и ответьте на них на дигорском языке.

1) Откуда родом твои родители? 2) Из какого села приехали твои родители? 3) Как давно живут твои родители в городе? 4) На каком этаже находится ваша квартира? 5) Ты еще с родителями живешь? 6) На какой улице находится ваш дом? 7) А ты сам где живешь?

ТЕКСТ

ДЗÆУÆГИГЪÆУ

Цæгат Ассий берæ горæттæ ес: Дзæуæгигъæу, Алагир, Беслæн, Дигора, Æрæдон, Мæздæг. Фалæ сæ сæйрагдæр æй

Дзæуæгигъæу. Дзæуæгигъæу æй Цæгат Асси-Аланий сæйраг горæт. Дзæуæгигъæуи цæруй еу æртæсæдæ мин адæймагей бæрцæ. Дзæуæгигъæуи ес берæ заводтæ æма аллихузон кустуæттæ, скъолатæ æмæ театртæ, сæйгæдæнттæ æма парктæ. Горæт устур ке ’й, уой туххæй адæм сæ кустмæ фæццæунцæ æхсæнадон транспорттæй. Гъæунгти уайунцæ трамвайтæ, автобустæ æма такситæ. Фæстаг рæстæги Дзæуæгигъæу хъæбæр райрæзтæй. Арæзт си æрцудæй берæ бæрзонд хæдзæрттæ.

Дзæуæгигъæуи цæруй берæ аллихузон адæмихæттитæ: дигорæнттæ, уруссæгтæ, сомехæгтæ, гурдзиæгтæ, грекъæгтæ, тætæйрæгтæ æма æндæртæ. Етæ ардæмæ æрбалигъдæнцæ алли рауæнтæй. Дигорæнттæ хонхæй будурмæ раги ралигъдæнцæ. Будури гъæутæй ба беретæ æрбалигъдæнцæ Дзæуæгигъæумæ. Горæти цæргутæн сæ еугуремæн дæр Дзæуæгигъæу иссæй сæ уарзон еумæйаг хæдзарæ.

Словарь к тексту

Дзæуæгигъæу – Владикавказ
Цæгат Асси – Северная Осетия
арæзт си æрцудæй – было там построено
æрбалигъдæнцæ – переселились, переехали
фæстаг рæстæги – за последнее время
будури гъæутæй – из равнинных сел
адæмихатт – национальность
сæйрагдæр – важнейший
Æрædон – Ардон
кустуат – предприятие
сæйгæдонæ – больница
æма æндæртæ – и другие
сæйраг – главный
райрæзтæй – разросся
еумæйаг – общий
сомехæгтæ – армяне

Работа над текстом

а) ♪ Прочитайте и переведите текст.

б) Разбейте текст на 2–3 части и перескажите каждую часть. Пересказ запишите на магнитофон, затем, прослушав себя, сравните с текстом.

в) Дайте полные ответы на вопросы:

1) Циавæр горæттæ ес Цæгат-Ассий?
2) Дзæуæгигъæу ке сæйраг горæт æй?
3) Дзæуæгигъæуи цитæ ес?
4) Цæбæл фæццæунцæ горæттæгтæ сæ кустмæ?
5) Дигорæнттæ кæцæй ралигъдæнцæ будурмæ?
6) Горæти цæргутæ кæцæй æрбалигъдæнцæ?
7) Будури гъæутæй беретæ кумæ æрбалигъдæнцæ?
8) Дзæуæгигъæу еумæйаг хæдзарæ кæмæн иссæй?

4. С помощью текста переведите следующие предложения на дигорский язык:

1) В Северной Осетии есть много городов. 2) Владикавказ является главным городом Северной Осетии. 3) В городе проживает около трехсот тысяч человек. 4) Во Владикавказе много заводов и предприятий. 5) Горожане на работу ездят на автобусах, трамваях и такси. 6) За последние годы Владикавказ сильно разросся. 7) В городе было построено много высоких зданий. 8) Во Владикавказе проживает много национальностей. 9) Они приехали в город из разных мест. 10) Дигорцы давно переселились из гор на равнину. 11) Из равнинных сел многие переселились в город. 12) Для всех жителей города Владикавказ является родным домом.

5. ♪ Потренируйтесь в чтении следующих слов:

Дзæуæгигъæу	адæмихæттитæ
æрбалигъдæнцæ	сæйгæдæнттæ

ЛЕКСИЧЕСКАЯ РАБОТА

Многозначные слова

Как переводить слово с предлогом ‘*за*’ на дигорский язык:

а) (в значении *позади***) может переводиться или префиксом** *фæс-*, **или послелогами** *фæсте, фæдбæл:*

– Я еще никогда не был за горами. *Фæсхонх некæд ма адтæн.*

– Ребенок побежал за мячом. *Сувæллон кьозой фæтбæл ралигъдæй.*

– Хасан спрятался за дверью. *Хасан æхе дуари фæсте баримахста.*

б) (в значении *около*, *над***) переводится послелогами** *рази*, *цори*, *уæлгъос:*

– Нельзя себя вести за столом неподобающе. *Финги уæлгъос (цори) хе æнæуагæ дарун не ’нгъезуй.*

– Георгий стоял около магазина. *Геуæрги тукани рази лæудтæй.*

в) (в значении *в течение***)** *дæргъи, æндæргъци:*

– За два месяца он ни разу не позвонил *дуукæ мæйей дæргъи (æндæргъци) еунæг хатт дæр не ’рбадзурдта.*

г) (в значении *раньше***)** *раздæр:*

– Зара приехала из села за два дня до начала занятий. *Зарæ гъæуæй ахури райдайæнмæ дуукæ бони раздæр иссудæй.*

д) (в значении *вместо***)** *бæсти:*

– Марат всегда работал за двоих. *Марат алкæддæр дууей бæсти куста.*

е) (для выражения объекта действия) передается направительным падежом на *-мæ* **и местно-внешним падежом на** *-бæл:*

– **Она забыла сходить за водой.** *Донмæ фæццæун æй феронх æй.*

– **Ребенок потянул свою маму за руку в сторону магазина.** *Сувæллон æ мади къохбæл рахуæстæй тукани ’рдæмæ.*

ж) (в значении *по причине, ради***)** *туххæй, фæрци:*

– **За что мне посланы такие испытания**? *Цæй туххæй мин лæвæрд æнцæ ахуæн фудæвзарæнтæ*?

– **Его ценят за ум.** *Æ зунди фæрци (туххæй) ин аргъ кæнунцæ.*

з) в разных сочетаниях переводится по-разному:

– Ни за что! *Неци амалæй! Неци хузи! Нецæй туххæй!*

– Держит камень за пазухой *Æ рони дор даруй.*

– **Год за годом.** *Анзæй анзмæ.*

– **Очередь за тобой.** *Дæу кезу æй.*

Проверка произношения

♪ С помощью этих групп слов вы можете проконтролировать правильность произношения отдельных звуков. Если в каждой группе слов ваше произношение начальных согласных не отличается, значит, вам необходимо потренироваться.

къос (*чашка*)	гъос (*ухо*)
хор (*солнце*)	хъор (*помеха*)
кур (*бугай*)	хъур (*горло*)
хом (*несваренный*)	гъом (*стадо*)
къæбæр (*кусок хлеба*)	хъæбæр (*твердый*)
къолæ (*холм*)	колæ (*озерцо*)
къæмæ (*волосок*)	кæмæ (*у кого*)
къона (*очаг, дом*)	хона (*усл. накл. гл. «хонун»*)
хъаун (*группа*)	хаун (*падать*)
кауæ (*плетень*)	хауæ (*нить, волокно*)
хъан (*воспитанник*)	хан (*хан*)
гъаст (*жалоба*)	хаст (*унесенный*)

ТЕКСТ

ЦИАВÆР АДÆМ ЦАРДÆЙ НАРТИ АГЪОММÆ

Хуцау дуйне ку сфæлдиста, уæд адæм исфæлдесун фæндæ скодта. Хуцауи унаффæмæ гæсгæ зæнхæбæл равзурдæнцæ уадмеритæ. Етæ адтæнцæ ставд æма тухгин адæм, кæмтти цæугæ нæ кодтонцæ, зæнхæн ба уæззау адтæнцæ.

Æртæсæдæ анзи ку рацудæй, уæд уадмерити фæсте Хуцау сфæлдиста кæмбæдати – зундæй дæр, тухæй дæр уадмерити хузæн, фал асæй ба минкъийдæр, раст нури дæсанздзуд сувæллони асæ. Æгæр минкъий разиндтæнцæ кæмбæдатæ зæнхæбæл цæрунæн.

Æртæсæдæ анзи ку рацудæй, уæдта Хуцау скодта гæмерити, фал бабæй етæ дæр æгæр устур разиндтæнцæ асæй дæр æмæ тухæй дæр.

Æртæсæдæ анзи бабæй ку рацудæй, уæдта гæмерити фæсте Хуцау искодта гумерити. Етæ дæр зæнхи аккаг нæ фæцæнцæ.

Æртæсæдæ анзи бабæй ку рацудæй, уæдта гумерити фæсте Хуцау исфæлдиста уæйгути. Етæ дæр ин нæ фæррæстмæ æнцæ, æгæр устур разиндтæнцæ.

Æртæсæдæ анзи бабæй ку рацудæй, уæдта уæйгути фæсте Хуцау искодта нæуæг адæм, нарти, æма ин етæ ба фæррæстмæ æнцæ, асæй дæр æма тухæй дæр зæнхи аккаг адтæнцæ.

(*Нарти кадæнгитæ*)

Пояснения к тексту

исфæлдиста – сотворил
дæсанздзуд – десятилетний
равзурдæнцæ – появились
нæ фæррæстмæ ’нцæ – не удались
унаффæмæ гæсгæ – по велению

аккаг – достойны

сувæллони асæ – ростом (величиной) с ребенка

уадмеритæ, кæмбæдатæ, гæмеритæ, гумеритæ, уæйгутæ – великаны

Работа над текстом

а) ♪ Прочитайте и переведите текст.

б) Разбейте текст на шесть частей и запишите свой пересказ каждой части на магнитофон, затем, прослушав себя, сравните с текстом.

в) С помощью текста ответьте на вопросы:

1) Хуцау ци сфæндæ кодта?
2) Кутемæй равзурдæнцæ уадмеритæ?
3) Цал анзей фæсте исфæлдиста Хуцау гæмерити?
4) Уæйгути фæсте ке исфæлдиста Хуцау?
5) Сæнхи аккаг ка фæцæй Хуцауи исфæлдиститæй?

6. С помощью текста переведите следующие предложения на дигорский язык:

1) После того как Бог сотворил мир, он решил создать людей. 2) Триста лет прошло, и сотворил Бог вслед за гумирами уаигов. 3) Слишком малыми оказались камбадата для жизни на Земле. 4) Не вышли и они под стать Земле. 5) Умом и силой на уадмеров похожие, а ростом невысокие, не выше нынешних десятилетних детей. 6) Но и они оказались слишком велики ростом и силой. 7) В ущельях они не помещались. 8) Были эти люди огромные и сильные. 9) Ростом и силой были под стать земле.

⇨ Запомните выражения:

исфæлдесун фæндæ скодта – решил создать

Хуцауи унаффæмæ гæсгæ – по велению Бога

зæнхæбæл равзурдæнцæ – на земле появились
кæмтти цæугæ нæ кодтонцæ – в ущельях не помещались
асæй ба минкъийдæр – а ростом невысокие (меньше)
асæй разиндтæнцæ – ростом (величиной) получились
зæнхи аккаг адтæнцæ – были под стать земле

ТЕКСТ

ПРОИСХОЖДЕНИЕ НАРТОВ

До нартов на свете жили уадмеры. Уадмеры были огромными людьми. Они не строили дома: думали, что если они будут наклонять головы, переступая через порог дома, то Бог подумает, что они ему кланяются.

Бог очень скоро их уничтожил.

После этого появились уайуги – грубые, сильные, безобразные: у кого было семь голов, у кого – одна голова и один глаз. Жили они в горах, лесах и пещерах.

Когда появились нарты, то они сражались с уайугами и уничтожили их.

Откуда появились нарты, этого кроме Бога никто не знает, но легенды говорят, что они появились со дна моря.

(*Нартские сказания*)

Слова и выражения к тексту

происхождение – равзæрдæ
до нартов – нарти агъоммæ
уничтожил – фесафта
грубый – гурумухъ
пещера – лæгæт
кроме Бога – Хуцауæй æндæр
со дна моря – денгизи бунæй
проходя через порог – къæсæрбæл рахезгæй

появились – равзурдæнцæ
кланяются – *здесь*: ковунцæ
безобразный – фудиндæ
сражались с уайугами – тох кодтонцæ уæйгути хæццæ
легенды говорят – кадæнгитæ дзорунцæ

Работа над текстом

а) ♪ Прочитайте текст внимательно.

б) Выделите незнакомые вам слова и переведите их на дигорский язык.

в) Разбейте текст на три-четыре части и переведите каждую часть в отдельности.

7. <u>ТЕСТ 2</u>. Из двух вариантов выберите наиболее правильный перевод:

1) До нартов на свете жили уадмеры.

а) Агъоммæ нарти дуйнебæл цæрунцæ уадмеритæ.

б) Нарти агъоммæ дуйнебæл цардæнцæ уадмеритæ.

2) Они не строили дома: думали, что если они будут наклонять головы, переступая через порог дома, то Бог, мол, подумает, что они ему кланяются.

а) Етæ хæдзæрттæ нæ араздонцæ, уотæ гъуди кодтонцæ, æма сæ сæртæ ку губур кæнонцæ хæдзари къæсæрбæл хезгæй, уæд, дан, Хуцау рагъуди кæндзæнæй, уомæн ковæн, зæгъгæ.

б) Етæ нæ арæзтонцæ хæдзæрттæ, гъуди кодтоцæ, ци ку етæ кæнонцæ губур сæртæ, хезгæй къæсæрбæл хæдзари, уæд Хуцау, дан, рагъуди кæндзæнæй, ци уомæн ковæн.

3) Бог очень скоро их уничтожил.

а) Хуцау хъæбæр тагъд уони фесафта.

б) Хуцау сæ уайтагъддæр фесафта.

4) После этого появились уаиги.
а) Уой фæсте равзурдæнцæ уæйгутæ.
б) Фæсте уой равзурдæнцæ уæйгутæ.

8. С помощью текста ответьте на вопросы:
1) Циавæр адæм адтæнцæ уадмеритæ?
2) Уадмеритæ цæй туххæй нæ арæзтонцæ хæдзæрттæ?
3) Уæйгути ка фесафта?
4) Кадæнгитæмæ гæсгæ, нартæ кæцæй равзурдæнцæ?



УРОК 42

РАЗГОВОРНИК / НИХАСУАТ

Бийнонтæ	***Семья***
Бийнонтæ дин ес?	У тебя есть семья?
Бийнонгин дæ?	Ты женат (замужем)?
Бийнонгин нæ ма дæ?	Ты еще не женат (замужем)?
Бийнойнаг æрхудтай?	Ты женился?
Уосæ корун.	Жениться.
Лæгмæдзуд силгоймаг.	Замужняя женщина.
Уосгин дæн.	Я женатый.
Идæдзæ уосæ ’й.	Она вдова.
Идæдзæ лæг æй.	Он вдовец.
Ниййергутæ дин ес?	У тебя есть родители?
Мадæ ’ма дин фидæ ес?	У тебя есть мать и отец?
Цæуæт дин ес?	У тебя есть дети?
Цæуæт мин нæййес.	У меня нет детей.
Еунæг биццеу мин ес.	У меня есть один сын.
Еунæг кизгæ мин ес.	У меня есть одна дочь.
Кизгæ ’ма мин биццеу ес.	У меня есть дочь и сын.
Ес мин æнсувæртæ æма хуæртæ.	У меня есть братья и сестры.
Нæ мин ес æнсувæртæ æма хуæртæ.	У меня нет братьев и сестер.
Фидимадæ дин ес?	У тебя есть бабушка (по отцу)?
Мадимадæ дин ес?	У тебя есть бабушка (по матери)?
Мадирвадтæлтæ дин ес?	У тебя есть родственники со стороны матери?

УПРАЖНЕНИЯ

1. Переведите предложения. С помощью разговорника задайте к ним вопросы.

Образец: Уанити Ромик бийнойнаг нæма ’рхудта. – *Уанити Ромик бйинойнаг æрхудта*?

1) Уанити Ромик бийнойнаг нæ ма ’рхудта. 2) Мæ синхонтæ, Уæдатæ, берæ бийнонтæй цæрунцæ. 3) Мæ хестæр æнсувæрæн еу биццеу æма æртæ кизги ес. 4) Мæ кæстæр æнсувæр уосæ нæ ма ракурдта. 5) Ирлан ма æ ниййергути хæццæ цæруй. 6) Мæнæн мадимадæ дæр æма фидимадæ дæр ес. 7) Æзинæ мæ мадирвадтæлтæмæ адтæн.

➔ **На заметку:** словом ***мадирвадтæлтæ*** дигорцы обозначают всех родственников со стороны матери. Родственники же со стороны отца обозначаются словом ***æрвадтæлтæ***.

2. С помощью разговорника переведите предложения на дигорский язык.

1) Мой друг еще не женат. 2) Мы живем большой семьей. 3) У меня есть и бабушка, и дедушка со стороны отца. 4) У моего друга нет братьев и сестер. 5) У моих родителей три сына и две дочери. 6) Наша семья состоит из шести человек: бабушки, дедушки, мамы, папы, брата и сестры.

3. Переведите вопросы и ответьте на них на дигорском языке.

1) Сколько у тебя братьев и сестер? 2) У тебя большая семья? 3) Ты со своими родителями живешь? 4) Как часто ты видишь свою бабушку по матери? 5) Ты еще не вышла замуж? 6) Когда твоя сестра выходит замуж?

ТЕКСТ

ДИГОРОН БИЙНОНТÆ

Раздæр алли дигорон хæдзарæ дæр цардæй берæ бийнонтæй. Берæ бийнонтæ кадгин адтæнцæ. Берæ сувæллæнттæ ци бийнонти адтæй, уони нимадтонцæ амондгунбæл. Нæ фидтæлтæ-еу уотæ дзурдтонцæ:

– Знаги хæдзарæй сувæллони гъæлæс ма райгъусæд!

Сувæллон кæци бийнонти нæ адтæй, уонæй-еу уотæ дзурдтонцæ:

– Ænамонд хæдзарæ, æвæдзи Хуцауи ælгъист æнцæ, æндæр син сувæллони адæ куд нæ бавзарун кæнуй!

Нийиергутæй фæстæмæ ма фидимадæ æма фидифидæ ци бийнонти адтæй, етæ дæр амондгун хæдзарæбæл нимад адтæнцæ. Æма е хумæтæги уотæ нæ нимадтонцæ. Дада æма нана ци бийнонти фæууй, уоми хæдзари гъуддаг дæр хуæздæр фæццæуй. Бийнонтæ дæр кæрæдзей фулдæр фæууарзунцæ, уомæн æма сæ етæ кæрæдзебæл бæттунцæ. Сувæллæнтти гъомбæл кæнун-еу уонæмæ кастæй. Нийиергути ба, цит, нæ евдалдæй берæ куститæй сувæллæнттæ гъомбæл кæнунмæ. Уомæ гæсгæ ба, дада æма нана ци бийнонти нæ адтæй, уоми-еу сувæллæнттæ дигорон адæми фарнæй æма æгъдауæй фæццох æнцæ.

Пояснения к тексту

бийнонтæ – семья
æвæдзи – наверное
нимадтонцæ – считали
амондгун – счастливый
фидтæлтæ – предки
бавзарун – испытать
гъомбæл – воспитание
ænамонд – несчастный
æндæр син – а не то им
фæццох æнцæ – лишились
ælгъист æнцæ – прокляты
нæ евдалдæй – некогда было
кадгин адтæнцæ – были уважаемы
сувæллони адæ – *здесь*: чувство родителя

➔ **На заметку:** слово ***фарнæ*** не имеет точного перевода на русский язык. Оно обозначает все благое, что может дать человеку Бог. В зависимости от контекста ***фарнæ*** может переводиться: ‘*небесная благодать*’, ‘*благополучие*’, ‘*преуспевание*’, ‘*благопристойность*’, ‘*мир, спокойствие*’. Сочетание «***дигорон фарнæ***» в основном употребляется в значении богатства, которым обладает дигорский народ. Но это богатство больше относится к духовной, нежели материальной стороне. Поэтому в контексте нашего рассказа это слово можно перевести как ‘***духовное богатство народа***’.

Работа над текстом

а) ♪ Прочитайте текст внимательно.

б) Выделите незнакомые вам слова и переведите их на русский язык.

в) Разбейте текст на две-три части и переведите каждую часть в отдельности.

г) Дайте полные ответы на вопросы:

1) Куд цардæнцæ раздæр алли дигорон хæдзари дæр?
2) Циавæр бийнонтæ нимадтонцæ амондгунбæл?
3) Куд дзурдтонцæ нæ фидтæлтæ?
4) Ælгъист бийнонтæбæл ке нимадтонцæ?
5) Бийнонти ка бæттуй кæрæдзебæл?
6) Сувæллæтти ка фулдæр гъомбæл кодта?

4. С помощью текста переведите следующие предложения на дигорский язык:

1) В прошлом в каждом дигорском доме жили большие семьи. 2) Большие семьи были в почете. 3) Пусть из дома врага никогда не раздастся крик ребенка! 4) В семьях, где не было бабушки и дедушки, дети были лишены духовного богатства своего народа.

ЛЕКСИЧЕСКАЯ РАБОТА

Многозначные слова

Как переводить союз ‘*и*’ на дигорский язык:

а) (*как соединительный союз*) æма:

– ♪ Прочитайте следующие предложения и перепишите их в тетради: *Бакæсетæ лæвæрд гъудиæдтæ æма сæ уæ тъетрæдтæмæ рафинсетæ.*

б) (*в начале реплики*) гъема:

– И я тоже ему сказал. *Гъема ин æз дæр загътон.*

в) *(в значении опять*) дæр:

– И ты опять опоздал? *Ду дæр бабæй байрæги кодтай?*

г) (*при повторении*) дæр... дæр:

– Сегодня и Ирлан, и Габо закончили работу одновременно. *Ацибон Ирлан дæр, Габо дæр еци еу рæстæгмæ фæцæнцæ куст.*

– И горе, и радость делили пополам. *Масти дæр, цийни дæр еумæ уиуонцæ.*

д) (*в значении*) бæргæ:

– И полетел бы, да нет крыльев. *Бæргæ фаттæхинæ, фал мæбæл базуртæ нæййес.*

е) (*в значении даже*) дæр:

– И на солнце можно обнаружить пятна. *Хорбæл дæр ес цъæрнатæ иссерæн.*

ж) (*в значении именно*) тæккæ уотæ:

– Как я предполагал, так и случилось. *Æз куд гъуди кодтон, тæккæ уотæ рауадæй.*

УПРАЖНЕНИЯ

5. Переведите предложения на дигорский язык.

1) Ветер по морю гуляет и кораблик подгоняет (*А.П.*). 2) И вот настал желанный день. 3) И ты, Хетаг, здесь. Как я тебя не заметил. 4) Как он сказал, так и сделал. 5) И на нашей улице будет праздник. 6) И рад бы пойти с тобой в парк, да времени у меня нет. 7) И в горе и в радости он всегда был рядом. 8) И нет нам покоя.

6. Переведите предложения на русский язык.

1) Ду дæр мæмæ фæккæсæ. 2) Созур дæр æмæ Асан дæр мæ хуарз синхæнттæ æнцæ. 3) Ду мин куддæриддæр байамудтай, тæккæ уотæ ’й исаразтон. 4) Ду дæр мæмæ ку нæбал дзорис! 5) Бæргæ фæцайнæ ацибон мæ косуйнæгтæ, фал мæ багъигæ дардтонцæ. 6) Ду дæр ма ами ку адтайсæ. 7) Гъема дин уой ку дзурдтон.

7. Переведите предложения. Обратите внимание на употребление и перевод союза *æма*:

1) Æма мин ку неци загътай æзинæ. 2) Сæумæй дæмæ бауадтæн хæдзарæмæ æма дæ нæбал баййафтон. 3) Æма, дан, неци фегъустон. 4) Ахур кæнæ, æма царди дессæгтæ базондзæнæ. 5) Денгиз æма арв кæми хецæн кæнунцæ, е бæрæг нæй. 6) Æма сумах ба ма мæ фæдбæл ци рацудайтæ?

Самодиктант

Бийнонтæ кæрæдзей ку уарзонцæ, уæд сæ Хуцау дæр уарзуй. Гъæуæн æгъдау æма хæдзарæн фæткæ ес.

Хуцау æй ралгъиста: æ бийнонти еунæгæй байзадæй.

ТЕКСТ

СИРДОНИ ХÆРÆГ

Еухатт, дан, Сирдонмæ æ синхон хæрæггор бацудæй.

– Дæ хæрæг мин феваерай, Сирдон, – загъта, – кæд ибæл дæхуæдæг неци косис, уæд.

– Уæуу, уой бæсти ба мæ мард ку фæууидтайсæ æма мæмæ минкъий раздæр ку ’рбацудайсæ. Дæ хуæдразæй ибæл нæ биццеу сог ласунмæ рандæ ’й гъæдæмæ.

Еци дзурдтæ куддæр искодта Сирдон, уотæ æ хæрæг скъæтæй ниууаста.

– Ходуйнаг дин нæ ’й, Сирдон, – загъта синхон, – дæ хæрæг скъæти уогæй, æфсон ке кæнис, е?

– Æма ’й цæмæй зонис, скъæти æй, уой?

– Уæртæ ин æ уасун не ’гъосис?

– Нæ, фал æма дæуæн ходуйнаг æй, мæнбæл ка не ’ууæндуй, фал хæрæгбæл ка бауууæндтæй.

(*Нарти кадæнгитæ*)

Слова и выражения к тексту

еухатт – однажды
хæрæг – осёл, ишак
хæрæггор – просить осла
уæуу – *межд.* ой
мард – смерть
дæ хуæдразæй – перед тобой
сог – дрова
ласун – везти
рандæ ’й – отправился
скъæт – стойло
ниууаста – закричал (осел)
ходуйнаг дин нæй – не стыдно тебе
не ’гъосис – не слышишь
нæ, фал æма – наоборот, это
æууæндуй верит
бауууæндтæй поверил

Работа над текстом

а) ♪ Прочитайте текст внимательно.

б) Выделите незнакомые вам слова и переведите их на русский язык.

в) Разбейте текст на две-три части и переведите каждую часть.

г) Дайте полные ответы на вопросы:
1) Сирдонмæ хæрæггор ка бацудæй?
2) Ци ракурдта синхон Сирдонæй?

3) Кумæ рандæ ’й Сирдони хæрæг æ биццеуи хæццæ?
4) Скъæтæй ка ниууаста?
5) Цæмæ ходуйнаг кодта синхон Сирдони?
6) Куд загъта Сирдон æ синхонæн?

8. С помощью текста переведите следующие предложения на дигорский язык.

1) К Сирдону зашел его сосед. 2) Сосед попросил Сирдона одолжить ему осла. 3) Если бы чуть раньше пришел, я бы тебе дал осла. 4) Перед тобой сын мой отправился на осле в лес за дровами. 5) Из стойла раздался крик осла. 6) «Как тебе не стыдно, Сирдон», – сказал ему сосед. 7) Ты не слышишь крик осла? 8) Ты не веришь мне, а веришь ослу.

Самодиктант

Сирдон	хæрæггор
кадæнгитæ	æууæндун
таурæхътæ	бауæндтæй

ТЕКСТ

ВЕРОВАНИЯ ОСЕТИН

Религиозные верования осетин имеют сложную историю происхождения и развития. Сложность исторического развития дигорского народа породила у него целую мозаику религиозных представлений. В прошлом одни исследователи осетин называли христианами, другие – мусульманами, третьи – язычниками. Действительно, дигорский народ до недавнего времени делился на ‘христианскую’ и ‘мусульманскую’ части. Однако в основе религии осетин лежат первобытные верования.

Изучая истоки религиозных верований осетин, нетрудно разглядеть в них пережитки почти всех древних форм религии. Первооснова этих верований лежит в недрах скифо-сарматского мира, из которого происходят сами осетины. Так, академик В.Ф. Миллер писал, что многие архаические черты в религии и быту осетин идут от скифов.

Пояснения к тексту

религиозные – дини
происхождение – равзурдæ
породило – равзурун кодта
в прошлом – раздæр
происходят – равзурдæнцæ
архаические – архаикон
черты – *здесь*: æууæлтæ
язычники – муртаттæгтæ
изучая – ахур кæнгæй
разглядеть – бафеппайун
пережитки – байзайæццæгтæ
верования – урнундзийнæдтæ
целую мозаику – аллихузон
представления – фæлгонцтæ
исследователи – æртасгутæ
христианами – киристæнттæ
мусульманами – пусулмæнттæ
действительно – æцæгæйдæр
в основе религии – дини бундор
первобытные – недзамайнаг
лежит в недрах – хурфи бадуй
скифо-сарматский – скифаг-сæрматаг
осетин(ский) – æссон
сложный – ивазуг
развитие – ирæзт
одни – еуæй-еу
древних – рагон
мир – дуйне
нетрудно – зин нæй
истоки – игурæнтæ
первооснова – бундор

Работа над текстом

9. <u>ТЕСТ 3.</u> Из двух вариантов выберите наиболее правильный перевод:

1) Действительно, осетинский народ до недавнего времени делился на «христианскую» и «мусульманскую» части.

а) Æцæгæйдæр, æссон адæм æрæги уæнгæ дæр ма дех кодтонцæ ‘кристон’ æмæ ‘пусулмон’ хæйттæбæл.

б) Æцæгæйдæр, æссон адæм æрæги рæстæги уæнгæ дех кодтонцæ ‘кристон’ æмæ ‘пусулмон’ хæйттæбæл.

2) Религиозные верования осетин имеют сложную историю происхождения и развития.

а) Æссон адæми дини урнундзийнæдтæн ивазуг равзурдæ æма ирæзти истори ес.

б) Дини урнундзийнæдтæ æссæнттæн ес ивазуг истори равзурд æма ирæзт.

3) Однако в основе религии осетин лежит вера в единого Бога.

а) Фал бундори дин æссон æвæрд æй урнундзийнадæ еунæг Хуцаубæл.

б) Фал æссон адæми дини бундор æвæрд æй еунæг Хуцаубæл урнундзийнадæбæл.

4) Первооснова этих верований лежит в недрах скифо-сарматского мира, из которого происходят сами осетины.

а) Еци урнундзийнæдти разбундор цæуй, æссон адæм сæхуæдæг кæцæй рацæугæ ’нцæ, еци скифти æма сæрмæтти дуйнейæй.

б) Разбундор еци урнундзийнæдти хурфи бадуй скифагсарматаг дуйней, кæцæй рацудæнцæ сæхуæдæг æссæнттæ.

5) Изучая истоки религиозных верований осетин, нетрудно разглядеть в них пережитки почти всех древних форм религии.

а) Æссон адæми дини урнундзийнæдти игурæнтæ ахур кæнгæй си зин нæ ’й бафеппайæн недзамайнаг дини байзайæццæгти еугур хузтæ дæр.

б) Ахур кæнгæй ратæдзæнтæ дини æссæнттæ, зин нæй бафеппайæн уони байзайæццæгти, зæгъæн ес, еугур недзаманон дини хузтæ.

УРОК 43

РАЗГОВОРНИК / НИХАСУАТ

Æвзаг зонун	*Знание языка*
Дигоронау зонис?	Вы умеете по-дигорски?
Дигоронау дзорис?	Вы говорите по-дигорски?
Дигоронау лæдæрис?	Вы понимаете по-дигорски?
Гъо, еу минкъий лæдæрун.	Да, немного понимаю.
Хуарз мæ лæдæрис?	Вы меня хорошо понимаете?
Гъо, дигоронау дæ лæдæрун.	Да, я понимаю (когда говоришь по-дигорски).
Дигоронау кæсун зонис?	Вы умеете читать по-дигорски?
Дигоронау финсун зонис?	Вы умеете писать по-дигорски?
Дигоронау дзорун еу минкъий.	Я немного разговариваю по-дигорски.
Кæсун æма финсун ба нæ зонун.	А читать и писать я не умею.
Дзурдуати хæццæ тæлмац кæнун.	Я перевожу со словарем.
Æнæ дзурдуатæй кæсун.	Без словаря читаю.
Хатир бакæнæ, ци загътай?	Извини, что ты сказал?
Нæ дæ балæдæрдтæн.	Я тебя не понял.
Тæлмацгæнæг дæ гъæуй?	Вам нужен переводчик?
Æвзаг исахур кæнун мæ фæндуй.	Я хочу выучить язык.
Еу хатт ма ’й зæгъай!	Скажите это еще раз!
Хатир бакæнæ, нæ дæ балæдæрдтæн.	Извини, я тебя не понял.

УПРАЖНЕНИЯ

1. Переведите предложения. С помощью разговорника задайте к ним вопросы.

Образец: Дигоронау мæ тæлмацгæнæг нæ гъæуй. – *Дигоронау дæ тæлмацгæнæг гъæуй?*

1) Дигоронау мæ тæлмацгæнæг нæ гъæуй. 2) Æз хъæбæр хуарз зонун дигоронау. 3) Мæ иуазгутæ дигоронау хуарз лæдæрунцæ. 4) Мæ хестæр æнсувæр дигоронау финсун хуарз зонуй. 5) Дигоронау ку фæдздзорунцæ, уæд мæ тæлмацгæнæг нæ фæгъгъæуй. 6) Мæ синхон дигоронау фин-сун дæр æма кæсун дæр хуарз зонуй.

2. С помощью разговорника переведите следующие предложения на дигорский язык:

1) Я хорошо понимаю по-дигорски, и мне не нужен переводчик. 2) Извините, что вы сказали, я вас плохо понял? 3) Нет, я вас плохо понимаю. 4) Да, я хорошо понимаю все, что говорите. 5) Я хочу выучить дигорский язык. 6) Я уже умею разговаривать по-дигорски. 7) Я могу разговаривать по-дигорски, но писать и читать не умею. 8) Да, я тебя очень хорошо понимаю по-дигорски.

3. Переведите вопросы и ответьте на них на дигорском языке.

1) Вы хорошо понимаете по-дигорски? 2) Вы меня хорошо поняли? 3) Вы хотите научиться разговаривать на дигорском языке? 4) Как вы меня поняли?

⇨ Запомните слова:

тæлмац – перевод
дзурдуат – словарь
тæлмацгæнæг – переводчик
тæлмац кæнун – переводить

4. ♪ Переведите и выучите диалог.

Дзорун дигоронау

☺ Хатир бакæнæ, дигоронау лæдæрис?

☻ Гъо, еу минкъий лæдæрун.

☺ Дигоронау финсун æма кæсун ба хуарз зонис?

☻ Нæ, финсун нæ зонун, кæсун ба зонун.

☺ Кæми исахур кодтай дигорон æвзаг?

☻ Мæ зонгæ мæ исахур кодта.

☺ Дигоронау хуарз дзорис.

☻ Бознæ! Дæхуæдæг ба кæми базудтай дигоронау?

☺ Æз скъолай исахур кодтон дигорон æвзаг.

☻ Æмæ дигоронау финсун дæр зонис?

☺ Гъо, финсун дæр æма кæсун дæр хуарз зонун.

☻ Уæ къласи еугурæйдæр дигоронау дзорунцæ?

☺ Нæ, беретæ нæ дзорунцæ.

☻ Лæдæргæ ба кæнунцæ?

☺ Гъо, лæдæргæ алцидæр кæнунцæ.

☻ Мах къласи дæр беретæ зонунцæ дигоронау.

☺ Мах дигорон æвзагбæлл æмдзæвгитæ дæр ахур кæнæн.

☻ Мæнæн ба мæ бон нæ ма ’й æмдзæвгитæ дигоронау ахур кæнун.

☺ Лæдæргæ ба сæ кæнис?

☻ Гъо, лæдæрун сæ.

☺ Хатир бакæнæ, ци загътай?

☻ Лæдæрун сæ, зæгъун.

5. Восстановите недостающие предложения в двух вариантах диалога.

☺ Дигоронау лæдæрис?	☻ _____.
☻ _____.	☺ Гъо, еу минкъий лæдæрун.
☺ Дигоронау финсун зонис?	☻ _____.
☻ _____.	☺ Нæ, финсун нæ зонун.
☺ Дигоронау дзорун зонис?	☻ _____.
☻ _____.	☺ Гъо, дигоронау хуарз дзорун.

6. С помощью диалога переведите предложения:

1) Ты хорошо понимаешь по-дигорски? 2) Извините, но я не понимаю по-дигорски. 3) А где вы сами научились говорить по-дигорски? 4) Я выучил дигорский язык в школе. 5) Дигорскому языку меня научил мой знакомый. 6) В твоем классе все знают дигорский язык?

7. Переведите вопросы на дигорский язык и ответьте на них.

Образец: **–** Вы говорите по-дигорски? – *Гъо, æз дзорун дигоронау*.

– Вы умеете писать по-дигорски? – ....
– Где ты выучил дигорский язык? – ...
– Ты что-нибудь выучил на дигорском языке? – ...
– Что вы учили на дигорском языке? –...
– Извини, что ты сказал? – ...

☼ **Вспомните, как будет по-дигорски:**

учить	разговаривать
переводить	понимать
говорить	уметь
выучить	знать
перевести	

ТЕКСТ

ПЕДАГОГОН КОЛЛЕДЖ

Дзæуæгигъæуи берæ ес уæлдæр ахурадон скъолатæ. Ес си колледжтæ дæр. Сæ еу æй Маркси гъæунгæбæл ци педагогон колледж ес, е. Педагогон колледж раздæр училище хундтæй. Колледжи ес цалдæр факультети. Ахур си кæнунцæ æзиниккон скъоладзаутæ Цæгат Ассий алли гъæутæй. Колледжи ес дууæ бацæттæгæнæн къæпхæни. Фиццаг къæ-

пхæни ахур кæнунцæ, фараст къласи ка фæцæй, уæхæн ахурдзаутæ. Етæ æртæ анзей фæсте раттунцæ фæлварæнтæ. Фæлварæнтæ хуарз ка раттуй, етæ райсунцæ колледжи ахурадæ фæууни тухххæй диплом. Колледж хуарз бæрæггæнæнти хæццæ ка фæууй, етæ идарддæр ахур кæнунмæ бацæунцæ университетмæ.

Колледжи ес райдайæн кълæсти ахургæнгутæ цæттæ кæнæн факультет. Уоми цæттæ кæнунцæ фиццаг къласæй цуппæрæймаг къласи уæнгæ сувæллæнтти ахур кæнæг ахургæнгутæ.

Пояснения к тексту

уæлдæр ахурадон – высшее учебное
уæлдæр ахурадæ – высшее образование
бацæттæгæнæн къæпхæн – ступень подготовки
ахурадæ – образование
бундорбæл – на базе
æзиниккон – вчерашний
фæлварæнтæ – экзамены
фæууй – заканчивает
зонундзийнæдтæ – знания
бæрæггæнæнтæ – отметки
райсунцæ – *здесь*: получают
райсунмæ – для получения

Работа над текстом

а) ♪ Прочитайте текст внимательно.

б) Выделите незнакомые вам слова и переведите их на русский язык.

в) Разбейте текст на две части и переведите каждую часть в отдельности.

г) Дайте полные ответы на вопросы:

1) Дзæуæгигъæуи циавæр ахурадон скъолатæ ес?

2) Раздæр педагогон колледж куд хундтæй?

3) Колледж кæци рауæн æй?

4) Ка си ахур кæнуй?

5) Ахургæнгутæ кæци кълæстæн цæттæ кæнунцæ колледжи?

6) Фæлварæнтæ хуарз ка раттуй, етæ кумæ бацæунцæ?

8. С помощью текста переведите следующие предложения на дигорский язык:

1) Во Владикавказе есть много учебных заведений. 2) Педагогический колледж раньше был училищем. 3) А недавно на базе педагогического училища создали колледж. 4) Колледж находится на улице Карла Маркса. 5) Там учатся вчерашние школьники со всех сел Северной Осетии. 6) В коллежде готовят учителей для начальных классов. 7) Те, кто заканчивает колледж с хорошими отметками, продолжают учебу в университете.

9. Переведите следующие предложения:

1) В коллежде учится много студентов. 2) Студенты нашего коллежда получают образование на разных факультетах. 3) У нас учат и дигорский язык.

⇨ Запомните следующие слова:

фæлварæнтæ – экзамены
къæпхæн – ступень
бæрæггæнæнтæ – отметки
æзиниккон – вчерашний

ЛЕКСИЧЕСКАЯ РАБОТА

Многозначные слова

Как переводить союз ‘*или*’ **на дигорский язык:**
а) ***(в утвердительных оборотах)*** *кенæ, фæнди, е*:

– **Я рассказал тебе все; верь или не верь моим словам, но скоро убедишься в моей правоте.** *Алцидæр дин радзурдтон, æма фæнди бауæндæ мæ дзубандибæл, фæнди ма бауæндæ, фал тагъд бæлвурдæй фæууиндзæнæ, раст кæ адтæн.*

– **Или гора идет к Магомету, или Магомет идет к горе.** *Кенæ хонх æрцæуй Мæхæмæтмæ, кенæ Мæхæмæт фæццæуй хонхмæ.*

– **Или хотя бы дождь пошел.** *Е къæвда ку рауаридæ уæдта.*

б) (*в вопросительных и условных оборотах, а также в разговорной форме в значении разве*) *æви:*

– **Или ты меня не знаешь**? *Æви ду мæн нæ зонис*?

– **Почему ты не пришел, или тебя надо было за руку привести**? *Цæмæннæ 'рбацудтæ, æви дæ дæ кьохбæл хуæцгæй æрбахонун гъудæй*?

– **Почему молчишь, или опять не выучил свой урок.** *Ци нигъгъос дæ, æви бабæй дæ урок не сахур кодтай*?

в) (*в значении* а не то, иначе) *кенæдта:*

– **Уймись, иль худо будет** (*Пушкин*). *Банцайæ, кенæдта дæ гъуддаг хуарз нæ уодзæнæй.*

– **Начни учить уроки, или мне придется позвонить твоим родителям**. *Дæ уроктæ ахур кæнун райдайæ, кенæдта дæ ниййергутæмæ бадзорун багъæудзæнæй.*

УПРАЖНЕНИЯ

10. Переведите предложения на дигорский язык.

1) Или машину, или хотя бы одного путника встретили по дороге. 2) Все ехали в отдаленные села достать или картофель, или муку, или мясо. 3) Я поеду в село или на машине, или на автобусе. 4) Тебе горячий чай налить, или всё равно? 5) Книги можно сдать в библиотеку или сегодня, или завтра.

11. Переведите предложения на русский язык. Обратите внимание на употребление союза *кенæдта:*

1) Рандæ уо хæдзарæмæ, кенæдта дин дæ мадæ фæххилæ кæндзæнæй. 2) Дæ куйбæл хуæцæ, кенæдта ескæбæл фæххуæцдзæнæй. 3) Бауайæ, биццеу, туканмæ, кенæдта си дзол нæбал уодзæнæй. 4) Кенæдта дин ци загъдæ уа! 5) Мæ кинугæ ма мин, дæ хуарзæнхæй, исон, кенæдта иннæбон æрбадавæ.

12. Переведите предложения на русский язык. Обратите внимание на употребление союза *фæнди* и *æндæра:*

1) Æ хæццæ фæнди дзорæ, фæнди ма дзорæ, неци имæ гъаруй. 2) Цонæгъ кенæ уæрдун кæд аэроплан исхæсса Мæс-тинокæмæ, æндæра син иссæуæн нæййес. 3) Æз фæдтæн, фæнди бауæндæ мæ загъдбæл, фæнди ма бауæндæ, мæ-нæн игъаугидæр нæй. 4) Дæ сосæгдзийнæдтæ фæнди Фа-тимæн радзорæ, фæнди сæ телевизорæй радзорæ.

⇨ Запомните следующие слова:

кенæдта – *союз* или, иначе, а не то
фæнди – *союз* или, либо, что
е – *союз* или, либо
æндæра – *союз* или, а то, иначе, впрочем, к тому же
æви – *союз* или, ли, разве
кенæ – *союз* или, либо.

ТЕКСТ

АДÆНТИ ХÆЛАРДЗИЙНÆДТИ УНИВЕРСИТЕТ

Адæнти хæлардзийнæдти университет арæзт æрцудæй мин фараст сæдæ æхсайæймаг анзи фæндзæймаг февралиМæскуй горæти. Анзи фæсте ин лæвæрд æрцудæй Патрис Лумумби ном. Патрис Лумумбæ тох кодта Африкаг адæнти

сæребардзийнадæбæл. Фал æртин еу анзей фæсте ба ин æ ном раййивтонцæ æма абони хуннуй æнæ Патрис Лумумби ном хæсгæй.

Университети ес берæ аллихузи факультеттæ. Ес си филологон факультет дæр, кæми ахур кæнунцæ журналистикæ дæр. Факультети, студенттæ цæмæй хуæздæр зононцæ журналисти куст, уой туххæй си ес æхе телевидени æма радиостуди.

Университети ахур кæнунцæ фæсарæйнаг æвзæгтæ дæр. Ес си берæ аудиторитæ. Еци аудиторитæй еу хæссуй дигорон литературон æвзаги бундорæвæрæг æма курдиатгун поэт Малити Геуæргий ном.

Пояснения к тексту

адæнти хæлардзийнæдти – дружба народов
læвæрд æрцудæй – было присвоено
адæнти сæребардзийнадæбæл – за свободу народов
хуннуй – называется
аллихузи факультеттæ – разные факультеты
цæмæй хуæздæр зононцæ – чтобы лучше знали
фæсарæйнаг æвзæгтæ – иностранные языки
хæссуй – носит
бундорæвæрæг – основоположник
курдиатгун – талантливый

Работа над текстом

13. <u>ТЕСТ 4.</u> Из двух вариантов выберите наиболее правильный перевод:

1) Все студенты факультета с интересом изучают дигорский язык и литературу.

а) Æнккæт студенттæ факультети цæмæдесæй ахур кæнуцæ дигорон æвзаг æмæ литературæ.

б) Факультети æнккæт студенттæ дæр цæмæдесæй ахур кæнунцæ дигорон æвзаг æмæ литературæ.

2) В Российском университете дружбы народов есть разные факультеты.

а) Уæрæсей университети хæлардзийнади адæнти ес аллихузи факультеттæ.

б) Адæнти хæлардзийнæдти Уæрæсей университети ес аллихузи факультеттæ.

3) На филологическом факультете есть свое телевидение и радиостудия.

а) Филологон факультети ес æхе телевидени æма радиостуди.

б) Филологон факультетмæ æхецæн ес телевидени æма радиостуди.

4) В университете учат разные иностранные языки.

а) Университети ахур кæнунцæ фæйнæхузи фæсарæни æвзæгтæ.

б) Университети ахур кæнунцæ аллихузи фæсарæйнаг æвзæгтæ.

УРОК 44

РАЗГОВОРНИК / НИХАСУАТ

Балци	***Поездка***
Исон цæугæ кæнун.	Я уезжаю завтра.
Исон цæун æз.	Я завтра уезжаю.
Кумæ цæуис?	Куда ты идешь (едешь)?
Гъæумæ цæун.	Я в село еду.
Мæскумæ цæун.	Я еду в Москву.
Цæбæл цæудзæнæ?	На чем ты поедешь?
Автобусбæл цотæ?	Вы на автобусе едете?
Автобусæй æви поездæй цæуис?	Автобусом или поездом едешь?
Автобусæй цæудзæнæн.	Я поеду на автобусе.
Билет дæмæ ес?	У тебя (вас) есть билет?
Дæ дзаумæуттæ исрæвдзæ кодтай?	Ты (вы) уже собрал свои вещи?
Цæй аргъ æй билет поездмæ?	Сколько стоит билет на поезд?
Поездмæ билет хъазар уодзæй?	Билет на поезд дорого будет стоить?
Идард дæ цæун гъæуй?	Тебе далеко надо ехать?
Идард цæуис?	Далеко едешь (идешь)?
Цал сахаттемæ нихъхъæртдзæнæ	За сколько часов доедешь?
Фæстæмæ ба кæд иссæудзæнæ?	А когда ты вернешься обратно?

➔ **На заметку:** дигорское слово ***цæун*** может обозначать как ***ехать***, так и ***идти***.

УПРАЖНЕНИЯ

1. Переведите предложения. С помощью разговорника задайте к ним вопросы.

Образец: Исон ме ’нсувæри хæццæ Мæскумæ цæун. – *Исон кумæ цæуис?*

1) Исон ме ’нсувæри хæццæ Мæскумæ цæун. 2) Исон мæ, æвæдзи, поездæй цæун багъæудзæй. 3) Ацибон поездмæ билеттæ фæхъхъазардæр æнцæ. 4) Автобус Лескенмæ дууæ сахатемæ нихъхъæртуй. 5) Иннæбон мæ фæстæмæ иссæун гъæудзæнæй.

2. С помощью разговорника переведите следующие предложения:

1) В субботу мы всей семьей едем в село. 2) Куда ты идешь сегодня вечером? 3) Извините, за сколько часов можно доехать до Нальчика? 4) Сколько стоит билет до Хазнидона? 5) В воскресенье учащиеся нашей школы поедут на экскурсию в горы автобусом. 6) Вам далеко надо ехать? 7) Какой номер автобуса едет до вокзала? 8) Вечером пойдешь на прогулку?

3. Переведите вопросы и ответьте на них.

1) Ты завтра уезжаешь? 2) Когда ты вернешься из Ростова? 3) Билет до Москвы дорого стоит? 4) Ты собрал свои вещи? 5) В Венгрию вы поедете автобусом или поездом? 6) Ты идешь гулять?

⇨ Запомните значения слов:

идти – цæун
пойти – фæццæун
ехать – цæун
поехать – рандæ ун
прогулка – уозер, тезгъо
гулять – тезгъо кæнун, уозер кæнун

ТЕКСТ

ДИГОРИ КОММÆ БАЛЦИ

Цæгат Ассий рæсугъддæр кæмттæй еу æй Дигори ком. Дигори комæн æ дæргъæ æй еу æртин километри. Дигори коммæ балци райдайуй Чиколай гъæуæй. Чикола лæууй Дигори комæй еу инсæй километри дæрддзæф. Чикола æма Дигори коми астæу ма ес дууæ гъæуи – Æхсæрисæр æма Кæлух. Кæлухæй ку рауайай, уæдта исхъæртдзæнæ Æхсинти хедмæ. Дигори ком дæр райдайуй Æхсинтти хедæй.

Æхсинтти хед лæууй Ирæфи дони сæрмæ, коми тæккæ унгæгдæр рауæн. Берæ таурæхътæ байзадæй Æхсинтти хеди туххæй. Æхсинтти хедæй Задæлески уæнгæ над цæуй унгæг комбæл. Нади дууердигæй лæууцæ бæрзонд къæдзæхтæ. Коми арфæй ба надмæ игъусуй Ирæфи дони нæгæ гъæр.

Задæлескæмæ ку схъæртуй над, уæдта ком раурух уй, æма ком æ расугъддзийнадæ бæлццонмæ равдесуй. Фæззиннунцæ хонхи фæхстæбæл зæронд гъæути æма мæсгути ихæлддзæгтæ, бæрзонд цъететæ.

Задæлескæй Мæцути уæнгæ æмбæлунцæ гъæутæ – Хæнæзæ, Нарæ æма Мæцутæ. Мацути ба над дууæ дехи фæууй. Еу над цæуй Стур-Дигорæмæ, иннæ над ба Гæлиатæмæ.

Дигори коми ма берæ гъæутæ ес. Стру-Дигори æрдигæй – Æхсæуæ, Москæ, Дзинагъа, Уодола, Стур-Дигорæ æма Къуссу. Гæлиати æрдигæй ба ес гъæутæ – Мæхческæ, Фæрæскъæттæ, Къаматæ, Уæхъæцæ, Хъалнæгътæ, Фæснæл, Дунтæ, Къæмунтæ, Гæлиатæ.

Дигори коми рæсугъд æрдзæй уæлдай ма си ес берæ историкон æма археологон циртдзæвæнтæ.

Пояснения к тексту

ком – ущелье
Æхсинтти хед – Чертов мост

райдайуй – начинается
таурæхътæ – легенды
дууердигæй – с двух сторон
къæдзæхтæ – скалы
исхъæртдзæнæ – доедешь, дойдешь
нæгæ гъæр – громкий шум
схъæртуй – достигает
дæрддзæф – на удалении, расстояние
мæсгутæ – башни
ихæлддзæгтæ – развалины
цъететæ – ледники
дæргъæ – длина, протяженность
раурух уй – расширяется
циртдзæвæнтæ – памятники
дууæ дехи фæууй – раздваивается
коми арфæй – из глубины ущелья
хонхи фæхстæбæл – на горных склонах
тæккæ унгæгдæр рауæн – самое узкое место

Работа над текстом

а) ♪ Прочитайте текст внимательно.

б) Выделите незнакомые вам слова и переведите их на русский язык.

в) Разбейте текст на несколько частей и переведите каждую часть в отдельности.

г) Дайте полные ответы на вопросы:
1) Циавæр ком æй Дигори ком?
2) Задæлескæ ци рауæн æй?
3) Кæми райдайуй нарæг ком?
4) Циавæр гъæутæ ес Дигори коми?
5) Циавæр циртдзæвæнтæ ес Дигори коми?

4. С помощью текста переведите следующие предложения на дигорский язык:

1) Дигорское ущелье – одно из живописнейших ущелий Северной Осетии. 2) Ущелье протянулось более чем на 30 километров. 3) Путешествие в Дигорское ущелье начинается с села Чикола. 4) Чикола расположен в двадцати километрах от ущелья. 5) В Мацута дорога раздваивается. 6) В Дигорском ущелье много сел. 7) Кроме красивой природы в Дигорском ущелье есть много историко-археологических памятников.

⇨ Запомните перевод слов:

путешествие – балци
поход – балци
поездка – балци
путешествовать – балци цæун
скалы – къæдзæхтæ
ущелье – ком
природа – æрдзæ
горы – хуæнхтæ
село – гъæу
живописнейший – рæсугъддæр

ЛЕКСИЧЕСКАЯ РАБОТА

Многозначные слова

Как переводить предлог ‘*по*’ **на дигорский язык.**

☼ **Вспомните раздел «Послелоги» урока 30.**

а) (*в значении* **на поверхности**) *обычно передается местно-вн. падежом на* ***-бæл*,** а иногда повторением:

– **Путешественники шли по ухабистой дороге.** *Бæлцæнттæ цудæнцæ гургъахъ фæндагбæл.*

– **Дальше мы шли по реке.** *Идарддæр цудан дон-дон.*

б) (*в значении* **согласно, сообразно**) *передается послелогом* ***гæсгæ*** *или отложительным падежом на* ***-æй*****:**

– **По желанию многих.** *Берети фæндонмæ гæсгæ.*

– **Ко мне подошел младший по возрасту.** *Æнзтæй кæстæр мæмæ æрбацудæй.*

в) (*в значении* **вследствие**) *послелогами* ***туххæй, фудæй:***

– **По болезни.** *Нези туххæй.*

– **По недосмотру.** *Зæфци фудæй.*

г) (*в значении* **до**) *передается направительным падежом на* ***-мæ:***

– **Я сыт по горло твоими проделками.** *Мæ хъурмæ дæн дæ миутæй.*

д) (*при числительных*) *при помощи суффиксов* ***-гай***, ***-гæйттæ:***

– **По два.** *Дугай, дугæйттæ.*

– **По три.** *Æртигай, æртигæйттæ.*

е) (*на вопрос* **как**?) *перед уподоб. падежом на* ***-ау:***

– **По-русски.** *Уруссагау.*

– **По-дигорски.** *Дигоронау.*

ж) *имеет значение* **фæйнæ:**

– **Каждому дайте по книге.** *Алкæмæн дæр фæйнæ киунуги раттетæ.*

УПРАЖНЕНИЯ

5. Переведите предложения на дигорский язык.

1) По приказу директора школы уроки будут начинаться в 8 часов утра. 2) Туристы поднимались по скалистой горе. 3) Мальчик повыше ростом взял на руки самого маленького. 4) По-братски разделим или поровну? 5) Раздай всем ученикам по тетради. 6) Лучше раздай всем по две тетради. 7) Вода была ему по пояс.

6. Переведите предложения на русский язык.

1) Зæронд уосæ сувæллæнттæн равардта фæйнæ дууæ къанфетти. 2) Кизгуттæ тукани балхæдтонцæ фæйнæ фондз тъетради. 3) Биццеутæ дæр рандæ ’нцæ туканмæ æма балхæдтонцæ æхсæзгай тъетради. 4) Фæсуроктæ кизгуттæ бафснайдтонцæ фæйнæ къласи.

⇨ Запомните значения послелогов:

фæйнæ – *предлог* по,
фæрци – по, благодаря
фудæй – *предлог* по, из-за, по причине
гæсгæ – по, судя, смотря, согласно

ТЕКСТ

ОЗЕРО БАЙКАЛ

Есть на земле места, прямо скажем, удивительные. К таким удивительным уголкам относится и озеро Байкал. Да и какое это озеро – целое море. Его иначе и не называют местные жители. На его глади могло бы разместиться целое государство, такое, например, как Бельгия. Байкал – самое глубокое озеро в мире. Не всякое море имеет такую глубину – 1741 м. В Балтийском море, например, самая большая глубина – 460 м.

Вода в Байкале прозрачная, но очень холодная. В самые теплые месяцы температура воды не поднимается выше +10°. У берега она, правда, немного теплее, но купаться в такой воде охотников мало.

Однако самое удивительное – это животный и растительный мир Байкала. Каких только подводных растений и рыб не увидишь здесь.

В Байкал втекает 336 рек и ручьев, а вытекает из него одна большая река – Ангара.

Пояснения к тексту

озеро – цадæ
море – денгиз
глубокое – арф
прозрачная – рæсог
купаться – æртайун
удивительные – дессаг
уголки – къумтæ
подводный – дæлдон
глубина – æрфадæ
втекает – кæлуй
например – зæгъæн
у берегов – билгæрæнтти
на его глади – æ лигъзадæбæл
животный мир – цæрæгойти дуйне
растительный мир – зайæгойти дуйне
прямо скажем – раст ку зæгъæн
местные жители – бунæттон цæргутæ
могло бы разместиться – æрбунат кæнидæ
целое государство – æнæгъæнæ паддзахадæ
самые теплые – тæккæ гъардæр

Работа над текстом

7. <u>ТЕСТ 5.</u> Из двух вариантов выберите наиболее правильный перевод:

1) В Байкал впадает 336 рек и ручьев, а вытекает из него одна большая река – Ангара.

а) Байкалмæ кæлуй æртæсæдæ æртин æхсæз цæугæдони æма къада дони, кæлгæ ба си ракæнуй еу устур цæугæдон – Ангара.

б) Байкалмæ кæлуй æртæсæдæ æртин æхсæз устур æма къада цæугæдони, уордигæй ба ракæлуй æрмæст еунæг Ангарай дон.

2) В самые теплые месяцы температура воды не поднимается выше +10°.

а) Дони температурæ тæккæ гъардæр мæйти плюс дæс градусæй бæрзонддæр не схезуй.

б) Тæккæ гъардæр мæйти дони температурæ не схезуй бæрзонддæр плюс дæс градусæй.

3) К таким удивительным уголкам относится и озеро Байкал.

а) Уæхæн дессаг къумтæмæ хауй цадæ Байкал дæр.

б) Уæхæн дессаги къумтæмæ хауй Байкали цадæ дæр.

4) На его глади могло бы разместиться целое государство, такое, например, как Бельгия.

а) Æ лигъзадæбæл æ бон адтайдæ бацæун æнæгъæнæ паддзахадæн, уæхæн, зæгъæн, куд Бельги.

б) Æ лигъзадæбæл æрбунат кæнидæ уæхæн æнæгъæнæ паддзахадæ, куд, зæгъæн, Бельги.

5) Байкал – самое глубокое озеро в мире.

а) Байкал – тæккæ арфдæр цадæ дуйней æй.

б) Байкал тæккæ арфдæр цадæ æй дуйней.

УПРАЖНЕНИЯ

8. Переведите и запомните тексты бесед в различных ситуациях.

БЕСЕДЫ

На улице */ Гъæунги*

– Дæ хуарзæнхæй, рæстæг мин нæ зæгъдзæнæ?

– Хатир бакæнæ, нæ ’й зонун – сахат мæмæ нæййес. Мæнæ дин æй ме ’мбал зæгъдзæй.

– Дæ хуарзæнхæй!

– Нур æй дæс минутти дууадæсæй.

– Познæ.
– Табуафси.

По телефону */ Телефонæй*

– Алло, Цъебойтæ айтæ?
– Гъо, ду ба ка дæ?
– Уе ’зæртæ хуарз! Уанити Раман дæн. Дзего уæхемæ нæй?
– Нæхемæ ’й.
– Кæд æмбæлуй, уæд ма имæ, дæ хуарзæнхæй, фæдздзорай.
– Нуртæккæ, еу минкъий фæллæууæ.
– Алло! Игъосун дæмæ, Раман.
– Дзего дæ? Нæбал дæ базудтон дæ гъæлæсæй.
– Гъæздуг кæндзæнæн.
– Æнæмæнгæ. Куд айтæ æнæуой ба?
– Познæ, неци нин æй. Дæхуæдæг ба куд дæ?
– Познæ, Хуцауи фæрци мæнæн дæр неци ’й.
– Æма ма куд фæррæдудтæ, мæ номир ма мин кутемæй æргъуди кодтай?
– Ами нæ адтæн æма дæмæ уомæ гæсгæ нæ дзурдтон.

9. Переведите текст на дигорский язык.

Большая река насмехалась над маленькими речками, мол, вы слишком маленькие, слабые и без меня вы – ничто. Тогда одна маленькая речка ответила хвастливой большой реке: «Зря ты смеешься над нами. Хотя мы и маленькие, но каждая из нас имеет свою воду. А вот ты без наших вод – ничто. Не было бы нас, не было бы и тебя».

⇨ Запомните значения слов:

река – цæугæдон
слабый – æдухæ, læмæгъ
насмехаться – айуан кæнун
хвастливая – æппæлой
тогда – уæд
ничто – неци
хотя – кæд æма
зря – дзæгъæли

10. Переведите текст на русский язык.

Рæфтæмæ хæстæг арв æрбамбарзтонцæ сау мегътæ. Дæрддзæф ниннæрдтæй æма ферттивта арв. Исистадæй тухгин дунгæ. Бæлæстæ дууердæмæ дзедзрой кæнун райдæдтонцæ. Сæ цъонккитæ-еу сæхе ку размæ фæгубур кодтонцæ, ку ба сæхе фæстæмæ цæхгæр фехстонцæ. Ниллæг сау мегътæ тахтæнцæ гъæди сæрти. Игъустæй къæрццитæ, скъотт, дунги неун, бæлæсти зæнгити къæс-къæс.

⇨ Запомните слова:

рæфтæмæ – к полудню
æрбамбарзтонцæ – заволокли
мегътæ – тучи
дæрддзæф – далеко
ниннæрдтæй – прогремел
ферттивта – сверкнула
зæнгити къæс-къæс – треск стволов
исистадæй – поднялся
дзедзрой кæнун – качаться
цъонккитæ – верхушки
фæггубур кодтонцæ – наклонились
тухгин дунгæ – сильный ветер
къæрццитæ – треск
неун – вой
скъотт – свист
къæс-къæс – треск

УРОК 45

РАЗГОВОРНИК / НИХАСУАТ

Кусти	***На работе***
Кæми косис?	Где ты работаешь?
Дæ куст ци рауæн æй?	Где находится твоя работа?
Дæ хæццæ ма ка косуй?	Кто еще с тобой работает?
Цæмæннæ косис?	Почему не работаешь?
Директор дæмæ дзоруй.	Тебя вызывает директор.
Хецау дæмæ дзоруй.	Тебя вызывает начальник.
Дæ куст фæддæ?	Ты закончил свою работу?
Куст нæ ма фæддæ?	Еще не закончил работу?
Фæддæ куст?	Закончил работу?
Бухгалтерий косун.	Я в бухгалтерии работаю.
Бухгалтерæй косис?	Ты бухгалтером работаешь?
Сæйгæдони косис?	Ты в больнице работаешь?
Ацибон нæ косетæ?	Сегодня вы не работаете?
Ацибон нæ косæн.	Мы сегодня не работаем.
Ацибон нæбал косæн.	Сегодня уже не работаем.
Дæ пълан исæнхæст кодтай?	Ты выполнил свой план?
Ацибон нæмæ æмбурд ес.	Сегодня у нас собрание.
Де ’мкосгути зонис?	Своих сотрудников знаешь?
Е циавæр фирмæ ’й?	Что это за фирма?
Циавæр фирми косис?	На какой фирме работаешь?
Е зундгонд фирмæ ’й.	Это известная фирма.
Куст уæмæ нæййес?	У вас нет работы?
Нуртæккæ нæмæ куст нæййес.	Сейчас у нас нет работы.
Кустмæ нæ цæуис?	Ты не идешь на работу?
Рагæй косис?	Давно работаешь?
Косун æрæги райдæдтон.	Я недавно начал работать.

УПРАЖНЕНИЯ

1. Переведите предложения с помощью разговорника. Задайте к ним вопросы.

Образец: *Æз* Дзæуæгигъæуи вагæнттæ цалцæггæнæн заводи косун. – *Кæми косис*?

1) *Æз* Дзæуæгигъæуи вагæнттæ цалцæггæнæн заводи косун. 2) Мæ куст нæ хæдзарæмæ хæстæг æй. 3) Ме ’мкосгути сæ ’еугурей дæр сæ нæмттæй зонун. 4) Директори хуæдевæгæй æрæги райдæдтон косун. 5) Исон нæмæ фæскуст æмбурд уодзæй. 6) Тагъд æз дæр фæууодзæнæн мæ кустæгтæ.

2. С помощью разговорника переведите предложения на дигорский язык.

1) Если ты закончил свою работу, можешь идти домой. 2) Я в больнице недавно начала работать. 3) Сейчас у нас нет работы, и нас отпустили домой. 4) Ты завтра не идешь на работу? 5) Ты всех знаешь, кто с тобой работает? 6) На какой фирме работает твой отец? 7) Простите, у вас не будет для меня работы?

⇨ Запомните значения слов:

æрæги – недавно
хæстæг – близко
сæйгæдонæ – больница
цæмæннæ – почему не
цалцæггæнæн – ремонтный
æмкосгутæ – сотрудники
хуæдевæг – заместитель
фæскуст – после работы
кустæгтæ – работа, дела
рауагътонцæ – отпустили
циавæр – какой, какая, какое
рагæй – давно
æмбурд – собрание
зундгонд – известный

ТЕКСТ

ЦÆРÆГОЙТИ ХУЗÆ

Бунтон дессаг ба цæрæгойтæн сæ хузæ ’й. Æвæдзи, алкедæр фæууидтайдæ, цард багъæуай кæнуни туххæй куд феййевунцæ цæрæгойтæ сæ хузæ, уой. Кæрдæги медæг ци цъирцъирæгтæ æма æндæр уæхæн листæг цæрæгойтæ ес, етæ кæрдæгау цъæх æнцæ. Бæласи цъараæбæл ка цæруй, етæ ба æнцæ боргомау кенæ гæрæм. Сауфаги зæнгæ æй сурх, æма уоми цæрæнуат ци миститæ искæнунцæ, уонæн дæр сæ хузæ иссурх уй. Беретæ фæууидтайуонцæ тæрхъоси зумæг æма сæрди. Зумæг æ гъун уорс фæууй, сæрди ба – борбун кенæ гæрæм, æ цæрæнбунатмæ гæсгæ.

Уæхæн цæрæгойтæ дæр ес, æма сæ хузæ бонæндæргъци цалдæр хатти ка раййевуй. Зæгъæн, хæмелеон. Е еудадзугдæр æ хузæ раййевæ-баййевæ кæнуй. Бæласи цонгбæл ку фæббадуй, уæд ин фæууй бæласи цъари хузæ, цъæх сифти медæгæ ба – цъæх-цъæхид, æргъæмæ ку ’ргæпп кæнуй, уæдта бор фестуй, зменсæмæ ку бауайуй, уæдта зменсæгъуз фестуй.

Пояснения к тексту

бунтон – совсем
цæрæгой – животное
хузæ – окрас, цвет
еудадзугдæр – постоянно
бонæндæргъци – в течение дня
бæласи цонг – ствол дерева
борбун – желтоватый
сауфагæ – гречиха
феййевунцæ – меняют
цъирцъирагæ – кузнечик
листæг – мелкие
гæрæм – пестрый
зæнгæ – стебель, ствол
тæрхъос – заяц

гъун – шерсть
боргомау – желтоватый
зменсæгъуз – песочный цвет
æргъæ – глина
багъæуай кæнуни туххæй – для защиты
цъæх-цъæхид – ярко-зеленый

Работа над текстом

а) ♪ Прочитайте текст внимательно.

б) Выделите незнакомые вам слова и переведите их на русский язык.

в) Разбейте текст на несколько частей и переведите каждую из них в отдельности.

г) Дайте полные ответы на вопросы:

1) Цæй туххæй раййевунцæ цæрæгойтæ сæ хузæ?

2) Цихузæн фæуунцæ, кæрдæги медæг ци цæрæгойтæ цæруй, етæ?

3) Миститæн циаваер исуй сæ хузæ?

4) Циаваер цæрæгойтæ ма ес?

5) Хæмелеон æргъæмæ ку æргæпп кæнуй, уæд цихузæн исуй?

3. С помощью текста переведите следующие предложения на дигорский язык.

1) А особенно удивителен окрас у животных. 2) Те, которые живут на коре дерева, имеют бурый или пестрый окрас. 3) Есть и такие животные, которые в течение дня меняют свой окрас несколько раз. 4) Кузнечики и другие мелкие животные, живущие в траве, имеют зеленый цвет, подобно траве. 5) Он обычно меняет свой окрас. 6) Когда спрыгивает на глину, он становится желтоватым, подобно глине, а когда забегает в песок, то принимает цвет песка.

4. Переведите на русский язык следующие предложения и словосочетания:

1) Фæззæги бæласи сифтæ сæ хузæ раййевунцæ. 2) Æ хузæ раййивта. 3) Бæхи хузæ. 4) Дæ хузæ мæ зæрдæмæ нæ цæуй.

⇨ **Запомните значения слова *хузæ*:** цвет, окрас; масть; вид, образ; внешность.

ЛЕКСИЧЕСКАЯ РАБОТА

Многозначные слова

Как переводить слово '*душа*' на дигорский язык.

Слово «душа» буквально переводится как ***уд*** или ***зæрдæ,*** но в различных сочетаниях оно может переводиться по-разному, в зависимости от контекста:

– **Душа надеждою полна** (*Пушкин*). *Мæ уод (мæ зæрдæ) нифсæй идзаг æй.*

– **Я и душу свою тебе отдам.** *Мæ уод дæр дин ратдзæнæн.*

– **Душа моя болит за него.** *Мæ зæрдæ ибæл хъæбæр ресуй.*

– **Никогда не забуду добрую душу моей бабушки.** *Некæд феронх уодзæнæн мæ хæларзæрдæ фидимади.*

– **Доброй души ты человек, Феликс.** *Хъæбæр хæларзæрдæ адæгймаг дæ, Феликс.*

– **Поздравляю тебя от всей души, мой друг.** *Зæрдибунæй дин арфæ кæнун, мæ хæлар*!

– **А в душе он был согласен с ним.** *Æ медзæрдæ ба арази адтæй æ хæццæ.*

– **Они жили душа в душу.** *Æмуод-æмзæрдæй цардæнцæ.*

– **На улице не было ни души.** *Гъæунги æзмæлæг дæр нæ адтæй.*

УПРАЖНЕНИЯ

5. Переведите предложения на дигорский язык.

1) Нельзя жить среди людей с черной душой. 2) У тебя душа труса. 3) Нельзя сделать работу хорошо, если за дело не берешься с душой. 4) Старый Дафа и его жена Кена прожили душа в душу, хотя немало испытаний выпало на их долю. 5) Когда Казбек вышел из дома, на улице уже не было ни одной живой души. 6) Он чуть Богу душу не отдал. 7) Мы все поздравили его от всей души.

6. Переведите пословицы на русский язык. Обратите внимание на употребление слова *sæрдæ:*

1) Sæрдæ ку нæ коса, уæд цæстæ хъæрæу æй. 2) Sæрдæ ци sæгъуй, цæстæ дæр уой æй. 3) Sæрдæ цийни бони – уæр, гъигæ бони – дор. 4) Sæрдæ sæрди зонуй. 5) Мæгури sæрдæ ци нæ sæгъуй! 6) Sæрди фагæ цард некæмæн ес. 7) Sæрдæ алцидæр sæгъуй.

